

KOHESI LEKSIKAL KOLOKASI
WONTEN ING RUBRIK CERITA CEKAK
KALAWARTI *DJAKA LODANG* EDISI 03-22 TAUN XLIII
(15 JUNI 2013 - 26 OKTOBER 2013)

SKRIPSI

Dipunaturaken dhumateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Kangge Njangkepi Sarat Pikantuk *Gelar*
Sarjana Pendidikan



Dening:

Rina Cahyaningrum

NIM. 10205244061

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
OKTOBER 2014

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Kohesi Leksikal Kolokasi wonten ing Rubrik Cerita Cekak kalawarti Djaka Lodang Edisi 03-22 Taun XLIII (15 Juni 2013 - 26 Oktober 2013)* menika saged dipunuji awit sampun pikantuk palilah saking pembimbing.



Yogyakarta, 19 September 2014

Pembimbing

A handwritten signature in black ink, appearing to be "Mulyana", written in a cursive style.

Dr. Mulyana, M. Hum

NIP. 19661003 199203 1 002

PANGESAHAN

*Skripsi kanthi irah-irahan Kohesi Leksikal Kolokasi wonten ing
Rubrik Cerita Cekak kalawarti Djaka Lodang Edisi 03-22 Taun XLIII
(15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013) menika sampun dipunandharaken wonten
pendadaran ing sangajengipun dewan penguji rikala tanggal 6 Oktober 2014
saha dipuntetepaken lulus.*

DEWAN PENGUJI

Asma	Jabatan	TapakAsma	Tanggal
1. Dr. Suwardi, M. Hum	KetuaPenguji		15/10 2014
2. Avi Meilawati, S.Pd, M. A	Sekretaris Penguji		15/10 2014
3. Drs. Hardiyanto, M. Hum	Penguji I		14/10 2014
4. Dr. Mulyana, M. Hum.	Penguji II		14/10 2014

Yogyakarta, 15 Oktober 2014.

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,



Prof. Dr. Zamzani, M.Pd.

NIP.19550505 198011 1 001

WEDHARAN

Ingang tandha tangan ing ngandhap menika, kula :

Nama : **Rina Cahyaningrum**

NIM : 10205244061

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Fakultas Bahasa dan Seni

ngandharaken bilih *skripsi* menika minangka asiling panaliten kula piyambak. Samangertos kula, *skripsi* menika boten sami kaliyan ingkang kaserat dening tiyang sanes, kejawi perangan-perangan tartamtu ingkang kula pethik sarana kangge dhasar panyeratan kanthi nggatosaken tata cara saha paugeran panyeratan *skripsi* ingkang umum.

Seratan ing wedharan menika kula serat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukti bilih wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggel jawab kula minangka pribadi.

Yogyakarta, 19 September 2014

Panyerat,



Rina Cahyaningrum

SESANTI

*Bungah susah wis dadi sunahe urip, manungsa mung bias ngronce pepinginan,
ananging pepesthen ana astane sing Maha Wenang.*

(Rejeki ora Bakal Kleru Tibane, Sulistyawati – 2013)

*Bahagia itu sederhana,
sesederhana melihat mereka orang-orang yang kita sayang tersenyum bahagia.*

(Generasi 90an - 2013)

PISUNGSUNG

Kanthi raos syukur dhumateng Allah SWT, skripsi menika kula aturaken dhumateng tiyang sepuh kula Bapak Modrik Santoso saha Ibu Endang Utari ingkang sampun paring panjurung, panyengkuyung saha donga pangestu saengga *skripsi* menika saged paripurna.

PRAWACANA

Puji syukur panyerat aturaken dhumateng Allah SWT ingkang sampun paring rahmat saha hidayahipun, saenggapanyeratsaged ngrampungaken *skripsikanthiirah-irahan “Kohesi Leksikal Kolokasi wonten ing Rubrik Cerita Cekak kalawarti Djaka Lodang Edisi 03-22 Taun XLIII (15 Juni 2013 - 26 Oktober 2013)”* menika saged kaimpun kanthi nir ing sambekala. Skripsi menika kaserat kanggen jangkepi salah satunggaling sarat anggayuh *gelar sarjana pendidikan*.

Panyerat ugi ngaturaken agunging panuwun dhumateng Bapak Dr. Mulyana, M. Hum minangka Dosen Pembimbing *skripsi* ingkang sampun paring panjurung, pamrayogi, panyaruwe, saha bimbingan kanthi sabar saha tulus sadangunipun kula nyerat *skripsi*, satemah *skripsi* menika saged paripurna kanthi sae.

Skripsi menika saged paripurna ugi amargi sampun dipunsengkuyung saking mapinten-pinten *pihak*. Awit saking menika, panyerat ngaturaken agunging panuwun dhumateng:

1. Bapak Prof. Dr. Rochmat Wahab, M.Pd. M. A. minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring wekdal dhateng kula kangge pados ngelmu.
2. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M.Pd. minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring kalodhangan anggen kula nyerat *skripsi* menika.
3. Bapak Dr. Suwardi, M. Hum. Minangka Ketua Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh saha pandom salebeting kula sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
4. Bapak Dr. Purwadi, M. Hum. minangka dosen Penasehat Akademik ingkang sampun paring bimbingan, panyengkuyung, saha panjurungipun sadangunipun kula sinau ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.

5. Bapak Ibu Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh mawarni-warni ing kang murakabi tumrap panyerat.
6. *Staf* karyawan Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah awit saking pambiyantunipun.
7. *Dewan penguji* sedayanipun ingkang sampun paring pitedah saengga anggen kula damel *skripsi* saha ujian saged katampi.
8. Tiyang sepuh kula Bapak Modrik Santoso saha Ibu Endang Utari, rayi kula Deti Rizka Utami saha Ihsan Rosyid Wicaksono sarta sedaya kaluarga awit saking panjurung saha pandonganipun.
9. Kanca-kanca Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah kelas H angkatan 2010, saha sedaya pihak ingkang sampun panjurung saha pandonganipun dhateng panyerat saengga *skripsi* menika saged paripurna kanthi sae.

Skripsi menika temtu kemawon taksih dereng saged kawastanan sae, jangkep menapa malih sampurna. Pramila saking menika sadaya pamrayogi menapa dene panyaruwe saking sedayanipun tansah katampi kanthi bingahing manah saha agunging panuwun. Wasana, kanthi raos andhap asor panyerat gadhah pangajab mugi-mugi skripsi menika saged murakabi tumrap pammaos saha panyerat.

Yogyakarta, 19 September 2014

Panyerat,

Rina Cahyaningrum

DAFTAR ISI

	Kaca
IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
PANGESAHAN	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA	vii
DAFTAR ISI	ix
DAFTAR TABEL	xii
DAFTAR GAMBAR	xiii
DAFTAR LAMPIRAN	xiv
SARINING PANALITEN	xv
BAB I PURWAKA	1
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Prekawis	5
C. Watesaning Prekawis	5
D. Wosing Panaliten	6
E. Ancasing Panaliten.....	6
F. Ginanipun Panaliten.....	7
G. Pangertosan	7
BAB II GEGARAN TEORI	9
A. Wacana.....	9

B. <i>Kohesi</i>	12
C. <i>Kohesi Leksikal Kolokasi</i>	23
1. <i>Pangertosan Kohesi Leksikal Kolokasi</i>	23
2. <i>Jinising Kohesi Leksikal Kolokasi</i>	24
a. <i>Sanding Kata Umum</i>	24
b. <i>Sanding Kata Unik</i>	25
c. <i>Sanding Kata Registrasi</i>	26
d. <i>Sanding Kata Khusus</i>	27
e. <i>Sanding Kata Budaya</i>	29
3. <i>Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi</i>	30
a. <i>Tembung Katrangan ingkang Nerangaken Tembung Kriya</i>	30
b. <i>Tembung Katrangan ingkang Nerangaken Kata Sifat</i>	31
c. <i>Tembung Katrangan ingkang Nerangaken Nomina ingkang minangka Wasesa utawi Predikatif</i>	36
d. <i>Tembung Katrangan ingkang Nerangaken Katrangan wonten ing Ukara</i>	36
e. <i>Tembung Katrangan ingkang Nerangaken Tembung Wilangan</i>	39
D. <i>Cariyos Cekak</i>	41
E. <i>Panaliten Inkang Jumbuh</i>	42
F. <i>Nalaring Pikir</i>	43
BAB III CARA PANALITEN	44
A. <i>Jinising Panaliten</i>	44
B. <i>Data lan Sumbering Data</i>	45
C. <i>Caranipun Ngempalaken Data</i>	45
D. <i>Pirantining Panaliten</i>	46
E. <i>Caranipun Nganalisis Data</i>	48
F. <i>Validitas saha Reliabilitas</i>	50
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN	53
A. <i>Asiling Panaliten</i>	53
B. <i>Pirembagan</i>	56

1. Jinising <i>Kohesi Leksikal Kolokasi</i>	57
a. <i>Sanding Kata Umum</i>	57
b. <i>Sanding Kata Unik</i>	59
c. <i>Sanding Kata Registrasi</i>	62
d. <i>Sanding Kata Khusus</i>	63
e. <i>Sanding Kata Budaya</i>	66
2. Fungsi <i>Kohesi Leksikal Kolokasi</i>	67
a. Tembung Katrangan ingkang Nerangaken Tembung Kriya	67
b. Tembung Katrangan ingkang Nerangaken <i>Kata Sifat</i>	69
c. Tembung Katrangan ingkang Nerangaken <i>Nomina</i> ingkang minangka Wasesa utawi <i>Predikatif</i>	75
d. Tembung Katrangan ingkang Nerangaken Katrangan wonten ing Ukara	76
e. Tembung Katrangan ingkang Nerangaken Tembung Wilangan	81
BAB V PANUTUP	83
A. Dudutan	83
B. <i>Implikasi</i>	84
C. Pamrayogi	85
KAPUSTAKAN	86
LAMPIRAN	90

DAFTAR TABEL

	Kaca
Tabel 1 : Jinis <i>kohesi leksikal kolokasi</i> wonten ing rubrik Cerita Cekak kalawarti Djaka Lodang Edisi 03-22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013)	53
Tabel 2 : Fungsi <i>kohesi leksikal kolokasi</i> wonten ing rubrik Cerita Cekak kalawarti Djaka Lodang Edisi 03-22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013).	54

DAFTAR GAMBAR

	Kaca
Gambar 1 : <i>Format Kartu Analisis Data</i>	47
Gambar 2 : <i>Format Tabel Analisis Data</i>	48

DAFTAR LAMPIRAN

	Kaca
Lampiran 1 : <i>Tabel analisis jinis kohesi leksikal kolokasi saha fungsipun kohesi leksikal kolokasi wonten ing rubrik Cerita Cekak kalawarti Djaka Lodang Edisi 03-22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013)</i>	91

**KOHESI LEKSIKAL KOLOKASI
WONTEN ING RUBRIK CERITA CEKAK
KALAWARTI *DJAKA LODANG* EDISI 03-22 TAUN XLIII
(15 JUNI 2013 - 26 OKTOBER 2013)**

**Dening:
Rina Cahyaningrum
NIM. 10205244061**

SARINING PANALITEN

Panaliten menika dipuntindakaken kanthi ancas kangge ngandharaken *kohesi leksikal kolokasi* wonten ing salebeting cerkak kalawarti *Djaka Lodang* edisi 03-22 taun XLIII (15 Juni 2013 - 26 Oktober 2013). Panaliten menika ngandharaken jinis saha *fungsi kohesi leksikal kolokasi* wonten ing salebeting cerkak kalawarti *Djaka Lodang* edisi 03-22 taun XLIII (15 Juni 2013 - 26 Oktober 2013).

Panaliten menika kalebet jinis panaliten *deskriptif*. Data ing panaliten menika jinis saha *fungsi kohesi leksikal kolokasi* wonten ing salebeting cerkak kalawarti *Djaka Lodang* edisi 03-22 taun XLIII (15 Juni 2013 - 26 Oktober 2013). Sumber *data* panaliten menika cerkak kalawarti *Djaka Lodang* edisi 03-22 taun XLIII (15 Juni 2013 - 26 Oktober 2013). Panaliten menika dipuntliti kanthi *analisis deskriptif*. Teknik anggenipun ngempalaken *data* menika kanthi maos saha nyerat. *Data dipunanalisis* ngangge *teknik deskriptif* inggih menika panaliti ngandharaken jinis saha *fungsi kohesi leksikal kolokasi* wonten ing salebeting cerkak kalawarti *Djaka Lodang* edisi 03-22 taun XLIII (15 Juni 2013 - 26 Oktober 2013). Kangge manggihaken *validitas data* ngginakaken *validitas triangulasi teori, validitas semantik*, saha tetimbangan ahli, lajeng kangge manggihaken *reliabilitas data* ngginakaken ngginakaken *uji reliabilitas stabilitas*.

Asiling panaliten menika ngandharaken jinis saha *fungsi kohesi leksikal kolokasi*. Jinis *kohesi leksikal kolokasi* ingkang dipunpanggihaken ing salebeting cerkak kalawarti *Djaka Lodang* edisi 03-22 taun XLIII (15 Juni 2013 - 26 Oktober 2013) inggih menika (a) *kolokasi umum*, (b) *kolokasi unik*, (c) *kolokasi register*, (d) *kolokasi khusus*, (e) *kolokasi budaya*. Wondene *fungsi kohesi leksikal kolokasi* ingkang dipunpanggihaken ing salebeting cerkak kalawarti *Djaka Lodang* edisi 03-22 taun XLIII (15 Juni 2013 - 26 Oktober 2013) ginanipun kangge nerangaken wosing ukara menapa dene paring informasi ingkang terkandung wonten ing ukara menika. Sedaya menika nggayutaken *teks* kaliyan *konteks* ukaranipun saengga nuwuhaken makna ukaranipun cetha saha wetah.

BAB I PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Wacana inggih menika perangan basa ingkang strukturipun paling jangkep, menawi dipuntingali wonten ing tataraning basa kalebet perangan ingkang paling inggil. Perangan basa menawi dipunurutaken saking tataraning basa ingkang paling alit inggih menika *fonem*, *morfem*, *tembung*, *frase*, *klausa*, *ukara*, *lajeng wacana*. Wacana ingkang sae menika kadhapuk saking ukara-ukara ingkang *kohesif*. Wacana menawi dipuntingali saking wujudipun menika ngemot *koherensi* kaliyan *kohesi* ingkang sesambetan saking purwaka dumugi pungkasan.

Ukara setunggal kaliyan ukara sanesipun ing salebeting wacana boten saged uwal utawi wonten sambet rapetipun. Sambet rapetipun ukara menika saged dipuntingali saking perangan *gramatikal* kaliyan perangan *leksikal*. Perangan *gramatikal* ing salebeting wacana saged dipuntingali kanthi panganggening *kohesi*. Inggih dipunwastani *kohesi* inggih menika perangan ingkang ndadosaken larasing perangan-perangan antawisipun ukara setunggal kaliyan ukara sanesipun ing salebeting wacana. *Kohesi* menika dipunperang dados kalih jenis inggih menika *kohesi gramatikal* kaliyan *kohesi leksikal*. *Kohesi gramatikal* menika gayuting perangan setunggal kaliyan perangan sanesiun ingkang ndhapuk wacana ngginakaken perangan *gramatikal* tartamtu. Perangan *gramatikal* menika awujud *tembung*, *frasa*, *klausa*, utawi *ukara*. *Kohesi gramatikal* dipunginakaken kangge nedahaken gayuting wujud antawisipun ukara setunggal kaliyan ukara sanesipun ing salebeting wacana. *Kohesi leksikal* inggih menika gayuting perangan

setunggal kaliyan perangan sanesipun ing salebeting wacana kanthi *semantis*. Tegesipun *semantis* bilih *kohesi leksikal* menika nedahaken gayuting teges antawisipun ukara setunggal kaliyan ukara sanesipun ing salebeting wacana.

Jinisipun *kohesi leksikal* menika werni-werni, antawisipun inggih menika *sinonim, antonim, hiponim, repetisi, ekuivalensi*, kaliyan *kolokasi*. Ananging wonten ing panaliten menika panaliti namung ngandharaken setunggal jinis *kohesi leksikal* inggih menika *kolokasi* wonten ing Rubrik Cerita Cekak kalawarti Djaka Lodang Edisi 03-22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013). *Kolokasi* inggih menika gayuting setunggal kaliyan tembung sanesipun ingkang dipunginakaken kanthi sesarengan wonten ing setunggal wacana. Ancasipun kolokasi menika ndadosaken seratan utawi pangandikan menika langkung limrah saha wajar wonten ing basa. *Kolokasi* menika kaperang dados gangsal inggih menika, *sanding kata umum, sanding kata unik, sanding kata register, sanding kata khusus, sanding kata budaya*. Tuladhanipun:

Saben-saben butuh kanca, Satrio sok siap ngancani. Pancene Satrio ya mambu ati marang Wika dadine arep Wika ngana-ngene diturat-turuti wae. (Data Lampiran No. 46)

Data ing nginggil menika paragraf ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak Kalawarti Djaka Lodang kanthi irah-irahan “Layang Ulem” menika wosipun ngandharaken bilih tokoh Satrio gadhah raos tresna kaliyan Wika. Data menika ngemot *kolokasi* ingkang kalebet *sanding kata khusus* inggih menika *idiom* ‘mambu ati’ ingkang tegesipun gadhah raos tresna kaliyan tiyang sanes (*lawan jenis*). Tembung ‘mambu ati’ menika kalebet *idiom* amargi gadhah makna kias, tembung ‘mambu ati’ menika boten saged dipuntegesi kanthi cara negesi

saben tembung-tembungipun utawi *individual* ananging kedah kanthi *makna keseluruhan*.

Wonten ing panaliten menika ugi dipunandharaken *fungsi* kolokasi antawisipun, tembung katrangan ingkang nerangaken tembung kriya, tembung katrangan ingkang nerangaken *kata sifat*, tembung katrangan ingkang nerangaken *nomina* ingkang minangka wasesa utawi *predikatif*, tembung katrangan ingkang neranaken katrangan wonten ing ukara, tembung katrangan ingkang nerangaken tembung wilangan. Tuladhanipun:

Rampung sekolah es-em-a, aku kursus njahit. Lan kasil kanthi becik. Aku banjur ditukokkake mesin jahit dening Bapak. Ora ketang siji loro wis anak kang njaitake marang aku. Jare jahitanku klebu alus, upama dibiji ngono wis entuk enem setengah. Nanging urip ing ndesa kuwi klebu gampang angel. Contone kaya sing daklakoni iki, wong-wong sing njahitake akeh-akehe utang. Lan padatan terus lali yen duwe utang. Mula usaha jahitanku suwe-suwe ora mlaku. Awit ora ono sing njaitake meneh. (Data Lampiran No. 48)

Data menika dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak Kalawarti Djaka Lodang kanthi irah-irahan “Tembang Ireng Peteng Wengi” ingkang wosipun paragraf ing nginggil menika ngandharaken bilih tokoh ‘aku’ menika gadhah kaprigelan njahit ingkang sae saha alus jaitanipun kasil saking kursus njahit saksampunipun lulus SMA. Tembung ingkang kacithak kandel menika kalebet tembung kolokasi ingkang fungsipun tembung menika kalebet katrangan ingkang nerangaken tembung kriya. Saking data ing nginggil tembung ‘kursus njahit’ menika kalebet tembung kriya ingkang mratelakaken tandang gawe, wondene tembung ‘njahitake’ menika tembung kriya ingkang mratelakaken proses lumampahing kahanan.

Nganalisis wacana mliginipun nganalisis *Kohesi Leksikal* wonten ing salaebeting karya sastra menika wigati sanget. Salah setunggaling karya sastra inggih menika cariyos cekak. Anggenipun nyerat cariyos cekak menika kedah ngginakakaken piranti wacana inggih menika *Kohesi Gramatikal* saha *Kohesi Leksikal*. Bab menika supados saged ndadosaken seratan ingkang sistematis saha saged narik kawigatosan pamaos. Cariyos cekak ingkang dipundadosaken sumbering panaliten menika cariyos cekak ingkang wonten ing salebeting kalawarti Djaka Lodang Edisi 03-22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013) menika dipunpilih amargi saged narik kawigatosan, sanajan cariyos cekak ananging kathah dipunpangihaken *Kohesi Leksikal Kolokasi*.

Kolokasi menika wigati dipuntliti, menawi dipuntingali saking *sudut pandang* pasinaon basa saha *penerjemahan*. Saking *sudut pandang* pasinaon basa kolokasi menika dipunanggep wigatos amargi wonten alasan ingkang kedah dipunmangertosi inggih menika cara tembung *berkombinasi* wonten ing setunggaling *kolokasi* menika kalebet piranti ingkang dhasar wonten ing panganggening basa. Basa menika kados *tabel kosa kata* ingkang saged dipungantos kangge jangkepi *slot* wonten ing *struktur gramatikal*. Setunggaling *kosa kata* ingkang dipunginakaken kanthi wiyar saged dipunprediksikaken. Amargi *kolokasi* menika wiyar sanget, saengga saged ndadosaken setunggaling *teks* ingkang alami awujud tuturan utawi seratan. Kathah tembung ingkang dipunngendikakaken, dipunmirengaken, dipunwaos, menapa dene dipunserat menika dipunpangihaken wonten unen-unen ingkang tetep.

B. Underaning Perkawis

Adhedhasar saking dhasaring panaliten saged dipunpendhet underaning perkawis ingkang badhe kaandharaken ing ngandhap menika:

1. jinising *kohesi leksikal kolokasi* ingkang wonten ing rubrik cerita cekak Kalawarti Djaka Lodang Edisi 03 – 22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013),
2. fungsi *kohesi leksikal kolokasi* ingkang wonten ing rubrik cerita cekak Kalawarti Djaka Lodang Edisi 03 – 22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013),
3. makna *kohesi leksikal kolokasi* ingkang wonten ing rubrik cerita cekak Kalawarti Djaka Lodang Edisi 03 – 22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013),
4. wujud *kohesi leksikal kolokasi* ingkang wonten ing rubrik cerita cekak Kalawarti Djaka Lodang Edisi 03 – 22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013).

C. Watesaning Perkawis

Wonten ing panaliten menika boten sedaya perkawis dipunrembag, dipun watesi supados panaliten menika saged *fokus* lan saged tuntas piremaganipun. Adhedhasar saking undheraning perkawis saged dipun pendhet watesaning perkawis menika:

1. jinising *kohesi leksikal kolokasi* ingkang wonten ing rubrik cerita cekak Kalawarti Djaka Lodang Edisi 03-22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013),
2. fungsi *kohesi leksikal kolokasi* ingkang wonten ing rubrik cerita cekak Kalawarti Djaka Lodang Edisi 03 – 22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013).

D. Wosing Panaliten

Panaliten menika dipuntindakaken kanthi ancas ngandharaken perkawis:

1. menapa kemawon jinising *kohesi leksikal kolokasi* ingkang wonten ing rubrik cerita cekak Kalawarti Djaka Lodang Edisi 03 – 22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013)?;
2. menapa kemawon fungsi *kohesi leksikal kolokasi* ingkang wonten ing rubrik cerita cekak Kalawarti Djaka Lodang Edisi 03 – 22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013)?

E. Ancasing Panaliten

Saking wosing panaliten ingkang sampun kaandharaken menika saged dipunpendhet dudutanipun inggih menika:

1. Ngandharaken jinising *kohesi leksikal kolokasi* ingkang wonten ing rubrik cerita cekak Kalawarti Djaka Lodang Edisi 03 – 22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013),

2. ngandharaken fungsi *kohesi leksikal kolokasi* ingkang wonten ing rubrik cerita cekak Kalawarti Djaka Lodang Edisi 03 – 22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013).

F. Ginanipun Panaliten

Panaliten menika kaajab suka sumbangan, becik saking teoritis ugi praktisipun.

1. Suka sumbangan ilmu bab *pengkajian wacana analisis kohesi leksikal kolokasi*.
2. Panaliten menika kaajab saged suka sumbangan dhumateng panaliti sanes kangge neliti malih bab *analisis wacana kohesi leksikal kolokasi*.

G. Pangertosan

1. Wacana inggih menika salah setunggaling perangan basa ingkang paling jangkep ing tataran basa ingkang wonten sambet rapetipun kaliyan *kohesi*.
2. *Kohesi* inggih menika perangan ingkang ndadosaken larasing perangan antawisipun ukara setunggal kaliyan ukara sanesipun ing salebeting wacana utawi waosan.
3. *Kohesi leksikal* inggih menika *kohesi* ingkang dipunginakaken kangge nedahaken gayuting teges antawisipun ukara setunggal kaliyan sanesipun ing salebeting *wacana* utawi waosan.
4. *Kohesi leksikal* wonten ing salebeting *wacana* menika dipunperang dados 6 (enem) jenis, inggih menika *repetisi, sinonim, kolokasi, hiponim, antonim, kaliyan, ekuivalensi*.

5. *Kolokasi* inggih menika inggih menika gayuting tembung setunggal kaliyan tembung sanesipun ingkang dipunginakaken kanthi sesarengan.
6. Cariyos cekak utawi cerkak inggih menika cariyos gancaran ingkang ngemot prastawa ingkang boten kathah alur cariyosipun utawi setunggaling karangan ingkang nyariyosaken babagan ingkang wonten gayutanipun kaliyan lelakunipun manungsa kanthi ringkes.
7. Kalawarti Djaka Lodang inggih menika satunggaling kalawarti basa Jawa ing Ngayogyakarta ingkang kababar saben seminggu sepisan.

BAB II GEGARAN TEORI

A. Wacana

1. Pangertosan Wacana

Pangertosan wacana menika werni-werni. Miturut Hayon (2007: 39) tembung wacana menika terjemahan saking basa Inggris *discourse*. Tembung *discourse* menika asalipun saking tembung latin “*discursus*” ingkang kadhapuk saking “*dis*” kaliyan “*curre*” tegesipun “*berlari kesana kemari*”.

Douglas (ing Mulyana, 2005: 3) ngandharaken bilih wacana menika asalipun saking basa Sansekerta *wac/wak/vak*. Tegesipun tembung *wac/wak/vak* menika “*berkata*”, “*berucap*”. Tembung *wac/wak/vak* menika kalebet tembung kriya, angsal panambang “-ana” dados wacana. Tembung wacana menika kalebet tembung aran saengga saged dipunsebat *turunan*.

Kridalaksana (ing Sumarlam, 2003: 3) ngandharaken bilih wacana inggih menika perangan ingkang paling jangkep ing tataran *gramatikal*. Miturut Chaer (1994: 267) wacana menika perangan basa ingkang paling jangkep, saengga wonten ing tataran basa, wacana menika kalebet perangan ingkang paling inggil. Dipunsebat perangan ingkang jangkep amargi wacana menika ngemot *gagasan*, *konsep* utawi pamanggih ingkang jangkep saengga gampang dipunmangertosi dening pamaos utawi pamireng. Pamanggihipun Kridalaksana menika laras kaliyan pamanggihipun Chaer bilih wacana minangka perangan basa ingkang paling jangkep.

Menawi dipuntingali saking wujudipun, wacana kalebet perangan basa ingkang paling jangkep wujudipun amargi wujudipun wacana menika ing nginggilipun ukara utawi *klausa*. Unsur pokok wacana menika kadhapuk saking sambet rapetipun ukara setunggal kaliyan ukara sanesipun ingkang dipunpangribawa kanthi sarana *kohesi* (Tarigan, 1987: 26). Saking pamanggihipun Tarigan menika saged dipuntingali bilih wacana menika boten namung perangan ingkang jangkep wujudipun, nanging wacana menika ugi dipundhapuk dening sambet rapetipun ukara. Sambet rapetipun ukara menika dipundhapuk kanthi penganggening *kohesi*.

Adhedhasar pemanggih-pemanggihipun para ahli ing nginggil menika, saged dipundamel sarining pangertosan bilih wacana menika salah setunggaling perangan basa ingkang paling jangkep ing tataran basa ingkang wonten gayutanipun kaliyan *kohesi*.

2. Keutuhan Wacana

Mulyana (2005: 25) ngandharaken bilih wacana ingkang wentah inggih menika wacana ingkang jangkep, tegesipun inggih menika ingkang ngemot *aspek-aspek* ingkang gembleng saha nyawiji. Aspek wetahing wacana menika antawisipun *kohesi*, *koherensi*, *topik wacana*, *aspek leksikal*, *aspek gramatikal*, *aspek fonologis*, saha *aspek semantis*.

Wetahing wacana saged dipunurut adhedhasar ukara ingkang wonten ing ngajengipun utawi ukara ingkang wonten ing wingkingipun wacana. Ukara sepisan ndadosaken wontenipun ukara kaping kalih, ukara kaping kalih

ndadosaken wontenipun ukara ingkang kaping tiga, lan salajengipun. Wonten ing setunggaling cariyos, reroncening ukara menika ndadosaken wontenipun paragraf.

Paragraf nggih menika perangan saking karangan utawi tuturan ingkang kasusun saking ukara-ukara ingkang ngemot *informasi* (Ramlan, 1993: 1). Wontenipun *informasi* ingkang dipunandharaken ing ukara setunggal gegayutan kaliyan *informasi* ingkang wonten ing ukara salajengipun. Ateges *informasi-informasi* ingkang dipunandharaken ing ukara-ukara ingkang nyusun dados paragraf ingkang wonten gayutanipun utawi gembleng. Gembleng menika minangka sarat kangge nyusun paragraf (Ramlan, 1993: 9).

3. Jinising Wacana

Miturut Mulyana (2005: 54) wacana menawi dipuntingali saking sipatipun saged dipunperang dados kalih jinis inggih menika wacana *fiksi* kaliyan wacana *non fiksi*. Ing ngandhap menika badhe dipunandharaken wosing wacana *fiksi* kaliyan wacana *non fiksi*.

a. Wacana Fiksi

Wacana *fiksi* inggih menika wacana ingkang wujud saha cariosipun adhedhasar saking *imajinasi* utawi pamanggihipun pangripta. Wacana *fiksi* ngginakaken basa ingkang *konotatif*, dipunandharaken kanthi basa rinengga. Waosan *fiksi* ugi saged ngemot *fakta* utawi kasunyatan ananging adhedhasar sifatipun *karya* kados menika dipunsebat *karya fiktif*. Wacana *fiksi* dipunperang dados tigang jenis inggih menika wacana *prosa*, wacana *puisi*, kaliyan wacana *drama*.

Wacana *prosa* inggih menika waosan ingkang dipunandharaken utawi dipunserat kanthi wujud gancaran. Tuladha wacana *prosa* inggih menika cerkak, cerbung, novel, kaliyan sanes-sanesipun. Wacana *puisi* inggih menika jinising waosan ingkang dipunandharaken kanthi wujud *puisi*. Wacana *puisi* saged awujud lisan kaliyan seratan. Wacana *drama* inggih menika jinising wacana ingkang dipunandharaken kanthi wujud tuturan utawi *dialog*.

b. Wacana Nonfiksi

Wacana *nonfiksi* asring dipunsebat wacana *ilmiah*. Jinising wacana *nonfiksi* dipunandharaken kanthi cara *ilmiah* ingkang saged dipuntanggjawabaken. Basa ing salebeting wacana *nonfiksi* menika kedah *denotatif* kaliyan jelas. Tuladha wacana *nonfiksi* inggih menika laporan panaliten, buku *diktat kuliah*, *skripsi*, kaliyan *jurnal*.

Cerita cekak utawi cariyos cekak ingkang wonten ing salebeting kalawarti Djaka Lodang menika kalebet wacana *fiksi*. Cerkak-cerkak menika nyariosaken pagesangan tiyang gesang kaasil saking *imajinasinipun* pangripta. Cerkak ugi kalebet wacana *prosa* utawi gancaran amargi dipunandharaken ing wujud gancaran.

B. Kohesi

1. Pangertosan Kohesi

Kangge nyerat wacana utawi waosan ingkang *kohesif* saha *koheren* saged ngginakaken werni-werni piranti kangge mujudaken wacana. Piranti kangge mujudaken wacana menika saged awujud perangan *gramatikal* saha perangan

leksikal. Perangan *gramatikal* saha perangan *leksikal* menika wonten ingkang awujud *kohesi*.

Kohesi sejatosipun perangan saking ngelmu bidang IPA mliginipun kimia. Wonten ing kimia, *kohesi* tegesipun *gaya tarik-menarik* antawisipun *molekul* ingkang sami ingkang dipunpangaribawani dening *kerapatan* saha *jarak* antawisipun *molekul* setunggal kaliyan sanesipun (Wikipedia, 2014). Awit saking menika, ngelmu bab *kohesi* ing kimia menika dipunadopsi ing bidang linguistik. Rani, dkk (2006: 88) ngandharaken bilih *kohesi* inggih menika gegayutanipun perangan wonten ing *teks* kanthi pratandha panganggening unsur basa. Pamanggihipun Indiyastini (2009: 20) bilih *kohesi* minangka keselarasan gegayutan antawisipun unsur setunggal kaliyan unsur sanesipun ing wacana paragraf pramila tuwuh pangertosan ingkang gembleng saha *koheren*.

Kohesi menika sarana kangge mujudaken sambet rapetipun ukara setunggal kaliyan ukara sanesipun ing salebeting wacana. Wedhawati (2006: 604) ngandharaken bilih *kohesi* inggih menika gayuting antawisipun ukara setunggal kaliyan ukara sanesipun ing salebeting wacana. Miturut Moeliono (ing Sumarlam, 2003: 173) *kohesi* inggih menika gayuting teges antawisipun perangan-perangan ing salebeting *teks* saengga ndadosaken larasing perangan setunggal kaliyan perangan sanesipun ing salebeting wacana. Wedhawati saha Moeliono menika sami-sami ngandharaken bilih *kohesi* menika gayuting antawisipun ukara setunggal kaliyan ukara sanesipun ing salebeting wacana.

Tarigan (1987: 62) ngandharaken bilih *kohesi* inggih menika gayuting perangan ingkang awujud tembung kaliyan tembung, *frasa* kaliyan *frasa*, *klausa*

kaliyan *klausa*, saha ukara kaliyan ukara ing salebeting wacana. Konsep *kohesi* sejatosipun nengenaken ing sesambetan wujud, tegesipun inggih menika bilih perangan-perangan wacana (tembung utawi ukara) ingkang dipunginakaken kangge nyusun wacana wonten gayutanipun ingkang gembleng saha wetah, tegesipun *kohesi* kalebet aspek *internal* struktur wacana (Mulyana, 2005: 26). Gegayutan kaliyan pemanggih kasebat, Tarigan (1987: 96) ngandharaken bilih panaliten babagan unsur *kohesi* dados perangan saking kajian *aspek formal* basa. Awit saking menika, *kohesi* minangka *organisasi sintaksis* saha minangka wadah ukara-ukara ingkang kasusun kanthi gembleng kangge ngasilaken tuturan.

Miturut pamanggihipun Alwi (1988: 83) kangge pikantuk wacana ingkang sae sarta wetah, ukara-ukara kedah *kohesif*. Kanthi gegayutan ingkang *kohesif* kasebat, unsur ing wacana saged dipunmaknai. Gegayutan ingkang *kohesif* ing wacana asring dipunsukani tandha kanthi wontenipun pratandha khusus ingkang sipatipun *lingual-formal*.

Saking pamanggih para ahli wonten ing nginggil manika saged dipundamel dudutanipun bilih *kohesi* inggih menika sarana ingkang ndadosaken larasaing ukara setunggal kaliyan ukara sanesipun saengga ndadosaken wacana ingkang *kohesif*. Dados *kohesi* menika kathah paring pangaribawa ing salebeting wacana utawi waosan. Wacana ingkang *kohesif* menika njalari pamaos gampil anggenipun mangertos wosing wacana.

2. Jinising Kohesi

Kohesi menika wonten werni-werni jinisipun. Miturut Halliday kaliyan Hasan (ing Sumadi, 1998: 5) *kohesi* dipunperang dados kalih inggih menika

kohesi leksikal saha *kohesi gramatikal*. *Kohesi gramatikal* kaliyan *kohesi leksikal* taksih dipunperang miturut jinisipun. Ing ngandhap menika badhe dipunandharaken perangan *kohesi gramatikal* kaliyan *kohesi leksikal*.

a. Kohesi Gramatikal

Miturut Wedhawati (2010: 604) *kohesi gramatikal* inggih menika gayuting perangan setunggal kaliyan perangan sanesipun ingkang ndhapuk wacana ngginakaken perangan *gramatikal* tartamtu. Perangan *gramatikal* menika awujud tembung, *frasa*, *klausa*, utawi perangan ingkang langkung wiyar. *Kohesi gramatikal* dipunginakaken kangge nedahaken gayuting wujud antawisipun ukara setunggal kaliyan ukara sanesipun ing salebeting wacana. Miturut Sumarlam (2003: 23) *kohesi gramatikal* saged dipun perangedados *referensi (pengacuan)*, *subtitusi (penggantian)*, *ellipsis (pelepasan)*, kaliyan *kohesi konjungtif*.

1) Pengacuan (Referensi)

Pengacuan utawi *referensi* inggih menika perangan *kohesi gramatikal* awujud perangan basa tartamtu kangge ngandharaken perangan sanes. Perangan basa ingkang dipuntedahaken menika saged manggen wonten ing sakderengipun utawi sasampunipun *referensi*. Miturut pemanggihipun Sumarlam (2003: 24) jinising *kohesi gramatikal pengacuan* dipunperang dasos tiga inggih menika *pengacuan persona*, *pengacuan demotratif*, kaliyan *pengacuan komparatif*.

Dina candhake aku ketemu Dhik Arum, ing Jabalkat, ing jaban tembok makam salore gedhong kuburane Ki Ageng. Ing kono Dhik Arum crita. (Suryadi, 2013: 20)

Saking ukara menika, saged dipuntingali bilih wujudipun *referensi* menika awujud tembung “ing kono”. Tembung “ing kono” wonten ing ukara “ing kono

Dhik Arum crita” menika nedahaken “ing Jabalkat, ing jaban tembok makam salore gedhong kuburane ki Ageng”. Dadosipun *referensi* tembung “ing kono” menika nedahaken perangan ing sakderengipun, inggih menika “ing Jabalkat, ing jaban tembok makam salore gedhong kuburane ki Ageng”.

2) *Penggantian (Subtitusi)*

penggantian utawi *subtitusi* menika salah setunggaling perangan *kohesi gramatikal* awujud tembung sesulih. Miturut Sumadi (1998: 16) *subtitusi* dipunperang dados kalih inggih menika *subtitusi pronominal persona* kaliyan *subtitusi pronominal non persona*.

- (a) *Arane Darsi. Dheweke sabar lan banget ngemong marang aku, nganti aku rumangsa kaya adhine.* (Suryadi, 2013: 20)
- (b) *Ora ngira jebul Darsi nandang kanker rahim. Mlebu rumah sakit, nanging wis ora ketutupan. Darsi bojoku tinggal donya, tanpa ninggali anak. Wiwit iku aku dadi ora krasan ana Jepara.* (Suryadi, 2013: 20)

Tuladha (a) menika salah setunggaling ukara ingkang ngemot *subtitusi pronominal persona*. Tembung sesulih awujud “dheweke” menika nggantosaken tembung “Darsi”. Tembung sesulih “dheweke” menika kalebet tembung sesulih *pronominal persona*. Tuladha (b) menika minangka ukara ingkang ngemot *subtitusi pronominal non persona*, tembung “wiwit iku” menika nggantosaken “Darsi bojoku tinggal donya, tanpa ninggali anak”. Tembung sesulih “wiwit iku” menika kalebet tembung sesulih *pronominal non persona*.

3) *Pelesapan (Elipsis)*

Miturut Sumarlam (2003: 30) *pelesapan (elipsis)* menika salah setunggaling jinis *kohesi gramatikal* awujud perangan basa ingkang dipunicalaken. Perangan basa ingkang dipunicalaken saged awujud tembung, *frasa*, *klausa* utawi ukara.

- (a) **Wong-wong warga Padhukuhan Sidodadi** padha kaget. \emptyset Padha pating klesik. Nanging \emptyset ora wani kandha apa-apa. (Laksana, 2013: 20)
- (b) Weruh tekane Darwin, sakala **Sari** ngadeg lan lunga saka papan lungguhe. \emptyset Mara menyang papan ngadege Darwin, sajak greget banget. Sawise \emptyset ngajak salaman karo sing diparani kuwi, Sari nuli ngrogoh tase, sajak njupuk sawijining barang. (Mbah Met, 2013: 20)

Saking ukara (a) ing nginggil katingal bilih frasa “wong-wong warga Padhukuhan Sidodadi” ingkang dipunsebat ing ukara setunggal menika dipunicalaken ing ukara kalih kaliyan tiga. *Elipsis* ing tuladha (a) menika ngicalaken frasa “wong-wong warga Padhukuhan Sidodadi” ing ukara salajengipun. Saking tuladha (b) katingal bilih tembung “Sari” ingkang dipunsebat ing ukara setunggal menika dipunicalaken ing ukara kalih kaliyan tiga. *Elipsis* ing tuladha (b) menika ngicalaken tembung “Sari” ing ukara salajengipun.

4) **Perangkaian (Konjugasi)**

Miturut Sumarlam (1995: 37) *konjugasi* inggih menika salah setunggaling jinis *kohesi gramatikal* ingkang dipunginakaken kangge nggampang perangan setunggal kaliyan perangan sanesipun ing salebeting wacana utawi waosan. Perangan ingkang saged dipungandheng menika saged awujud tembung, *frasa*, *klausa*, utawi perangan ingkang langkung wiyar malih. *Konjugasi* kaperang dados kalih inggih menika *konjugasi* ing salebeting ukara (*intra kalimat*) saha *konjugasi* ing njawi ukara (*antar kalimat*). *Konjugasi* ing salebeting ukara menika kaperang dados ukara camboran susun (*subordinatif*) saha ukara camboran sejajar (*koordinatif*).

Saiki sendhang kuwi wis babar pisan ora ana kang wani ngambah. Dadi sendhang sepi mamring. Tansaya merbawani swasana nyenyet. Dene warga Padhukuhan Sidodadi *anggone adus, umbah-ubah ana sumur omahe dhewe-dhewe, sakawit sumur-sumur kuwi mung kanggo kebutuhan masak*

wae. **Lan** anggone ngguyang sato kewane, warga padha gawe blumbang kanthi gotong royong. **Kamangka** sumur-sumur kuwi, **nalika** ketiga akeh sing padha asat. Nanging **sawise** Sendhang Banyu Urip dadi wingit lan angker, sumur-sumur **nuli** padha dijerokake, **supaya** tekane mangsa ketiga aja nganti kasatan. (Laksana, 2013: 20)

Tembung-tembung “dene, lan, kamangka, nalika, sawise, nuli, kaliyan supaya” menika dipunsebat konjugasi amargi tembung-tembung “dene, lan, kamangka, nalika, sawise, nuli, kaliyan supaya” menika minangka panggandheng antawisipun ukara-ukara sanesipun. Tembung “dene, lan, kamangka, nuli, kaliyan supaya” menika kalebet tembung *konjugasi koordinatif*. Tembung “sawise kaliyan nalika” menika kalebet tembung konjugasi subordinatif.

b. Kohesi Leksikal

Kohesi leksikal inggih menika gayuting antawisipun perangan setunggal kaliyan perangan sanesipun ing salebeting wacana kanthi *semantis*. Tegesipun *semants* menika bilih *kohesi leksikal* nedahaken gayuting teges antawisipun ukara setunggal kaliyan ukara sanesipun ing salebeting wacana.

Miturut Sumarlam (2003: 35) *kohesi leksikal* wonten ing salebeting wacana menika dipunperang dados 6 (enem) jenis, inggih menika *repetisi*, *sinonim*, *kolokasi*, *hiponim*, *antonim*, kaliyan, *ekuivalensi*. Ing ngandhap menika badhe dipunandharaken jinising *kohesi leksikal*.

1) Repetisi (Pengulangan)

Repetisi (Sumarlam, 2003: 35) inggih menika perangan basa ingkang dipunambali. Perangan ingkang dipunambali saged awujud tembung, *frasa*, utawi peranganing ukara. Perangan kasebut dipunambali amargi dipunraos wigatos.

Repetisi saged dipunperang dados kalih inggih menika *repetisi penuh* kaliyan *repetisi sebagian* utawi *repetisi sakperangan* (Rani, Abdul : 2006: 103)

- (a) *Sakwise rembugan dawa, Herlina, ya bojone Kuncoro, dadi ngerti, yen tekane Sari mengko arep ditepungke karo **wong lanang**, kenalane Kuncoro. **Wong lanang** sing arep ditepungake karo Sari kuwi megawe ana sawijining bank kang wis kaloka, ana Ponorogo.* (Mbah Met, 2013: 20)
- (b) *Sakwise ngajak salaman karo sing diparani kuwi, Sari nuli ngrogoh tase, sajak njupuk **sawijining barang**. **Barang kang saka njero tase** Sari kuwi diwadhahi tas plastik ukuran cilik, banjur diwenehake Darwin.* (Mbah Met, 2013: 20)

Saking tuladha (a) menawi dipuntingali saking jinisipun *kohesi* menika kalebet *kohesi leksikal repetisis penuh*. Saking ukara kasebat saged dipuntingali bilih ukara menika ngemot *repetisi penuh* amargi wonten *frasa* “wong lanang” ingkang dipunambali malih ing ukara salajengipun.

Ukara (b) menika ngemot *repetisi sakperangan*. *Frasa* “sawijining barang” ing ukara “Sari nuli ngrogoh tase, sajak njupuk sawijining barang” menika gadhah perangan inti awujud tembung “barang”. Lajeng tembung “barang” dipunambali malih ing ukara salajengipun kanthi dipunraket *frasa* “kang saka njero tase”. Perangan inti awujud tembung “barang” ingkang dipunambali saengga dipunsebat *repetisi saperangan*.

2) *Sinonim (Padan kata)*

Miturut Alwasilah (1990: 149) *sinonim* menika tembung ingkang wujudipun beda ananging gadhah teges ingkang sami. Sumarlam (2003: 39) ngandharaken bilih sinonim saged dipunandharaken dados 5 jinis, inggih menika (a) *sinonim antara morfem bebas kaliyan morfem terikat*; (b) *sinonim kata dengan kata*; (c)

sinonim kata dengan frasa atau sinonim frasa dengan kata; (d) sinonim frasa dengan frasa; (e) sinonim klausa/kalimat dengan sinonim klausa/kalimat.

- (a) *Sawengi natas Bekti mikir antarane ninggalake kampus lan ngrungkepi **kampus** kang wus ndadekake kaya saiki iki. Saora-orane **almamatere** mujudake wot kang wus kasil nyebrangake dheweke marang gelar dhoktere. (Indiastini, 2001: 84)*
- (b) *. . . . Miturut tulisane kang asesirah *Mobilitas Pekerjaan dan Penghasilan Program di Surabaya para wanita urban musiman kang nyambut gawe ing sektor informal sawise teka ing Surabaya wolung puluh lima persen pada dadi **wanita lanyah**. Dheweke uga kelingan marang Warni kang dadi **wanita panggilan**. (Indiastini, 2001: 89)**

Saking tuladha (a) menika tembung “kampus” ing ukara setunggal menika laras kaliyan tembung “almamatere” ing ukara salajengipun. Tembung “kampus” saha tembung “almamatere” menika gadhah wujud ingkang beda ananging ngemu teges ingkang sami inggih menika panggenan kangge pados kawruh.

Ing tuladha (b) wonten frasa “wanita lanyah” ingkang sinonim utawi dasanama “wanita panggilan” ing ukara salajengipun. “Wanita lanyah” saha “wanita panggilan” menika wujudipun beda nanging gadhah teges ingkang sami inggih menika “wanita tuna susila”.

3) *Antonim (Lawan Kata)*

Alwasilah (1990: 150) ngandharaken bilih *antonim* inggih menika tetembungan ingkang gadhah makna kosok balen. Sumarlam (2003: 4) ugi ngandharaken bilih *antonim* dipuntingali saking sipatipun saged dipunperang dados 5 jenis inggih menika (a) *antonim mutlak*; (b) *antonim kutub*; (c) *antonim hubungan*; (d) *antonim hirakial*; (e) *antonim majemuk*.

*Ora **awan** ora **bengi** bab iku sing mesti dingendikakake. (Adityawarman, 2013: 20)*

Tuladha wonten ing nginggil menika nedahaken *antonim mutlak*. Tembung “awan” menika kosok balen saking tembung “bengi” wonten ing ukara “ora awan ora bengi bab iku sing mesti dingendikakake”.

4) ***Hiponim (Hubungan Atas-Bawah)***

Miturut Hardiyanto (2008: 40) saha Wedhawati (2010: 612) ingkang dipunsebat *hiponim* inggih menika gayuting perangan ingkang langkung wiyar kaliyan perangan ingkang nedahaken perangan ingkang wiyar. Perangan ingkang langkung wiyar menika dipunsebat *superordinat*, bilih perangan ingkang mligi dipunsebat *hiponim*.

Mahasiswa-mahasiswa kang budhal lan mulih kuliah pating dliDIR, wiwt kang mlaku, sepedhahan, sepedhamontoran, nganti kang mobilan. Saka kendharaan kang ditumpaki gampang diduga kahanan ekonomine wong tuane mahasiswa kasebut. (Indiastini, 2001: 94)

Saking ukara nginggil saged dipuntingali bilih ukara kasebut ngemot kohesi leksikal hiponim. Tembung ingkang dipun cithakkandel ing ukara setunggal, inggih menika “sepedhahan”, “sepedha montoran”, saha “mobilan” menika minangka hiponim saking tembung “kendharaan”. Tembung “kendharaan” menika minangka superordinat utawi perangan ingkang tegesipun langkung wiyar. Tembung “sepedhahan”, “sepedha montoran”, saha “mobilan” menika kalebet hiponim utawi perangan ingkang mligi.

5) ***Kolokasi (Sanding kata)***

Miturut Sumarlam (2003: 44) *kolokasi* inggih menika gayuting tembung ingkang dipunginakaken kanthi sesarengan. Tembung-tembung ingkang kalebet *kolokasi* inggih menika tembung-tembung ingkang dipunginakaken ing kelompok tartamtu. Jenis *kolokasi* utawi *sanding kata* menika wonten gangsal, (1) *sanding*

kata umum; (2) *sanding kata khusus*; (3) *sanding kata* ingkang wonten sambet rapetipun kaliyan *register*; (4) *sanding kata* kanthi makna *unik*; (5) *sanding kata* ingkang wonten sambet rapetipun kaliyan budaya tartamtu. Tuladhanipun:

- (a) *Arini, sawise rampung anggone **kuliah** lan wis kasil nyandhang gelar Sarjana Pendidikan, banjur nglebokake lamaran ana sawijining sekolah swasta. Ndilalah begjane Arini, sekolah mau ya pinuju mbutuhake tenaga guru sing ngepasi karo bidhange. Dadi ora nganti ngenteni suwe lamaran mau uga banjur ditampa. (Jumilah, 2013: 20)*
- (b) *Saben-saben butuh kanca, Satrio sok siap ngancani. Pancene Satrio ya mambu ati marang Wika dadine arep Wika ngana-ngene dituraturuti wae. (Jumilah, 2013: 20)*

Saking tuladha (a) menika menawi dipuntingali saking jinisipun *kolokasi* inggih menika kalebet *kolokasi* utawi *sanding kata* ingkang wonten sambet rapetipun kaliyan *register*. Saking ukara kasebat saged dipuntingali bilih ukara menika ngemot *register* babagan pendhidhikan katingal saking tembung-tembung inggih menika “kuliah”, “gelar Sarjana Pendidikan”, “sekolahan”, “sekolah swasta”, “tenaga guru”, saha “bidhange”.

Tuladha (b) ngemot *kolokasi* utawi *sanding kata khusus* inggih menika *idiom* “mambu ati” ingkang tegesipun gadhah raos kaliyan tiyang sanes (*lawan jenis*). Tembung “mambu ati” menika kalebet *idiom* amargi tembung menika boten saged dipunmangertosi kanthi cara negesi saben tembung-tembungipun.

6) *Ekivalensi (Kesepadanan)*

Miturut Sumarlan (2003: 46) *ekivalensi* inggih menika gayuting antawisipun perangan basa ingkang laras. Tegesipun perangan ingkang laras inggih menika tetembungan ingkang gadhah tembung lingga ingkang sami.

Fatimah sregep maos buku, buku pelajaran utawi buu waosan sanesipun. Dheweke gadhah perpustakaan alit ing griyanipun. Kathah saking buu

koleksinipun ingkang sampun dipunwaos. Fatimah gadhah pepinginan dados pamaos berita ing tipi supados kathah tiyang ingkang tepang. (Sumarlam, 2003: 46)

Tembung ingkang dipuncithek kandel awujud tembung “maos”, “waosan”, “dipunwaos”, “pamaos” menika tembung-tembung ingkang ekuivalen amargi tembung-tembung menika laras utawi dipundhapuk saking tembung lingga ingkang sami. Tembung-tembung menika kadhapuk saking tembung lingga “maos”.

C. *Kohesi Leksikal Kolokasi*

1. *Pangertosan Kohesi Leksikal Kolokasi*

Kolokasi menika setunggaling babagan ingkang *selalu berdekatan* utawi *berdampingan* kaliyan sanesipun saha limrahipun dipunasosiasikaken minangka setunggaling *kesatuan* (Abdul dkk, 2006: 133). Miturut Sei Saha Pain (wonten ing Said, 2005: 2-3) *kolokasi* utawi *sanding kata* menika sekelompok tembung ingkang asring ketinggal sesarengan, wondene miturut Baker (wonten ing Said, 2005: 2-3) *sanding kata* menika “*kecenderungan sejumlah kata untuk bergabung secara teratur dalam suatu bahasa, tetapi kata yang dapat bersanding kata dengan kata yang lain tidakada hubungannya secara logis.*”

Wonten ing Kamus Besar Bahasa Indonesia (KBBI) *kolokasi* inggih menika *asosiasi* tartamtu antawisipun tembung setunggal kaliyan tembung sanesipun wonten ing *jaringan* tartamtu. Ingkang dipunwastani *jaringan* inggih menika kadosta wonten ing *jaringan* pendhidhikan, samangke dipunginakaken tembung-

tembung ingkang wonten gayutanipun kaliyan bab pendhidhikan saha tiyang ingkang kalebet ing babagan menika kadosta murid, guru, meja kelas, saha buku.

Wondene titikanipun *kohesi leksikal kolokasi* ingih menika, (1) wontenipun *satuan lingual* ing setunggaling ukara lajeng wonten ugi *satuan lingual* sanes ingkang kalebet ing setunggaling *jaringan* ing ukara salajengipun. *Satuan lingual* menika minangka *satuan* wonten ing *struktur* basa (Kridalaksana, 1982: 148). Satuan lingual menika awujud *morfem*, tembung, *frasa*, *klausa*, saha ukara.; (2) tembung-tembung dipunginakaken saged awujud idiom utawi unen-unen saged paribasan, bebasan menapa dene saloka; (3) tembung ingkang dipunginakaken saged awujud basa padintenan, *register*, menapa dene tembung ingkang wonten gayutanipun kaliyan budaya tartamtu.

2. Jinising Kohesi Leksikal *Kolokasi*

Miturut Baker saha Shei kaliyan Pain (wonten ing Said, 2005: 2-3) *kolokasi* utawi *sanding kata* menika kaperang dados gangsal (5) jinis inggih menika:

a. *Sanding Kata Umum*

Sanding kata umum inggih menika *sanding kata* ingkang dipunginakaken wonten ing basa padintenan. *Sanding kata* ingkang dipunginakaken boten wonten gayutanipun kaliyan profesi, hobi, utawi budaya tartamtu ananging tegesipun saged dipunmangertosi kaliyan sinten kemawon. Tuladhanipun:

“*Ora mung kari rong sasi wis unggah-unggahan. Nek munggah bijine apik rak ditumbaske karo Bapak,*” ngendikane Bu Taryana. (Sulistyawati. 2013: 20)

Saking tuladha menika saged dipuntingali bilih ukara menika ngemot *sanding kata umum* babagan pendhidhikan katingal saking tembung-tembung

ingkang dipunginakaken inggih menika “unggah-unggahan”, “mungah”, “bijine apik”. Tegesipun tembung-tembung menika langkung gampang dipunangertosi kaliyan masyarakat umum sanajan tegesipun boten dipunandharaken rumiyin.

Titikanipun tembung-tembung ingkang kalebet *sanding kata umum* inggih menika, (1) tembung-tembung ingkang dipunginakaken kalebet ing setunggal jaringan ananging boten wonten gayutanipun kaliyan profesi, hobi, utawi budaya tartamtu; (2) tembung-tembung ingkang dipunginakaken langkung gampang dipunmangertosi sanajan boten dipunandharaken teges utawi makna; (3) tembung ingkang dipunginakaken menika limrah wonten ing basa padintenan ingkang kalebet ing setunggal jaringan utawi lingkungan.

b. *Sanding Kata Unik*

Sanding kata unik inggih menika *sanding kata* ingkang tegesipun unik.

Kados tuladha wonten ing ngandhap menika.

“*Mbok ya takon liyane.*”

“*Umpamane takon apa, Pak?*”

“*Bapak ki tresna ora ta karo aku?*”

“*Wah gombal. Wis tuwa kok aneh-aneh. Neg awake dhewe iki ora duwe tresna sing gedhe wis biyen-biyen kukut, Pak, sejarane.*”
(Sulistyawati, 2013: 20)

Tembung “gombal” wonten ing tuladha menika gadhah teges ingkang unik.

Limrahipun tembung “gombal” menika gadhah teges sandangan ingkang sampun lawas ananging wonten ing ukara menika tembung “gombal” tegesipun ngrayu katingal saking ukara wonten ing saderengipun.

Titikanipun tembung-tembung ingkang kalebet *sanding kata unik* inggih menika teges utawi makna tembung panyusunipun beda utawi boten limrah

kaliyan makna aslinipun menawi kasusun wonten ing setunggaling ukara, saha wujudipun saged tembung, *frasa, klausa*, utawi ukara.

c. *Sanding Kata Register*

Sanding kata register menika boten limrah wonten ing basa padintenan ananging wonten ing jaringan utawi profesi tartamtu basa menika limrah. Wonten ing basa pendhidhikan *sanding kata* utawi *kolokasi* kadosta metode belajar-mengajar, tes tengah semester, saha semester ganjil-genap. Tuladha:

Arini, sawwise rampung anggone kuliah lan wis kasil nyandhang gelar Sarjana Pendidikan, banjur nglebokake lamaran ana sawijining sekolahan swasta. Ndilalah begjane Arini, sekolahan mau ya pinuju mbutuhake tenaga guru sing ngepasi karo bidhange. Dadi ora nganti ngenteni suwe lamaran mau uga banjur ditampa. (Jumilah, 2013: 20)

Saking tuladha paragraf ing nginggil menika saged dipuntingali bilih ukara menika ngemot *register* babagan pendhidhikan ingkang katingal saking tembung-tembung inggih menika “kuliah”, “gelar Sarjana Pendidikan”, “sekolahan”, “sekolah swasta”, “tenaga guru”, saha “bidhange”.

Titikanipun tembung-tembung ingkang kalebet *sanding kata register* inggih menika, (1) *register* menika namung *mengacu* wonten ing *pemakaian kosa kata* ingkang wonten gayutanipun kaliyan kelompok profesi utawi lingkungan ingkang beda-beda; (2) *register* jumbuh kaliyan *situasi komunikasi* ingkang kadadean kanthi *berulang* saha *teratur* wonten ing setunggaling masyarakat ingkang *berkekaan* kaliyan partisipan, papan, saha fungsi-fungsi *komunikatif*; (3) *register* dipunginakaken kaliyan setunggaling kelompok utawi masyarakat tartamtu ingkang jumbuh kaliyan profesi utawi keahlian ingkang sami.

d. *Sanding Kata Khusus*

Sanding kata kanthi makna *khusus* menika kaperang dados *idiom* saha *ungkapan*. *Idiom* saha *ungkapan* menika tetembungan ingkang tetep tegesipun saha kekalihipun boten saged dipungantos urutan tembungipun. Tembung-tembung menika boten saged dipuntambahi, dipungantos, dipunicalaken, utawi dipunowahi *struktur gramatikal*-ipun inggih menika kekalihipun boten sami.

Idiom menika tembung-tembungipun boten saged dipunmagnani kanthi cara negesi saben-saben tembung kanthi *individual* ananging kedah kanthi *makna keseluruhan*. Miturut Sutana (1977) *idiom* menika gabungan tembung ingkang tegesipun boten saged dipunmangertosi saking tegesipun saben-saben tembung ingkang ndadosaken gabungan tembung menika. *Idiom* menika saged awujud *frasa, klausa*, saha kalimat. Wonten ing basa Jawi saged dipunmagnani sedaya wujud basa ingkang ngemot teges kiasan utawi tembung entar. Tembung entar menika kaperang dados paribasan, bebasan, saloka. Tuladhaipun:

Saben-saben butuh kanca, Satrio sok siap ngancani. Pancene Satrio ya mambu ati marang Wika dadine arep Wika ngana-ngene diturat-turuti wae. (Jumilah, 2013: 20)

Tuladha ing nginggil menika ngemot *kolokasi* utawi *sanding kata khusus* inggih menika kalebet *idiom* “mambu ati” ingkang tegesipun gadhah raos kaliyan tiyang sanes (*lawan jenis*). Tembung “mambu ati” menika kalebet *idiom* amargi tembung menika boten saged dipunmangertosi kanthi cara negesi saben tembung-tembungipun.

Ungkapan menika tegesipun tembung saged dipunmangertosi kanthi cara negesi saben-saben tembungipun. *Ungkapan* kalebet perangan ingkang wigati

wonten ing seni micara, amargi *ungkapan* menika saged ndadosaken kaendahan setunggaling wujud basa. *Ungkapan* sipatipun terbuka. *Ungkapan* menika kaperang dados tembung, *frasa*, saha ukara. Tuladhanipun *ungkapan* inggih menika:

- (a) *Sing baku wis diwangsul, wong jamake sing wadon yen takon utawa akon ora diwangsul njur sok metu muntabe, ora luput bias-bisa kriwikan dadi grojogan.* (Sulistyawati, 2013: 20)
- (b) *Nanging panguripan saka nulis lan nggilut sastra budaya Jawa, angel lan durung bisa didadekake cagak panguripan ing wektu iki, kurang banget kawigaten saka pemerintah lan masyarakat. Mula kaya bebasan “cebol nggayuh lintang” kae. Mung saka gedhening panyurunge Ranti, aku dadi luwih teguh ngrungkepi katresnan iki.* (Mulyadi. 2013: 20)

Tuladha (a) ing nginggil menika ngemot *kolokasi khusus* ingkang kalebet wonten ing *ungkapan* inggih menika “kriwikan dadi grojogan” tegesipun perkawis ingkang alit dados ageng. Tuladha (b) menika menika ngemot *kolokasi khusus* ingkang kalebet *ungkapan* inggih menika “cebol nggayuh lintang” menika kalebet setunggaling paribasan ingkang tegesipun gadhah kekarepan ingkang inggil ananging boten saged kalampahan.

Saking andharan ing nginggil menika saged dipunpilah titikanipun tembung-tembung ingkang kalebet *sanding kata khusus* inggih menika, ingkang kapisan tembung-tembung ingkang dipunginakaken menika kalebet idiom inggih menika (1) kalebet satuan basa saged awujud tembung, *frasa*, utawi ukara; (2) gadhah teges utawi makna ingkang mligi utawi khas; (3) unsur-unsuripun boten saged dipungantos utawi dipunicalaken; saha (4) menyimpang saking makna leksikal utawi gramatikal.

Wondene ingkang kaping kalhipun tembung-tembung ingkang dipunginakaken menika kalebet ungkapan saged awujud paribasan, bebasan menapa dene saloka, titikanipu inggih menika, (1) kasusun saking kalih ukara utawi langkung; (2) susunan tembung-tembung menika tetep; (3) makna tembung-tembung ingkang nyusun sampun ical; (4) wosipun kiasan utawi nasehat.

e. *Sanding Kata Budaya*

Ing budaya Indonesia wonten tetembungan kadosta *lumbung padi, mandi kembang, duduk bersila, arisan keluarga, saha mudik lebaran* menika tuladha wonten ing bahasa Indonesia menawi wonten ing basa Jawi tuladhanipun inggih menika:

Dening bojoku dhuwit pituwas kanggo oleh tumbal tolak laris mau, diamplop apik, supaya katon aweh kurmat. Ora keru rokok kretek sing kanggo sesaji uga diwadhahke plastik kresek cilik, dadi siji karo amplop isi dhuwit, sing gungunge satus ewu repis. (Mbah Met, 2013: 20)

Tuladha tembung “tumbal tolak laris” saha “sesaji” menika kalebet tuladha tetembungan wonten ing setunggaling budaya limrahipun wonten ing masyarakat padusunan ingkang tasih kenthel budayanipun.

Titikanipun tembung-tembung ingkang kalebet *sanding kata budaya* tartamtu inggih menika, (1) wontenipun *satuan lingual* ing setunggaling ukara lajeng wonten ugi *satuan lingual* sanes ingkang kalebet ing setunggaling *jaringan* inggih menika budaya ing ukara salajengipun; (2) ingkang kalebet budaya menika saged budaya ingkang sampun wonten menapa dene budaya ingkang wonten ing masyarakat limrahipun wonten ing setunggaling panggenan.

3. Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi

Tembung-tembung ingkang *berkolokasi* wonten ing setunggaling ukara menika gadhah fungsi inggih menika nerangaken wosing ukara menapa dene paring informasi ingkang terkandung wonten ing ukara menika. Fungsi tembung menika awujud tembung katrangan inggih menika tembung ingkang paring katrangan tembung sanesipun. Tembung katrangan menika saged awujud tembung aran, tembung kriya, tembung kahanan utawi *kata sifat*, tembung wilangan, saged ugi nerangaken tembung katrangan menika. (Sudibyo, 2001: 105)

Miturut Mulyana (2011: 51) saha Sasangka (ing Mulyana, 2011: 51) titikanipun tembung ingkang kalebet tembung katrangan inggih menika:

a. Tembung Katrangan ingkang Nerangaken Tembung Kriya

Tembung kriya miturut Sudibyo (2001: 100) inggih menika mratelakaken salah bawa utawi tandang gawe. Tembung kriya menika ngemot teges lumakuning kahanan. Tembung kriya ingkang mratelakaken tandang gawe menika kadosta *mbalang, nendhang, njiwit, njuwil, ngampleng*. Wondene tembung kriya ingkang mratelakaken proses utawi lumakuning kahanan kadosta *mecah, mbledos, thukul, kempes, njeblug*. Tembung kriya menika saged sesandhingan kaliyan tembung *ora* uga saged sesandhingan kaliyan tembung *anggone*. Tuladhanipun saged kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Rampung sekolah es-em-a, aku kursus njahit. Lan kasil kanthi becik. Aku banjur ditukokake mesin jahit dening Bapak. Ora ketang siji loro wis ana kang njaitake mareng aku. Jare jahitanku klebu alus, umpama dibiji ngono wis entuk enem setengah. (Purnomo, 2013: 20)

Tuladha tembung “kursus njahit” saha tembung “njahitake” menika kalebet tembung kriya ingkang mratelakaken tandang gawe. Tembung katrangan ingkang nerangaken tembung kriya menika kadosta tembung *ndang, padha, kerep, durung*.

b. Tembung Katrangan ingkang Nerangaken Kata Sifat

Miturut Mulyana (2011: 50) adhedhasar kriteria makna, tembung kahanan menika kaperang dados wolu (8) kriteria inggih menika:

1) Tembung *Kahanan*

Miturut Sudibyو (2001: 103-104) tembung sifat ingkang ugi dipunsebat tembung watak utawi kahanan inggih menika tembung ingkang saged mratealakaken kahanan utawi watak setunggaling barang utawi babagan. Tembung sifat menika kaperang dados kalih, inggih menika tembung watak kaliyan kahanan. Tembung watak menika boten saged ewah, menawi tembung kahanan menika saged ewah. Ingkang kalebet tembung watak menika kadosta *drengki, srei, jail, methithil, bombongan*. Wondene ingkang kalebu tembung kahanan kadosta *mlarat, sugih, sengsara, mulya, beja, cilaka*. Tembung sifat menika saged sesandhingan kaliyan tembung *luwih, rada, paling*, menapa dene *banget*. Tuladha tembung watak utawi tembung kahanan kaandharaken ing ngandhap menika.

“Iki mesti pokale Warti apa Narto. Jian wong kae pancen jail, methakil, drengki, srei, lan uthil temenan.” Ngono aloke wong-wong Desa Karang Sari. (Sartono, 2013: 20)

Tuladha paragraf ing nginggil menika ngemot tembung-tembung ingkang kalebet tembung watak utawi *kata sifat* inggih menika “jail”, “methakil”, “drengki”, “srei”, saha “uthil temenan”.

2) **Tembung Keadaan Warna**

Tembung *keadaan warna* inggih menika tembung ingkang ngandharaken warna setunggaling barang utawi babagan. Ingkang kalebet tembung warna menika kadosta *abang, ijo, kuning, ireng, putih*. Tuladha tembung *keadaan warna* saged kaandharaken ing ngandhap menika.

*Pardi glosoran meneh ing kasur. Dibuka kothakan soklat ing dhuwur meja sinaune. Diwetokake bathik kang wis winahya ing layang, **bathik warna soklat kanthi motif cuwiri**.* (Kawhie, 2013: 20)

Tuladha paragraf ing nginggil menika ngemot tembung ingkang kalebet tembung *keadaan warna* inggih menika “soklat”. Tembung “soklat” menika nerangaken tembung “bathik motif cuwiri” ingkang gadhah warna “soklat”.

3) **Tembung Keadaan Ukuran**

Tembung *keadaan ukuran* menika tembung ingkang mratelakaken ukuran setunggaling barang utawi babagan. Tuladhanipun tembung ingkang mratelakaken ukuran inggih menika kadosta tembung *kandel, tipis, akeh, sithik*. Tuladha tembung *keadaan ukuran* saged kaandharaken ing ngandhap menika.

*“Dhik Arum sing dak tresnani. Ora ana dalan liya Dhik. Demi rasa kurmat lan bekti marang wong tuwa, awake dhewe kudu rila murungake sedyana senadyan aku ngerti, ati bakal **remuk rempu dadi lebu**.”* (Suryadi, 2013: 20)

Tuladha ing nginggil inggih menika “remuk rempu dadi lebu” kalebet tembung *keadaan ukuran*. Kalebet tembung *keadaan ukuran* menika katingal wonten ing ukara menika tembung “ati” ingkang dipungambaraken “remuk rempu dados lebu”.

4) **Tembung Keadaan Bentuk**

Tembung *keadaan bentuk* menika tembung ingkang mratelakaken *bentuk* setunggaling barang utawi babagan. Tuladhanipun tembung ingkang mratelakaken *bentuk* inggih menika kadosta tembung *lurus, bengkok, bunder, kothak, lonjong*. Tuladha tembung *keadaan bentuk* saged kaandharaken ing ngandhap menika.

“Ya eling ta Pak. Biyen awake dhewe isih ngontrak pindhah-pindhah omah. Saiki sanajan ora magrong-magrong wis bisa duwe omah gedhong. (Sulistyawati, 2013: 20)

Tembung “*omah gedhong*” ing tuladha paragraf ing nginggil menika kalebet tembung *keadaan bentuk* amargi ukara menika ngandharaken *bentuk* utawi wujudipun omah ingkang gedhong. Wonten ing Kamus Baoesastra Djawa menika tembung gedhong tegesipun “*omah ingkang mawa pager bata*” inggih menika omah ingkang katingal ageng magrong-magrong.

5) **Tembung Keadaan Jarak**

Tembung *keadaan jarak* menika tembung ingkang mratelakaken *jarak* setunggaling barang utawi babagan. Tuladhanipun tembung ingkang mratelakaken *jarak* inggih menika kadosta tembung *adoh, cedhak, cepet, suwe*. Tuladha tembung *keadaan jarak* saged kaandharaken ing ngandhap menika.

Obrolan lumantar facebook iku kawitane biasa-biasa wae. Suwe-suwe mecungul tembung-tembung mesra, asmara. Kaya ABG wae. Telung jam rasane kaya telung menit. (Eswe Sidi, 2013: 20)

Tuladha paragraf ing nginggil inggih menika “*telung jam rasane kaya telung menit*” kalebet tembung *keadaan jarak* amargi tembung menika nggambaraken bilih wekdal ingkang kalampahan menika kraos cepet, kasunyatanipun menika tigang jam ananging kraos tigang menit.

6) **Tembung Keadaan Cara**

Tembung *keadaan cara* menika tembung ingkang mratelakaken *cara* nandangi setunggaling babagan. Tuladhanipun tembung ingkang mratelakaken *cara* inggih menika kadosta tembung *alon, banter, sero, lirik*. Tuladha tembung *keadaan cara* saged kaandharaken ing ngandhap menika.

*Sidane wong loro sing jebul padha-padha guru mau umyeg guyon lan padha **adol crita** ngayawara nyejarahe senine urip kanthi bayar cupet.* (Sulistyawati, 2013: 20)

Saking tuladha ing nginggil menika kalebet tuladha tembung *keadaan cara* inggih menika “adol cerita”. Tembung “adol cerita” menika tegesipun sami nyariosaken utawi mbeberaken kabar dhateng tiyang sanes.

7) **Tembung Keadaan Rasa Ati**

Tembung *keadaan rasa ati* menika tembung ingkang mratelakaken *rasa ati* ingkang dipunraosaken kaliyan setunggaling tiyang. Tuladhanipun tembung ingkang mratelakaken *rasa ati* inggih menika kadosta tembung *tresna, sepi, tentrem*. Tuladha tembung *keadaan rasa ati* saged kaandharaken ing ngandhap menika.

*Kertas kang kajereng iku banjur dilempit maneh. Pardi **anteng** nyawang **sepine** kahanan.* (Kawhie, 2013: 20)

Tembung “anteng” saha “sepine” wonten ing paragraf ing nginggil menika ngambaraken raosing ati ingkang dipunraosaken kaliyan tokoh Pardi, saengga tembung “anteng” saha “sepine” menika kalebet tembung *keadaan rasa ati*.

8) **Tembung Keadaan Rasa Indra**

Tembung *keadaan rasa indra* menika tembung ingkang mratelakaken *rasa indra* ingkang dipunraosaken *paningal, pamireng, pangucap, peraba, penciuman*. Tuladhanipun tembung ingkang mratelakaken *rasa indra* inggih menika kadosta tembung *alus, kasar, wangi, lirik, enak, gurih*. Tuladha tembung *keadaan rasa indra* saged kaandharaken ing ngandhap menika.

- (a) *Luhe Pardi saya ndadra. Angin nabuh cendhela ing tengen siraha. Nanging sepi kaya-kaya bali ing teras lan Pardi ngrasakake suwung kang jeru.* (Kawhie, 2013: 20)

“Angin nabuh cendela” wonten ing tuladha (a) ing nginggil menika kalebet tuladha tembung keadaan rasa indra ananging bilih dipun tingali saking maknanipun tembung “angin nabuh cendela” menika sanes angin ingkang nabuh kados tangan nabuh kendhang ananging ukara menika gadhah makna kias inggih menika kangge nggambaraken raos ingkang sepi saha tentrem ingkang wonten anging sumribit.

- (b) *Rampung sekolah es-em-a, aku kursus njahit. Lan kasil kanthi becik. Aku banjur ditukokkake mesin jahit dening Bapak. Ora ketang siji loro wis ana kang njaitake marang aku. Jare jahitanku klebu alus, upama dibiji ngono wis entuk enem setengah.* (Purnomo, 2013: 20)

Saking paragraf (b) ing nginggil menika ngemot tuladha tembung keadaan rasa indra inggih menika “jahitanku klebu alus” tegesipun jahitan ingkang dipundamel kaliyan tokoh aku menika katingal alus utawi rapi boten wonten cacatipun.

c. Tembung Katrangan ingkang Nerangaken *Nomina* ingkang minangka Wasesa Utawi *Predikatif*

Tembung katrangan *nomina predikatif* menika tembung katrangan ingkang nerangaken *nomina predikatif* utawi tembung aran ingkang minangka wasesa utawi *predikat* wonten ing setunggaling ukara. Tuladhanipun saged dipunandharaken ing ngandhap menika.

Pak Taryana mung mesem kecut nyawang bojone menyat nggoleki anake, embuh mengko kepriye polahe bocah kuwi yen kagol meneh. (Sulistyawati, 2013: 20)

“Pak Taryana mung mesem kecut”. Tembung “mung” menika kalebet tembung katrangan ingkang nerangaken *nomina predikatif* “mesem kecut” ingkang minangka *fungsi predikatif* utawi wasesa.

d. Tembung Katrangan ingkang Neranaken Katrangan wonten ing Ukara

Tembung katrangan ingkang nerangaken tembung katrangan menika kalebet tembung katrangan ingkang dipuncambor inggih menika *penggabungan* kalih tembung katrangan ingkang dadosaken makna sanes. Tembung katrangan menika kadadosan saking kalih morfem asal. Adhehdasar maknanipun tembung katrangan menika kaperang dados gangsal, inggih menika kaandharaken ing ngandhap menika.

1) Tembung Katrangan minangka *Petunjuk Negasi*

Tembung katrangan minangka *petunjuk negasi* menika katingal saking tuladhan ing ngandhap menika

Jenengku Rani Rianingsih. Sakdurunge kaya mengkene, aku klebu bocah kang taat ngibadah. Lan miturut prasangkaku, aku ora tau gawe rugining liyan. Kabeh ayahan dakrampungu kanthi becik. Anggonku sekolah iya nganti rampung, sanadyan mung tekan es-em-a, awit kluwargaku klebu

kluwarga kang ora mampu, mula mung bisa nyekolahake aku seka es-de nganti es-em-a. (Purnomo, 2013: 20)

Saking tuladha ing nginggil inggih menika “aku ora tau gawe rugining liyan” kaliyan “anggonku sekolah iya nganti rampung” menika kalebet tembung katrangan ingkang minangka *petunjuk negasi*, inggih menika tembung “ora tau” saha tembung “iya” menika *memperjelas* maksud utawi makna ingkang badhe kaandharaken wonten ing ukara menika. Tembung “ora tau” menika kabentuk saking tembung “ora” kaliyan tembung “tau”. Tembung “ora” menika setunggal morfem asal, wondene tembung “tau” menika ugi setunggal morfem. Kalih tembung menika dipunsandhingaken saengga awujud tembung katrangan ingkang dipuncambor.

2) **Tembung Katrangan minangka *Petunjuk Keakanan***

Tembung katrangan minangka *petunjuk keakanan* menika katingal saking tuladhan ing ngandhap menika.

Nalika semana pamite arep niliki kamasku Bandonu ing Blora. Ya pancen bener ngendikane Mas Bandonu, jare Bapak nyare rong bengi. Tangkepe ipeku Swasti ora nyenengake penggalihe Bapak. Kuwi miturut Mas Bandonu dhewe. Terus Bapak Pamit meneh ngendikane arep bali nyang daleme Pakdhe Harjo ing Pati. (Atmoko, 2013: 20)

Saking tuladha ing nginggil inggih menika “pamite arep niliki kamasku Bandonu ing Blora” menika kalebet tembung katrangan ingkang minangka *petunjuk keakanan*, inggih menika tembung “arep niliki” menika *memperjelas* maksud utawi makna ingkang badhe kaandharaken wonten ing ukara menika. Tembung “arep niliki” menika kabentuk saking tembung “arep” kaliyan tembung “niliki”. Tembung “arep” menika setunggal morfem asal, wondene tembung

“niliki” menika ugi setunggal morfem. Kalih tembung menika dipunsandhingaken saengga awujud tembung katrangan ingkang dipuncambor.

3) **Tembung Katrangan minangka *Pertunjuk Frekuensi***

Tembung katrangan minangka *petunjuk frekuensi* menika katingal saking tuladhan ing ngandhap menika.

Alon-alon Pardi ninggalake taman. Angin ngelus kulite, ngelus balung lan otote kang ketaman cidraning asmara. Pardi lumaku sinambi kadhangkala ngremet bathike. Bathik tandha tresna bapak lan ibune. (Kawhie, 2013: 20)

Saking tuladha ing nginggil inggih menika “Pardi lumaku sinambi kadhangkala ngremet bathike” menika kalebet tembung katrangan ingkang minangka *petunjuk frekuensi*, inggih menika tembung “kadhangkala” menika *memperjelas* maksud utawi makna ingkang badhe kaandharaken wonten ing ukara menika. Tembung “kadangkala ngremet” menika kabentuk saking tembung “kadangkala” kaliyan tembung “ngremet”. Tembung “kadangkala” menika setunggal morfem asal, wondene tembung “ngremet” menika ugi setunggal morfem. Kalih tembung menika dipunsandhingaken saengga awujud tembung katrangan ingkang dipuncambor.

4) **Tembung Katrangan minangka *Petunjuk Waktu***

Tembung katrangan minangka *petunjuk waktu* menika katingal saking tuladhan ing ngandhap menika.

“Suk kapan ya Pak, omahe dhewe ki ora bocor nek usum udan, ora sumuk yen usum panas?”. . . “Ping pira ya Bu, olehmu pitakonan ngono kuwi karo aku?” (Sulistyawati, 2013: 20)

Saking tuladha ing nginggil inggih menika “Suk kapan ya Pak, omahe dhewe ki ora bocor” menika kalebet tembung katrangan ingkang minangka

petunjuk waktu, inggih menika tembung “suk kapan” menika *memperjelas* maksud utawi makna ingkang badhe kaandharaken wonten ing ukara menika. Tembung “suk kapan” menika kabentuk saking tembung “suk” inggih menika cekakan saking tembung “mbesuk” kaliyan tembung “kapan”. Tembung “suk” menika setunggal morfem asal, wondene tembung “kapan” menika ugi setunggal morfem. Kalih tembung menika dipunsandhingaken saengga awujud tembung katrangan ingkang dipuncambor.

5) **Tembung Katrangan minangka *Petunjuk Modalitas***

Tembung katrangan minangka *petunjuk modalitas* menika katingal saking tuladhan ing ngandhap menika.

“Dhik Arum sing dak tresnani. Ora ana dalam liya Dhik. Demi rasa kurmat lan bekti marang wong tuwa, awake dhewe kudu rila murungake sedya senadyan aku ngerti, ati bakal remuk rempu dadi lebu.”
(Suryadi, 2013: 20)

Saking tuladha ing nginggil inggih menika “awake dhewe kudu rila murungake sedya” menika kalebet tembung katrangan ingkang minangka *petunjuk modalitas*, inggih menika tembung “kudu rila” menika *memperjelas* maksud utawi makna ingkang badhe kaandharaken wonten ing ukara menika. Tembung “kudu rila” menika kabentuk saking tembung “kudu” kaliyan tembung “rila”. Tembung “kudu” menika setunggal morfem asal, wondene tembung “rila” menika ugi setunggal morfem. Kalih tembung menika dipunsandhingaken saengga awujud tembung katrangan ingkang dipuncambor.

e. **Tembung Katrangan ingkang Nerangaken Tembung Wilangan**

Wonten ing buku Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa (Sudibyo, 2001: 117) tembung wilangan menika tembung ingkang mretelakaken gunggunging

barang. Tembung wilangan menika saged kangge ngitung gunggungipun tiyang, barang, kewan utawi setunggaling babagan. Miturut Sudibyo (2001: 117) tembung wilangan menika kaperang dados tiga, inggih menika (1) wilangan babon utawi wilangan wutuh, tuladhanipun enol, siji, loro, telu, papat, lima, enem, pitu, wolu, sanga; (2) wilangan susun inggih menika kangge ngandharaken urutaning gunggung, tuladhanipun kapisan, kapindho, katelu, kapapat, kalmia, kaping pisan, kaping pindho, kaping telu, kaping papat, kaping lima; (3) wilangan pecahan inggih menika wilangan ingkang gunggungipun boten wonten setunggal, tuladhanipun seprapat $[1/4]$, setengah $[1/2]$, sepertelon $[1/3]$, telungprapat $[3/4]$, salirang, satangkep, sasisir, sajodho, satundun.

Tuladha tembung wilangan ingkang nerangaken tembung wilangan kaandharaken ing ngandhap menika.

*Rampung sekolah es-em-a, aku kursus njahit. Lan kasil kanthi becik. Aku banjur ditukokkake mesin jahit dening Bapak. (a) **Ora ketang siji loro** wis ana kang njaitake marang aku. Jare jahitanku klebu alus, upama dibiji ngono wis entuk (b) **enem setengah**.* (Purnomo, 2013: 20)

Saking tuladha (a) ing nginggil menika wonten ukara “ora ketang siji loro wis ana kang njaitake”. Tembung “ora ketang” menika tembung katrangan ingkang nerangaken tembung wilangan wutuh “siji loro” ingkang sampun njaitaken marang tokoh aku menika. Tuladha (b) inggih menika “umpama dibiji ngono wis entuk enem setengah”, tembung “wis entuk” menika tembung katrangan ingkang nerangaken tembung wilangan pecahan “enem setengah”.

D. Cariyos Cekak

1. Pangertosan Cariyos Cekak

Cariyos cekak utawi ingkang asring dipunwastani cerkak inggih menika cariyos gancaran ingkang ngemot prastawa ingkang boten kathah alur cariyosipun utawi setunggaling karangan ingkang nyariyosaken babagan ingkang wonten gayutanipun kaliyan lelakunipun manungsa kanthi ringkes. Anggenipun nyariosaken saking purwaka, tuwin dredah, ngantos caranipun ngrampungaken perkawis. Titikanipun cerkak inggih menika (1) *alur* cariyosipun naming setunggal; (2) *perwatakk*an paraga dipuncariyosaken kanthi cekak; (3) dredah wonten ing salebeting cariyon boten dadosaken nasib para paraganipun ewah; (4) namung wonten setunggal prastawa ingkang nguwaosi *alur* cariyosipun; (5) scariyos cekak penika gadhah sipat ingkang *fiktif* utawi reka-reka saha *naratif* utawi andharan.

Struktur cariyos cekak menika kadadosan saking kalih unsur inggih menika *unsur intrinsik* saha *unsur ekstrinsik*. *Unsur intrinsik* menika *unsur* ingkang dadosaken setunggaling cariyos menika dados cariyos ingkang jangkep. *Unsur intrinsik* kaperang dados tema; alur; latar; tokoh; penokohan; sudut pandang; amanat; gaya bahasa. *Unsur ekstrinsik* inggih menika *unsur* ingkang ngemot piwulang-piwulang wonten ing salebeting cariyos. Piwulang-piwulang menika antawisipun piwulang agama, piwulang moral, piwulang sosial, piwulang budaya.

E. Panaliten ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang jumbuh kaliyan panaliten menika sampun dipuntindakaken dening Wulan Esti Nurani kanthi irah-irahan *Analisis Wacana “Wacan Bocah Karya Surtikanti” dari Aspek Leksikal (Kolokasi/Sanding kata)* panaliten menika neliti bab *kolokasi* utawi *sanding kata* wonten ing Wacan Bocah anggitanipun Surtikanti. Ingkang sami ing panaliten menika bilih sami-sami neliti bab *kolokasi* utawi *sanding kata* ing setunggaling wacana. Kekalihipun ugi ngginakaken metode panaliten deskriptif. Ananging sumber data panaliten menika beda. Panaliten saderengipun neliti jinising *kolokasi* wonten ing rubrik Wacan Bocah anggitanipun Surtikanti kalawarti GENTA wondene panaliten menika neliti jinising *kolokasi* saha fungsi *kolokasi* wonten ing rubrik Cerita Cepak kalawarti Djaka Lodang Edisi 03-22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013).

Panaliten ingkang sampun dipuntindakaken dening Wulan Esti Nurani kanthi irah-irahan *Analisis Wacana “Wacan Bocah Karya Surtikanti” dari Aspek Leksikal (Kolokasi/Sanding kata)* menika saged dipunginakaken acuan minangka panaliten ingkang jumbuh amargi sami-sami ngrembag babagan *kolokasi* ananging beda wosing perkawisipun. Awit saking ningali asiling panaliten Wulan Esti Nurani kanthi irah-irahan *Analisis Wacana “Wacan Bocah Karya Surtikanti” dari Aspek Leksikal (Kolokasi/Sanding kata)* menika minangka bukti bilih panaliten menika ancasipun boten sami kaliyan panaliten ingkang sampun nate dipuntindakaken saderengipun (*orisinil*).

F. Nalaring Pikir

Wacana menika perangan basa ingkang paling *kompleks* saha paling jangkep ingkang ngemot *informasi*. Kangge damel setunggaling wacana ingkang sae, dipunwujudaken kanthi wontenipun perangan-perangan basa ingkang gembheng saha nyawiji antawisipun *informasi* ing ukara setunggal kaliyan ukara sanesipun. Perangan ingkang gembheng menika kadadosan saking wontenipun *kohesi* saha *koherensi*. *Kohesi* inggih menika gembhengipun *satuan lingual* setunggal kaliyan *satuan lingual* sanesipun ingkang gegayutan kaliyan *aspek* wujud, wondene *koherensi* gegayutan kaliyan *aspek* makna.

Kohesi kaperang dados kalih inggih menika *kohesi gramatikal* saha *leksikal*. *Kohesi gramatikal* menika gayuting perangan setunggal kaliyan perangan sanesipun ingkang ndhapuk wacana ngginakaken perangan *gramatikal* tartamtu. *Kohesi gramatikal* saged dipun perang dados *referensi (pengacuan)*, *subtitusi (penggantian)*, *ellipsis (pelepasan)*, kaliyan *kohesi konjungtif*. *Kohesi leksikal* inggih menika gegayutan antawisipun perangan wacana kangge mujudake *struktur* ingkang serasi kanthi *kohesif*. *Kohesi leksikal* menika kaperang dados enem, inggih menika *repetisi*, *sinonim*, *antonim*, *hiponim*, *kolokasi* saha *ekuivalensi*.

Wonten ing panaliten menika badhe dipunandharaken babagan *kohesi leksikal* mliginipun *kolokasi*. *Kolokasi* menika gayuting tembung ingkang dipunginakaken kanthi sesarengan. Tembung-tembung ingkang kalebet *kolokasi* inggih menika tembung-tembung ingkang dipunginakaken ing kelompok tartamtu. Jenis *kolokasi* utawi *sanding kata* menika wonten gangsal, (1) *sanding*

kata umum; (2) sanding kata khusus; (3) sanding kata ingkang wonten sambet rapetipun kaliyan register; (4) sanding kata kanthi makna unik; (5) sanding kata ingkang wonten sambet rapetipun kaliyan budaya tartamtu.

Kohesi leksikal menika adatipun dipunginakaken wonten ing wacana kadosta cariyos cekak. Cariyos cekak minangka salah setunggaling wujud wacana ingkang ngginakakaen *kohesi leksikal* mliginipun *kolokasi* menika ndadosaken wacana langkung gampang dipunpahami dening pamaos. Alur cariyos wonten ing cariyos cekak menika langkung gampang dipunmangertosi kanthi cetha awit kasusun saking ukara-ukara ingkang gegayutan setunggal saha sanesipun (*kohesif*).

BAB III **CARA PANALITEN**

A. Jinising Panaliten

Panaliten menika ngginakaken *metode deskriptif*. Miturut Narbuko kaliyan Achmadi (2004: 44) ancasing panaliten *deskriptif* inggih menika ngandharaken sawijining perkawis kanthi *sistematis* kaliyan *faktual*. Sudaryanto (1998: 62) ngandharaken bilih panaliten deskriptif dipuntindaakekn kangge nggabaraken saha mahyakaken asiling panaliten kanthi menapa wontenipun utawi kanthi objektif. Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken jinising *kohesi leksikal kolokasi* kaliyan fungsi *kohesi leksikal kolokasi* ingkang awujud *satuan lingual* (tembung, frasa, saha klausa) ing saben paragraf salebeting cariyos cekak wonten ing Kalawarti Djaka Lodang Edisi 03 – 22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013).

Panaliten ngginakaken *metode deskriptif* menika dipunwiwiti kanthi nyamektakaken dhata, inggih menika cerita cekak Kalawarti Djaka Lodang Edisi 03 – 22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013). Objek panaliten ingkang awujud cerita cekak Kalawarti Djaka Lodang Edisi 03 – 22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013) ing panaliten menika dipunwaos kangge manggihaken dhata-dhata ingkang awujud *kohesi leksikal kolokasi*. Sasampunipun ngempalaken dhata kanthi *teknik* maos saha nyathet lajeng dhata menika dipunperang miturut jinising *kohesi leksikal kolokasi* saha fungsipun *kohesi leksikal kolokasi* laras kaliyan teori ingkang dipunginakaken. Inggih punngkasan inggih menika damel dudutan.

B. Data lan Sumbering Data

Data ingkang dipunpanggihaken ing cariyos cekak Kalawarti Djaka Lodang Edisi 03 – 22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013) menika jinis saha *fungsi kohesi leksikal kolokasi*. Dhata ingkang sampun dipunpanggihaken lajeng dipunpantha-pantha miturut jinising *kohesi leksikal kolokasi* saha *fungsi kohesi leksikal kolokasi*. Panganggening perangan basa cariyos cekak Kalawarti Djaka Lodang Edisi 03 – 22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013) menika kathah dipunpangaribawa dening panganggening *kohesi*. *Kohesi* menika perangan ingkang ndamel larasing *wacana*.

Sumber dhata panaliten menika cariyos cekak Kalawarti Djaka Lodang Edisi 03 – 22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013). Wonten ing rubrik cerita cekak Kalawarti Djaka Lodang Edisi 03 – 22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013) menika dipunpanggihaken jinis-jinisipun *kohesi leksikal*, ananging wonten ing panaliten menika panaliti nyawijikaken wonten ing babagan *kohesi leksikal kolokasi*. Senajan wujudipun cariyos cekak ananging boten medal saking unsur wacananipun. Kalawarti Djaka Lodang menika kalebet kalawarti basa Jawi ingkang kabeber saben seminggu sepisan.

C. Caranipun Ngempalaken Data

Anggenipun ngempalaken dhata kanthi maos saha nyathet. Ingkang sepisan, panaliti maos cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* Edisi 03 – 22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013) kangge manggihaken jinising *kohesi leksikal kolokasi* saha wujudipun *kohesi leksikal kolokasi* ingkang wujudipun *morfem*, *tembung*, *frasa*, *klausa* utawi perangan ingkang langkung wiyar. Kaping kalih

dipuntindhaken *teknik nyathet*. *Teknik nyathet* dipuntindhaken dening panaliti kangge nyatet sedaya dhata ingkang dipunkinten-kinten kalebet jinisipun *kohesi leksikal kolokasi*.

Cak-cakanipun nindakaken ngempalaken dhata, inggih menika:

1. nyamektakaken sumbering *data* ingkang awujud cariyos cekak wonten ing salebeting kalawarti *Djaka Lodang* Edisi 03 – 22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013) ;
2. maos kanthi tliti antawisipun ukara setunggal kaliyan ukara sanesipun kangge manggihaken jinising *kohesi leksikal kolokasi* saha fungsipun *kohesi leksikal kolokasi*;
3. bibaripun maos dipunlajengaken nyatet *data kohesi leksikal kolokasi* wonten ing kertu *data*;
4. asiling nyathet ing kertu *data* lajeng dipunperang miturut jinising *kohesi leksikal kolokasi* saha fungsipun *kohesi leksikal kolokasi*.

D. Pirantining Panaliten

Adhedhasar teknik ngempalaken dhata ing nginggil, pirantining panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika *tabel analisis data* kabiyantu dening kertu *data*. *Tabel analisis data* menika dipunginakaken kangge nganalisis data ingkang gegayutan kaliyan kaliyan wosing panaliten, wondene kertu data dipundinakaken kangge nyerat data panaliten ingkang dipunpanggihaken.

Sumber	: DL. 08. 20. 054
No.	: 054
Kaca	: 20
Dhata	: <i>Saben-saben butuh kanca, Satrio sok siap ngancani. Pancene Satrio ya mambu ati marang Wika dadine arep Wika ngana-ngene dituraturuti wae.</i>
Jinising	: <i>Kolokasi utawi sanding kata khusus ingkang awujud idiom “mambu ati”.</i>
Fungsi	: <i>“Mambu ati” menika tembung katrangan ingkang nerangaken kahanan inggih menika kata sifat.</i>

Gambar 1: *Format Kartu Analisis Data*

Katrangan:

Sumber : sumber dhata saking rubrik cerita cekak kalawarti Djaka Lodang, nomer edisi, kaca, nomer urut.

No. : nomer dhata

Kaca : kaca cariyos cekak kalawarti Djaka Lodang

Dhata : awujud rerangkening ukara ingkang ngemot *kohesi leksikal*

Jinis : jinis *kohesi leksikal kolokasi*

Fungsi : fungsi lingual *kohesi leksikal kolokasi*

Kangge manggihaken dhata panaliti menika nyamektakaken dhata awujud cerita cekak Kalawarti Djaka Lodang Edisi 03-22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013). Sasampunipun nyamektakaken dhata lajeng maos kanthi tliti antawisipun ukara setunggal kaliyan ukara sanesipun kangge manggihaken dhata awujud *morfem*, *tembung*, *frasa*, *klausa* utawi perangan ingkang langkung wiyar. Bibar maos dipunlajengaken nyathet dhata *kohesi leksikal* ing kertu dhata. Panaliti nglebetaken dhata saking *kartu analisis data* saha *tabel analisis data*.

E. Caranipun Nganalisis Data

Analisis dhata ingkang dipunginakaken ing panaliten menika ngginakaken *teknik deskriptif*. Miturut Arikunto (ing Prastowo, 2011 : 203) panaliten *deskriptif* menika dipunginakaken kangge ngandharaken *variabel* saha perangan ingkang dipuntliti jumbuh kaliyan kawontenanipun. Ingkang sepisan panaliti menika nyamektakaken dhata awujud cariyos cekak wonten ing Kalawarti Djaka Lodang Edisi 03-22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013). Sasampunipun nyamektakaken dhata lajeng maos kanthi tliti antawisipun ukara setunggal kaliyan ukara sanesipun kangge manggihaken dhata awujud jinis saha fungsi *kohesi leksikal kolokasi*. Bibar maos dipunlajengaken nyathet dhata *kohesi leksikal kolokasi* wonten ing kertu dhata.

Cara nganalisis dhata menika ingkang sepisan inggih menika dhata dipunpantha-pantha miturut jinising *kohesi leksikal kolokasi* lajeng dipunpadosi fungsipun *kohesi leksikal kolokasi*. Sasampunipun dhata dipunpilah-pilah lajeng nganalisis dhata miturut pamanggihipun panaliti adhedhasar *teori* landhesanipun. Ingkang pungkasan inggih menika ndamel dudutan asiling panaliten adhedhasar panaliten ngengingi jinis saha wujudipun *kohesi leksikal*.

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
1.	<i>Kertas kang kajereng iku banjur dilempit maneh. Pardi anteng nyawang sepine kahanan.</i>	√					Anteng saha sepine menika katrangan ingkang nerangaken kahanan rasa ati.	Anteng saha sepine menika minangka tembung ingkang <i>berkolokasi</i> tembung menika ing

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
								setunggaling jaringan inggih menika nggambarake kahanan.

Gambar 2: *Format Tabel Analisis Data*

Keterangan :

Jinis kohesi leksikal kolokasi:

1. *sanding kata umum,*
2. *sanding kata unik,*
3. *sanding kata register,*
4. *sanding kata khusus,*
5. *sanding kata budaya.*

Fungsi kohesi leksikal kolokasi:

1. tembung katrangan ingkang nerangaken tembung kriya,
2. tembung katrangan ingkang nerangaken kata sifat,
3. tembung katrangan ingkang nerangaken *nomina* ingkang minangka wasesa utawi *predikatif*,
4. tembung katrangan ingkang neranaken katrangan wonten ing ukara,
5. tembung katrangan ingkang nerangaken tembung wilangan.

F. *Validitas saha Reliabilitas*

Cara ingkang dipunginakaken kangge *validitas* data wonten ing panaliten menika kanthi *validitas triangulasi teori*, *validitas semantik*, saha tetimbangan ahli. *Validitas triangulasi teori* dipuntindakaken kanthi cara njumbuhaken data kaliyan landhesan *teori* ingkang dipunginakaken. *Validitas semantik* inggih menika dhata-dhata ingkang wonten sambet rapetipun kaliyan *kohesi leksikal kolokasi* ing cariyos cekak Kalawarti Djaka Lodang Edisi 03 – 22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013) dipunpadosi jinis saha fungsipun. *Uji validitas semantik* menika ugi nafsiraken dhata kanthi nggatosaken tegesipun. Data ingkang awujud satuan lingual (*tembung, frasa, utawi klausa*) dipunmaknani miturut konteksipun pramila langkung gampang dipunmangertosi. Wondene tuladhanipun inggih menika.

*Rampung sekolah es-em-a, aku kursus njahit. Lan kasil kanthi becik. Aku banjur ditukokkake mesin jahit dening Bapak. Ora ketang siji loro wis ana kang njaitake marang aku. Jare jaitanku klebu alus, upama **dibiji** ngono wis entuk enem setengah. Nanging urip ing ndesa kuwi klebu gampang angel. Contone kaya sing daklakoni iki, wong-wong sing njaitake akeh-akehe utang. Lan padatan terus lali yen duwe utang. Mula usaha jahitanku suwe-suwe ora mlaku. Awit ora ono sing njaitake meneh.* (Data Lampiran No. 48)

Data ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak Kalawarti Djaka Lodang kanthi irah-irahan “Tembang Ireng Peteng Wengi” menika kalaebet *sanding kata umum*. Wosipun paragraf ing nginggil menika ngandharaken bilih tokoh “aku” menika gadhah kaprigelan njahit ingkang sae saha alus kasil saking kursus saksampunipun lulus SMA. Saking data menika saged dipuntingali bilih ukara menika ngemot *sanding kata umum* babagan pendhidhikan katingal saking tembung-tembung ingkang dipunginakaken inggih menika ‘rampung sekolah es-

em-a’, ‘aku kursus njahit’, ‘kasil kanthi becik’, ‘jahitanku klebu alus’, ‘dibiji’, ‘enem setengah’. Kalebet *sanding kata umum* margi tembung ingkang dipunginakaken menika gampil dipunmangertosi saha antawisipun tembung setunggal kaliyan tembung sanesipun menika taksih wonten gegayutanipun.

Wondene fungsipun tembung wonten data ing nginggil inggih menika tembung ‘kursus njahit’ saha tembung ‘njahitake’ menika kalebet tembung kriya ingkang mratelakaken tandang gawe. Tembung ‘kursus njahit’ saha tembung ‘njahitake’ menika ugi kalebet *kolokasi* utawi *sanding kata* ingkang gadhah fungsi inggih menika tembung katrangan ingkang nerangaken tembung kriya. Wonten ugi tuladha tembung ingkang nerangaken *keadaan rasa indra* inggih menika ‘jahitanku klebu alus’ tegesipun jahitan ingkang dipundamel kaliyan tokoh aku menika katingal alus utawi rapi boten wonten cacatipun. Ukara ‘umpama dibiji ngono wis entuk enem setengah’ menika ngemot tuladha *fungsi kohesi leksikal kolokasi* inggih menika, tembung ‘umpama’ saha ‘entuk’ menika tembung katrangan ingkang nerangaken tembung wilangan pecahan ‘enem setengah’. Saengga wonten ing paragraf ing nginggil data menika kalebet tembung katrangan ingkang nerangaken tembung wilangan.

Tetimbangan ahli dipuntindakaken kanthi *mengkonsultasikan data* ingkang sampun dipunpanggihaken inggih menika babagan panaliten kaliyan ahli ingkang mangertos babagan ingkang dipuntliti, ahli wonten ing panaliten menika dosen pembimbing.

Reliabilitas ingkang dipunginakaken ing panaliten menika ngginakaken *uji reliabilitas stabilitas*. *Reliabilitas* dipuntindakaken kanthi maos cariyos cekak

Kalawarti Djaka Lodang Edisi 03 – 22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013) kanthi dipunambali, mliginipun dhata panaliten. Dhata ingkang sampun dipunpanggihaken menika dipunambali malih, dipunjumbuhaken kaliyan wosing cariyos cekak Kalawarti Djaka Lodang Edisi 03 – 22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013) supados dhata ingkang dipunasilaken menika minangka dhata ingkang *valid*.

BAB IV
ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Asiling Panaliten

Adhedhasar panaliten ingkang sampun katindakaken tumrap rubrik cerita cekak Kalawarti Djaka Lodang Edisi 03-22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013), pikantuk asiling panaliten ingkang jumbuh kaliyan wosing perkawis inggih menika jinis *kohesi leksikal kolokasi* saha fungsipun *kohesi leksikal kolokasi*. Asiling panaliten dipunadharaken kanthi tabel, inggih menika tabel ingkang ngemot jinis *kohesi leksikal kolokasi* saha fungsipun *kohesi leksikal kolokasi* supados langkung cetha. Asiling panaliten menika dipunandharaken ing Tabel 1 jinis *kohesi leksikal kolokasi* saha Tabel 2 fungsipun *kohesi leksikal kolokasi*.

Tabel 1: **Jinis *kohesi leksikal kolokasi* wonten ing rubrik cerita cekak Kalawarti Djaka Lodang Edisi 03 – 22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013).**

No.	Jinis <i>Kohesi Leksikal Kolokasi</i>	Indikator
1.	<i>Sanding Kata Umum</i>	<i>Rampung sekolah es-em-a, aku kursus njahit. Lan kasil kanthi becik. Aku banjur ditukokkake mesin jahit dening Bapak. Ora ketang siji loro wis ana kang njaitake marang aku. Jare jahitanku klebu alus, upama dibiji ngono wis entuk enem setengah. Nanging urip ing ndesa kuwi klebu gampang angel. Contone kaya sing daklakoni iki, wong-wong sing njaitake akeh-akehe utang. Lan padatan terus lali yen duwe utang. Mula usaha jahitanku suwe-suwe ora mlaku. Awit ora ono sing njaitake meneh. (Data Lampiran No. 48)</i>
2.	<i>Sanding Kata Unik</i>	<i>Alon-alon Pardi ninggalake taman. Angin ngelus kulite, ngelus balung lan otote kang ketaman cidraning asmara. Pardi lumaku sinambi kadhangkala ngremet bathike. Bathik tandha tresna bapak lan ibune. (Data Lampiran No. 11)</i>

Tabel saklajengipun

No.	Jinis <i>Kohesi Leksikal Kolokasi</i>	Indikator
3.	<i>Sanding Kata Register</i>	“Eh, lemah sing mepet kali kuwi dudu duwekmu senadyan minangka sesambungane pekaranganmu. Lemah sing ana belike kuwi klebu klebu lemah sempadane kali. Kuwi wis dadi aturane Negara . Sempadane kali kuwi saora-orane wates 10 meter saka sakiwa tengene pinggire kali. Dene yen jerone kali watara 3 tekan 20 meter, lemah sempadane kuwi watara 15 meter saka pinggire kali. Dadi belik ngsor wit gayam, klebu wit nggayame kae dudu duwekmu. ” (Data Lampiran No. 37)
4.	<i>Sanding Kata Khusus</i>	Saben-saben butuh kanca, Satrio sok siap ngancani. Pancene Satrio ya mambu ati marang Wika dadine arep Wika ngana-ngene diturat-turuti wae. (Data Lampiran No. 46)
5.	<i>Sanding Kata Budaya</i>	Biyen Bapak ngasta guru Bahasa Inggris ing SMA 1 ing kutha R , sadurunge ana ontran-ontran taun 1965. Bapak pancen seniman komplit . Ya ing karawitan, ndhalang, ngetoprak ing tobong, ya mucal beksan klasik . Nanging sing beken ana ing karawitan. Saben malem Minggu ndherek ngrawit ing tobong ketoprak. (Data Lampiran No. 69)

Tabel 2: Fungsi kohesi leksikal kolokasi wonten ing rubrik cerita cekak Kalawarti Djaka Lodang Edisi 03-22 Taun XLIII (15 Juni 2013-26 Oktober 2013).

No.	Fungsi <i>Kohesi Leksikal Kolokasi</i>	Indikator
1.	Tembung katrangan ingkang nerangaken tembung kriya	<i>Rampung sekolah es-em-a, aku kursus njahit. Lan kasil kanthi becik. Aku banjur ditukokkake mesin jahit dening Bapak. Ora ketang siji loro wis ana kang njaitake marang aku. Jare jahitanku klebu alus, upama dibiji ngono wis entuk enem setengah. Nanging urip ing ndesa kuwi klebu gampang angel. Contone kaya sing daklakoni iki, wong-wong sing njaitake akeh-akehe utang. Lan padatan terus lali yen duwe utang. Mula usaha jahitanku suwe-suwe ora mlaku. Awit ora ono sing njaitake meneh.</i> (Data Lampiran No. 48)

Tabel saklajengipun

No.	Fungsi <i>Kohesi Leksikal Kolokasi</i>	Indikator
2.	Tembung katrangan ingkang nerangaken kata sifat	<i>Sikepe Satoni ora owah. Dheweke iseh kaya bocah ndesa. Sopan santun lembah manah isih dijaga. Patrape panggah kalem, sithik guneman. Dheweke gelem crita yen ditakoni, paribasane kaya gong kae, yen ora ditabuh ora muni.</i> (Data Lampiran No. 50)
3.	Tembung katrangan ingkang nerangaken <i>nomina</i> ingkang minangka wasesa utawi <i>predikatif</i>	<i>Wong ngamen siji iki swarane kok empuk. Wadhuh cengkke, gregele, aku jan kepranan banget. Kok ora gelem nggabung siaran karawitan RRI Sala utawa RRI Purwokerto wae sing isih asring giyaran karawitan. Utawa ndherek dhalang kondhang Ki H. Manteb Sudarsono kanggo wiraswara. Jian... aku njinggleng sarendheng krungu swarane sing ulem cengkok lan gregele ngedab-edabi. Sinambi nembang dheweke mung tansah ndhingklik dhasar capinge amba nutupi rai.</i> (Data Lampiran No. 62)
4.	Tembung katrangan ingkang neranaken katrangan wonten ing ukara	<i>Nalika sekolah biyen aku duwe kanca arane Arum, amor saklas terus, wiwit kelas siji SMP nganti lulus sarjana. Saben dina runtang-runtung ngasi kaya sedulur. Bareng wis kuliah, srawungku mekar dadi sambung tresna..</i> (Data Lampiran No. 31)
5.	Tembung katrangan ingkang nerangaken tembung wilangan	<i>“Eh, lemah sing mepet kali kuwi dudu duwekmu senadyan minangka sesambungane pekaranganmu. Lemah sing ana belike kuwi klebu klebu lemah sempadane kali. Kuwi wis dadi aturane Negara. Sempadane kali kuwi saora-orane wates 10 meter saka sakiwa tengene pinggire kali. Dene yen jerone kali watara 3 tekan 20 meter, lemah sempadane kuwi watara 15 meter saka pinggire kali. Dadi belik ngsor wit gayam, klebu wit nggayame kae dudu duwekmu.”</i> (Data Lampiran No. 37)

Kados ingkang sampun kaandharaken wonten ing Tabel 1 menika jinising *kohesi leksikal kolokasi* ingkang wonten ing cariyos cekak Kalawarti Djaka Lodang Edisi 03-22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013) kaperang dados gangsal inggih menika, (1) *sanding kata umum*, (2) *sanding kata unik*, (3) *sanding kata register*, (4) *sanding kata khusus*, (5) *sanding kata budaya*. Saha Tabel 2

inggih menika ngandharaken fungsipun *kohesi leksikal kolokasi* ingkang wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* Edisi 03-22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013) antawisipun, (1) tembung katrangan ingkang nerangaken tembung kriya; (2) tembung katrangan ingkang nerangaken *kata sifat*; (3) tembung katrangan ingkang nerangaken *nomina* ingkang minangka wasesa utawi *predikatif*; (4) tembung katrangan ingkang neranaken katrangan wonten ing ukara; (5) tembung katrangan ingkang nerangaken tembung wilangan. Jangkepipun *data jinis kohesi leksikal kolokasi* saha fungsipun *kohesi leksikal kolokasi* wonten ing Rubrik Cerita Cekak kalawarti *Djaka Lodang* Edisi 03-22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013) salajengipun wonten ing lampiran.

B. Pirembagan

Pirembagan asiling panaliten menika awujud deskripsi jinis ing *kohesi leksikal kolokasi* saha fungsipun *kohesi leksikal kolokasi* ingkang wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* Edisi 03-22 Taun XLIII (15 Juni 2013 - 26 Oktober 2013). Anggenipun ngrembag jinis saha fungsipun *kohesi leksikal kolokasi* dipunpadosaken setunggal tuladha supados tumata saha boten njuwarehi. Kejawi makaten, anggenipun ngrembag fungsipun *kohesi leksikal kolokasi* menika gadhah gayutanipun kaliyan *deskripsi jinis kohesi leksikal kolokasi*. *Data* ingkang sampun dipunserat wonten ing asiling panaliten salajengipun dipunrembag kanthi langkung wiyar adhedhasar teori ingkang sampun kaandharaken wonten BAB II kados wonten ing ngandhap menika.

1. **Jinising Kohesi Leksikal Kolokasi**

Kados ingkang wonten ing Tabel 1, jinis *kohesi leksikal kolokasi* ingkang wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* Edisi 03-22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013) antawisipun *sanding kata umum*, *sanding kata unik*, *sanding kata register*, *sanding kata khusus*, *sanding kata budaya*. Wonten ing ngandhap menika pirembagan babagan jinis-jinis *kohesi leksikal kolokasi* ingkang wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* Edisi 03-22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013) saha tuladhanipun.

a. ***Sanding Kata Umum***

Sanding kata umum inggih menika *sanding kata* ingkang dipunginakaken wonten ing basa padintenan. *Sanding kata* ingkang dipunginakaken boten wonten gayutanipun kaliyan *profesi*, *hobi*, utawi budaya tartamtu ananging tegesipun saged dipunmangertosi kaliyan sinten kemawon. *Sanding kata umum* ingkang dipunpangghaken wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* kanthi irah-irahan “Rejeki ora Bakal Kleru Tibane” menika kados tetembungan ingkang sesandhingan inggih menika ‘nonton tari-tarian’, ‘tetembangan’, saha ‘ngedum hadiah’ saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

- (1) *Jam sepuluh jalan santai wis rampung, mubengi kutha Muntilan, banjur padha nonton tari-tarian, tetembangan, lan ngedum hadiah.*
(Data Lampiran No. 30)

Data (1) ing nginggil menika minangka paragraf ingkang wosipun ngandharaken bilih sakbibaripun jalan santai pukul sedasa menika dipunlajengaken sami mriksani tari-tarian, tetembangan, kaliyan ngedum hadiah. Saking tuladha menika saged dipuntingali bilih ukara menika ngemot *sanding*

kata umum amargi tembung-tembung ingkang dipunginakaken menika limrah saha gampang dipunmangertosi tegesipun. Saha tembung ingkang dipunginakaken inggih menika ‘nonton tari-tarian’, ‘tetembangan’, saha ‘ngedum hadiah’ taksih wonten ing setunggal jaringan inggih menika acara wonten ing jalan antai menika.

(2) *Kertas kang kajereng iku banjur dilempit maneh. Pardi anteng nyawang sepine kahanan.* (Data Lampiran No. 1)

Sanding kata umum data (2) menika dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* kanthi irah-irahan “Bathik saka Bapak”. Wosipun paragraf ing nginggil menika kawontenan sakiwa tengenipun nalika Pardi maos serat. Paragraf menika kasusun saking kalih ukara kados ing ngandhap menika.

(2a) *Kertas kang kajereng iku banjur dilempit maneh.*

(2b) *Pardi anteng nyawang sepine kahanan.*

Data (2a) saha (2b) ing nginggil menika nggambaraken kahanan ing sakiwa-tengenipun Pardi nalika sasampunipun maos serat. Ing ukara (2a) menika nyariyosaken bilih serat ingkang sampun dipunwaos kaliyan pardi menika dipunlempit malih. Ukara (2b) nggambaraken bilih kawontenan sakiwa-tengenipun Pardi ingkang sepi. Ing data menika kapanggihaken tembung ‘anteng’ saha ‘sepine’ menika ingkang nedahaken bilih data ing nginggil menika wonten *kohesi leksikal kolokasi* ingkang kalebet *sanding kata umum*. Anggenipun mbuktekaken menawi data menika kalebet *sanding kata umum* inggih menika kanthi cara ngicali satuan lingual ingkang minangka tembung-tembung ingkang *berkolokasi* ingkang kalebet *sanding kata umum* inggih menika tembung ‘anteng’ saha ‘sepine’ ing ukara (2b). Menawi tembung ‘anteng’ saha ‘sepine’ ing ukara (2b) menika dipunicali lajeng dipunwaos saha dipunjumbuhaken kaliyan *konteks*,

pramila ngewahi *informasi* ingkang dipunandharaken saha boten *kohesif*. Tegesipun tembung ‘anteng’ saha ‘sepine’ menika saged dipunmangertosi sanajan boten dipunandharaken tegesipun wonten ing paragraf menika, saengga ukara (2a) saha (2b) menika kalebet *sanding kata umum*.

- (3) ***Rampung sekolah es-em-a, aku kursus njahit. Lan kasil kanthi becik. Aku banjur ditukokkake mesin jahit dening Bapak. Ora ketang siji loro wis ana kang njaitake marang aku. Jare jahitanku klebu alus, upama dibiji ngono wis entuk enem setengah. Nanging urip ing ndesa kuwi klebu gampang angel. Contone kaya sing daklakoni iki, wong-wong sing njaitake akeh-akehe utang. Lan padatan terus lali yen duwe utang. Mula usaha jahitanku suwe-suwe ora mlaku. Awit ora ono sing njaitake meneh.*** (Data Lampiran No. 48)

Sanding kata umum data (3) menika dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* kanthi irah-irahan “Tembang Ireng Peteng Wengi”. Wosipun paragraf ing nginggil menika ngandharaken bilih tokoh “aku” menika gadhah kaprigelan njahit ingkang sae saha alus kasil saking kursus saksampunipun lulus SMA. Saking data (3) menika saged dipuntingali bilih ukara menika ngemot *sanding kata umum* babagan pendhidhikan katingal saking tembung-tembung ingkang dipunginakaken inggih menika ‘rampung sekolah es-em-a’, ‘aku kursus njahit’, ‘kasil kanthi becik’, ‘jahitanku klebu alus’, ‘dibiji’, ‘enem setengah’. Kalebet *sanding kata umum* amargi tembung ingkang dipunginakaken menika gampil dipunmangertosi saha antawisipun tembung setunggal kaliyan tembung sanesipun menika taksih wonten gegayutanipun.

b. *Sanding Kata Unik*

Sanding kata unik inggih menika *sanding kata* ingkang tegesipun unik. *Sanding kata unik* ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* kanthi irah-irahan “Dudu Rama lan Sinta” menika kados tembung

ingkang sesandhingan inggih menika ‘diangkat dadi guru ing Jepara’ kaliyan ‘diangkat ing Pemalang’ saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

- (4) *Let telung sasi, aku tanpa panggilan saka kantor pendidikan, sinartan surat katetepan **diangkat dadi guru** ing Jepara, dene Dhik Arum **diangkat ing Pemalang**.* (Data Lampiran No. 34)

Data (4) ing nginggil menika minangka paragraf ingkang wosipun ngandharaken bilih paraga ‘Aku’ saha ‘Dhik Arum’ menika sami-sami dipunangkat dados guru wonten ing Jepara saha Pemalang. Tembung ‘diangkat’wonten ing paragraf (4) ing nginggil menika gadhah teges ingkang *unik*. Tembung ‘diangkat’menika tegesipun sanes dipunjunjung utawi dipunbopong ananging wonten ing ukara ‘diangkat dadi guru ing Jepara’ kaliyan ‘diangkat ing Pemalang’ menika tegesipun sampun ‘dipun tetepaken’ dados guru wonten ing wilayah menika. Tembung ‘diangkat’ menika kangge nedahaken *informasi*, inggih menika bilih tiyang menika sampun dados PNS wonten ing setunggaling daerah.

Sanding kata unik ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* kanthi irah-irahan “Bathik saka Bapak” menika kados *frasa* ingkang sesandhingan inggih menika ‘angin ngelus kulite’ kaliyan ‘ngelus balung lan otote’ saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

- (5) *Alon-alon Pardi ninggalake taman. **Angin ngelus kulite, ngelus balung lan otote** kang ketaman cidraning asmara. Pardi lumaku sinambi kadhangkala ngremet bathike. Bathik tandha tresna bapak lan ibune.* (Data Lampiran No. 11)

Wosipun paragraf ing nginggil menika nalika Pardi nembe ketaman cidraning asmara. Ing data menika kapanggihaken *frasa* ‘angin ngelus kulite’ kaliyan ‘ngelus balung lan otote’ ingkang gadhah teges unik. *Keunikan* menika

wonten ing tembung ‘ngelus’ ingkang tegesipun ‘ngusap, nggosok’, ananging wonten ing paragraf (5) menika ingkang dipunkarepaken tembung ‘ngelus’ sanes ngelu-ngelus kados tangan ananging tembung menika minangka *perumpamaan* ingkang nggambaraken kahanan inggih menika ing taman ingkang wonten angin sumilir ing sakiwa tengenipun nalika Pardi nembe ketaman cidraning asmara saengga kapanggihaken *frasa* ‘angin ngelus kulite’ kaliyan ‘ngelus balung lan otote’ gambaraken kahanan ingkang sedhah.

Sanding kata unik ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* kanthi irah-irahan “Bathik saka Bapak” menika kados *frasa* ingkang sesandhingan inggih menika ‘kanca kenthel’ saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

- (6) *Pardi lan Wiwin iku **kanca kenthel**. Wong sakloron iku kuliah ing Universitas Atas Angin. Bedane Pardi mahasiswa jurusan Pendidikan Bahasa Daerah dene Wiwin mahasiswa jurusan Pendidikan Teknik Mesin.* (Data Lampiran No. 7)

Data (6) ing nginggil nyariyosaken bilih Pardi kaliyan Wiwin menika kanca kenthel. Tembung ‘kanca kenthel’ wonten ing paragraf menika gadhah teges ingkang *unik*. ‘Kenthel’ menika limrahipun sesandhingan kaliyan ujukan kados teh, sirop, utawi susu, ananging kenthel wonten ing paragraf menika sesandhingan kaliyan tembung ‘kanca’ saengga dadosakenteges enggal inggih menika kanca ingkang sampun akrab sanget utawi kanca plek. Awit saking menika wontenipun pasangan tembung ingkang *berkolokasi* ing nginggil kanthi *konteks* menika njurung gembelngipun wacana.

c. Sanding Kata Register

Sanding kata register menika boten limrah wonten ing basa padintenan ananging wonten ing lingkungan utawi profesi tartamtu basa menika limrah. *Sanding kata register* ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* kanthi irah-irahan “Tinimbang” menika kados *frasa* ingkang sesandhingan inggih menika ‘numpaksepur’, ‘nunutsepur’, ‘numpakbus’, ‘tekane sepur sing saka kulon’, ‘peron stasiun Lempuyangan’, saha ‘kreta’ saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

- (7) *Awan kuwi aku kepengin bali saka Yogya menyang Madiun numpak sepur. Sajege aku kuliah ana Yogya ya lagi iki aku kepengin bali tilik Madiun, kanthi nunut sepur. Numpak bus kuwi saka rumangsaku luwih cepet tekane ngenggon. Nalika aku lagi lungguh ngenteni tekane sepur sing saka kulon, ing peron stasiun Lempuyangan, Yogya, ana Kenya takon marang aku. “Mas, kreta saka Bandung apa wis liwat?”* (Data Lampiran No. 124)

Data (7) ing nginggil menika minangka paragraf ingkang wosipun nggambaraken nalika wonten ing stasiun kreta. Saking data (7) menika saged dipuntingali bilih ukara menika ngemot *sanding kata register* amargi tembung-tembung ingkang dipunginakaken menika wonten ing setunggal *jaringan* utawi lingkungan inggih menika stasiun. Wontenipun tembung ‘numpaksepur’, ‘nunut sepur’, ‘numpak bus’, ‘tekane sepur sing saka kulon’, ‘peron stasiun Lempuyangan’, saha ‘kreta’ menika kangge nedahaken *informasi* bilih wosipun menika nggambaraken nalika wonten ing stasiun kreta. Jinis *sandhing kata* menika saged dipuntemtukaken saking tembung-tembung ingkang dipunginakaken inggih menika ‘numpak sepur’, ‘nunut sepur’, ‘numpak bus’, ‘tekane sepur sing saka kulon’, ‘peron stasiun Lempuyangan’, saha ‘kreta’ menika

tembung ingkang limrah dipunginakaken menawi pangandikan menika wonten ing stasiun. Tembung-tembung menika kalebet wonten ing setunggal *lingkungan* kaliyan tembung menika limraipun katingal bilih wonten lingkungan stasiun, saha ukara setunggal kaliyan ukara sanesipun wonten gayutanipun saengga kalebet *sanding kata register*.

- (8) “*Eh, lemah sing mepet kali kuwi dudu duwekmumu senadyan minangka sesambungane pekaranganmu. Lemah sing ana belike kuwi klebu klebu lemah sempadane kali. Kuwi wis dadi aturane Negara. Sempadane kali kuwi saora-orane wates 10 meter saka sakiwa tengene pinggire kali. Dene yen jerone kali watara 3 tekan 20 meter, lemah sempadane kuwi watara 15 meter saka pinggire kali. Dadi belik ngsor wit gayam, klebu wit nggayame kae dudu duwekmumu.*”
(Data Lampiran No. 37)

Data (8) ing nginggil menika dipunpangguhaken wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* kanthi irah-irahan “Belik” minangka paragraf ingkang kalebet *sanding kata register* ingkang wosipun ngandharaken aturan pamrintah babagan watesan lahan sakiwa tengenipun. Tembung-tembung ‘aturane Negara’, ‘sempadane kali’, ‘wates 10 meter’, ‘sakiwa tengene pinggire kali’, ‘jerone kali watara 3 tekan 20 meter’, ‘lemah sempadane kuwi watara 15 meter saka pinggire kali’ menika kalebet *kolokasi register* inggih menika babagan hukum utawi aturan pamrintah, amargi tembung-tembung menika boten limrah menawi dipunngendikakaken masyarakat ing sabendintenipun tembung menika limrah katingal nalika ngendikakaken aturan pamrintah babagan watesan lahan sakiwa tengenipun.

d. *Sanding Kata Khusus*

Sanding kata khusus menika kaperang dados kalih inggih menika *idiom* saha *ungkapan*. *Idiom* menika gabungan tembung ingkang tegesipun boten saged

dipunmangertosi saking tegesipun saben-saben tembung ingkang ndadosaken gabungan tembung menika. *Idiom* utawi tembung entar inggih menika kaperang dados paribasan, bebasan, saloka. *Ungkapan* menika tegesipun tembung saged dipunmangertosi kanthi cara negesi saben-saben tembungipun. *Ungkapan* kaperang dados tembung, frasa, klausa, saha ukara.

Sanding kata khusus ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* kanthi irah-irahan “Sabar Sawetara” menika kados *frasa* ingkang sesandhingan inggih menika ‘merak ati’ saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

- (9) *Petugas Puskesmas pancen trengginas, apa maneh doktere wah katone ora mung terngginas nanging uga merak ati.*
(Data Lampiran No. 101)

Data (9) ing nginggil nggambaraken sipatipun tiyang inggih menika ingkang dipunmaksud wonten ing ukara menika petugas puskesmas. Ing data menika kapanggihaken tembung ‘merak ati’ ingkang kalebet *sanding kata khusus* inggih menika *ungkapan*. Wontenipun *sanding kata khusus* ing paragraf (9) ing nginggil kanthi ngginakaken tembung ‘merak ati’ menika nggambaraken watakipun tiyang ingkang dipunmaksud wonten ing ukara menika petugas puskesmas. ‘Merak ati’ menika tegesipun kedah ngreksa kaendahan lair batin, sopan anggenipun ngendikan, ugi luwes.

- (10) *Saben-saben butuh kanca, Satrio sok siap ngancani. Pancene Satrio ya mambu ati marang Wika dadine arep Wika ngana-ngene dituraturuti wae.* (Data Lampiran No. 46)

Data (10) menika paragraf ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* kanthi irah-irahan “Layang Ulem” menika

wosipun ngandharaken bilih tokoh Satrio gadhah raos tresna kaliyan Wika. Data (10) menika ngemot *kolokasi* utawi *sanding kata khusus* inggih menika kalebet *idiom* ‘mambu ati’ ingkang tegesipun gadhah raos kaliyan tiyang sanes (*lawan jenis*). Tembung ‘mambu ati’ menika kalebet *idiom* amargi gadhah makna kias, saengga tembung menika boten saged dipuntegesi kanthi cara negesi saben tembung-tembungipun ananging kedah kanthi *makna keseluruhan*.

Sanding kata khusus dipunpangghaken wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* kanthi irah-irahan “Ranti” menika kados *frasa* ingkang sesandhingan inggih menika ‘cebol nggayuh lintang’ saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

- (11) *Nanging panguripan saka nulis lan nggilut sastra budaya Jawa, angel lan durung bisa didadekake cagak panguripan ing wektu iki, kurang banget kawigaten saka pemerintah lan masyarakat. Mula kaya bebasan “cebol nggayuh lintang” kae. Mung saka gedhening panyurunge Ranti, aku dadi luwih teguh ngrungkepi katresnan iki. (Data Lampiran No. 84)*

Data ing nginggil nyariyosaken katresnan antawisipun paraga ‘aku’ kaliyan Ranti. Ing data menika kapangghaken bebasan ‘cebol nggayuh lintang’ menika ingkang nedahaken bilih data ing nginggil menika ngemot *sanding kata khusus* ingkang kalebet *idiom*. ‘Cebol nggayuh lintang’ menika kalebet setunggaling bebasan ingkang tegesipun gadhah kecarepan ingkang inggil ananging boten saged kalampahan. Kanthi ngginakaken bebasan kadosta ‘cebol nggayuh lintang’ menika nyethakaken bab ingkang nembe dipuncariyosaken. Kejawi menika, wontenipun *sanding kata khusus* ing paragraf menika nedahaken bilih ukara setunggal kaliyan ukara sanesipun wonten gayutanipun. Awit saking menika

wontenipun bebasan kadosta ‘cebol nggayuh lintang’ ingkang *berkolokasi* ing nginggil kanthi *konteks* menika njurung gemblengipun wacana.

e. ***Sanding Kata Budaya***

Sanding kata budaya inggih menika tembung-tembung ingkang wonten gayutanipun kaliyan budaya mliginipun budaya Jawi. *Sanding kata* budaya ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* kanthi irah-irahan “Belik” menika kados tembung ‘belik’ ingkang saged dipuntingali ing *data* ngandhap menika.

- (12) *Warti methentheng ana sandhuwure **belik** sanding omahe. Dene ing belik kono mau ono wong wadon cacah telu isih pada umbah-ubah. Wong-wong wadon sing padha umbah-ubah kuwi mau padha mlenggak lan nyawang Wartu.* (Data Lampiran No. 36)

Data (12) ing nginggil menika minangka paragraf ingkang wosipun nggambaraken Wartu duka amagi wonten ingkang ngangge belik wonten ing sandhing griyanipun ingkang dipunrumaosi belik menika kangunganipun, saengga sinten kemawon ingkang badhe ngginakaken belik menika kedah matur rumiyin kaliyan Wartu. Saking data (12) menika saged dipuntingali bilih ukara menika ngemot *sanding kata* budaya amargi tembung ingkang dipunginakaken inggih menika ‘belik’ ingkang tegesipun ‘sendhang alit utawi tuk wonten ing pinggir lepen’. ‘Belik’ menika kalebet *sanding kata* budaya amargi kawontenan ‘belik’ menika boten wonten ing sedaya panggenan ananging namung wonten ing dhusun-dhusun ingkang pinggiran-pinggiranipun menika taksih kathah tuk utawi lepen. Jinis data menika saged dipuntemtukaken saking tembung ingkang dipunginakaken inggih menika ‘belik’ ugi wonten tembung ‘ubah-ubah’ saengga data menika kalebet *sanding kata* budaya.

Sanding kata budaya ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* Lodang kanthi irah-irahan “Prasetyaku” menika kados tembung ‘seniman komplit’, ‘karawitan’, ‘ndhalang’, ‘ngetoprak’, ‘mucal beksan klasik’ ingkang saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

- (13) *Biyen Bapak ngasta guru Bahasa Inggris ing SMA 1 ing kutha R, sadurunge ana ontran-ontran taun 1965. Bapak pancen seniman komplit. Ya ing karawitan, ndhalang, ngetoprak ing tobong, ya mucal beksan klasik. Nanging sing beken ana ing karawitan. Saben malem Minggu ndherek ngrawit ing tobong ketoprak.*
(Data Lampiran No. 69)

Data (13) ing nginggil menika minangka paragraf ingkang wosipun ngandharaken kaprigelanipun tokoh “Bapak” ingkang kalebet ‘seniman komplit’, inggih menika gadhah kaprigelan saged ‘karawitan’, ‘ndhalang’, ‘ngetoprak’, ‘mucal beksan klasik’. Saking data (13) menika saged dipuntingali bilih ukara menika ngemot *sanding kata* budaya amargi tembung ingkang dipunginakaken inggih menika ‘karawitan’, ‘ndhalang’, ‘ngetoprak’, ‘mucal beksan klasik’ ingkang kalebet *kolokasi* budaya inggih menika kalebet seni kabudayan Jawi.

2. Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi

a. Tembung Katrangan ingkang Nerangaken Tembung Kriya

Tembung katrangan ingkang nerangaken tembung kriya ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* kanthi irah-irahan “Tembang Ireng Peteng Wengi” saged kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

- (14) *Rampung sekolah es-em-a, aku kursus njahit. Lan kasil kanthi becik. Aku banjur ditukokkake mesin jahit dening Bapak. Ora ketang siji loro wis ana kang njaitake marang aku. Jare jahitanku klebu alus, upama dibiji ngono wis entuk enem setengah. Nanging urip ing ndesa kuwi klebu gampang angel. Contone kaya sing daklakoni iki, wong-*

wong *sing njahitake* akeh-akehe utang. Lan padatan terus lali yen duwe utang. Mula usaha jahitanku suwe-suwe ora mlaku. Awit ora ono sing njaitake meneh. (Data Lampiran No. 48)

Wosipun paragraf (14) ing nginggil menika ngandharaken bilih tokoh ‘aku’ menika gadhah kaprigelan njahit ingkang sae saha alus kasil saking kursus saksampunipun lulus SMA. Saking data (14) ing nginggil tembung ‘kursus njahit’ saha tembung ‘njahitake’ menika kalebet tembung kriya ingkang mratelakaken tandang gawe. Tembung ‘kursus njahit’ saha tembung ‘njahitake’ menika ugi kalebet *kolokasi* utawi *sanding kata* ingkang gadhah fungsi inggih menika tembung katrangan ingkang nerangaken tembung kriya.

Tembung katrangan ingkang nerangaken tembung kriya ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* kanthi irah-irahan “Prasetyaku” saged kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

(15) *Biyen Bapak ngasta guru Bahasa Inggris ing SMA 1 ing kutha R, sadurunge ana ontran-ontran taun 1965. Bapak pancen seniman komplit. Ya ing karawitan, ndhalang, ngetoprak ing tobong, ya mucal beksan klasik. Nanging sing beken ana ing karawitan. Saben malem Minggu ndherek ngrawit ing tobong ketoprak.* (Data Lampiran No. 69)

Wosipun paragraf (15) ing nginggil menika ngandharaken padamelanipun Bapak inggih menika dados guru Bahasa Inggris saha seniman komplit. Saking data (15) ing nginggil tembung ‘ngasta guru’, ‘ndalang’, ‘ngetoprak’, ‘mucal beksan klasik’, saha ‘ndherek ngrawit’ menika kalebet tembung kriya ingkang mratelakaken tandang gawe. Tembung ‘ngasta guru’, ‘ndalang’, ‘ngetoprak’, ‘mucal beksan klasik’, saha ‘ndherek ngrawit’ menika ugi kalebet *kolokasi* utawi

sanding kata ingkang gadhah *fungsi* inggih menika tembung katrangan ingkang nerangaken tembung kriya.

b. Tembung Katrangan ingkang Nerangaken *Kata Sifat*

1) Tembung Kahanan

Tembung katrangan ingkang nerangaken tembung watak utawi kahanan ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* kanthi irah-irahan “Tembanag Ireng Peteng Wengi” saged kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

- (16) *Sikepe Satoni ora owah. Dheweke iseh kayabocah ndesa. Sopan santun lembah manah isih dijaga. Patrape panggah kalem, sithik guneman. Dheweke gelem crita yen ditakoni, paribasane kaya gong kae, yen ora ditabuh ora muni.* (Data Lampiran No. 50)

Wosipun paragraf (16) ing nginggil menika ngandharaken watakipun Satoni. Data paragraf (16) ing nginggil menika ngemot tembung-tembung ingkang kalebet tembung kahanan utawi watak inggih menika ‘kaya bocah ndesa’ ‘sopan santun’, ‘lembah manah isih dijaga’, ‘kalem’, ‘sithik guneman’. Menika ngandharaken sifat utawi watakipun tiyang sanes. Tembung ‘kaya bocah ndesa’ menika ugi kalebet *kolokasi* utawi *sanding kata* ingkang gadhah *fungsi* inggih menika tembung katrangan ingkang nerangaken kahanan inggih menika *kata sifat* ingkang nerangaken tembung ‘sopan santun’, ‘lembah manah isih dijaga’, ‘kalem’, ‘sithik guneman’.

Tembung katrangan ingkang nerangaken tembung watak utawi kahanan ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* kanthi irah-irahan “Belik” saged kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

- (17) “*Iki mesti pokale Warti apa Narto. Jian wong kae pancen **jail, methakil, drengki, srei, lan uthil** temenan.*” Ngono aloke wong-wong Desa Karang Sari. (Data Lampiran No. 39)

Wosipun paragraf (17) ing nginggil menika ngandharaken watakipun Warti saha Narto. Data paragraf (17) ing nginggil menika ngemot tembung-tembung ingkang kalebet tembung kahanan utawi watak inggih menika ‘jail’, ‘methakil’, ‘drengki’, ‘srei’, ‘uthil’. Menika ngandharaken sifat utawi watakipun tiyang sanes. Tembung ‘jail’, ‘methakil’, ‘drengki’, ‘srei’, ‘uthil’ menika ugi kalebet *kolokasi* utawi *sanding kata* ingkang gadhah *fungsi* inggih menika tembung katrangan ingkang nerangaken kahanan inggih menika *kata sifat*.

2) Tembung *Keadaan Warna*

Tembung katrangan ingkang nerangaken *keadaan warna* ingkang dipunpangihaken wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* kanthi irahan-irahan “Bathik saka Bapak” saged kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

- (18) *Pardi glosoran meneh ing kasur. Dibuka **kothakan soklat** ing dhuwur meja sinaune. Diwetokake bathik kang wis winahya ing layang, **bathik werna soklat** kanthi motif cuwiri.* (Data Lampiran No. 9)

Wosipun paragraf (18) ing nginggil menika ngandharaken bilih Pardi pikantuk bathik soklat motif cuwiri. Data paragraf (18) ing nginggil menika ngemot tembung ingkang kalebet tembung *keadaan warna* inggih menika ‘soklat’. Tembung ‘soklat’ menika nerangaken tembung ‘kothakan’ saha nerangaken ‘bathik motif cuwiri’ ingkang gadhah warna ‘soklat’.

3) **Tembung Keadaan Ukuran**

Tembung katrangan ingkang nerangaken *keadaan ukuran* ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* kanthi irahan “Dudu Rama lan Sinta” saged kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

- (19) *“Dhik Arum sing dak tresnani. Ora ana dalam liya Dhik. Demi rasa kurmat lan bekti marang wong tuwa, awake dhewe kudu rila murungake sedyana senadyan aku ngerti, **ati bakal remuk rempu dadi lebu.**”* (Data Lampiran No. 33)

Wosipun paragraf (19) ing nginggil menika ngandharaken bilih kedah mungkasi sesambungan demi rasa kurmat saha bekti dhumateng tiyang sepuh. Data paragraf (19) ing nginggil menika kalebet tembung *keadaan ukuran* menawi dipuntingali saking ukara ‘remuk rempu dadi lebu’. Kalebet tembung *keadaan ukuran* menika katingal wonten ing paragraf inggih menika ‘remuk rempu dadi lebu’ menika nerangaken tembung ‘ati’.

Tembung katrangan ingkang nerangaken *keadaan ukuran* ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* kanthi irahan “Ketua RT” saged kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

- (20) *Wangsulane Indri saya nekad, jagade kaya mung **sagodong kelor.** Indri wus ora ngetung asmane wong tuwa, sing ana gawang-gawangan pojoking netra amung kebagusaning Tadin.* (Data Lampiran No. 79)

Wosipun paragraf (20) ing nginggil menika ngandharaken bilih Indri nekad boten manut kaliyan tiyang sepuhipun. Data paragraf (20) ing nginggil menika kalebet tembung *keadaan ukuran* menawi dipuntingali saking ukara ‘sagodong kelor’. Kalebet tembung *keadaan ukuran* menika katingal wonten ing paragraf (20) inggih menika ‘sagodong kelor’ nerangaken tembung ‘jagade’.

4) **Tembung Keadaan Bentuk**

Tembung katrangan ingkang nerangaken *keadaan bentuk* ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* kanthi irah-irahan “Rejeki Ora Bakal Kleru Tibane” saged kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

(21) “*Ya eling ta Pak. Biyen awake dhewe isih ngontrak pindhah-pindhah omah. Saiki sanajan ora magrong-magrong wis bisa duwe omah gedhong.* (Data Lampiran No. 16)

Wosipun paragraf (21) ing nginggil menika ngandharaken bilih sakmenika sampun gadhah griya sanajan boten magrong-magrong. Tembung ‘*omah gedhong*’ ing data paragraf (21) ing nginggil menika kalebet tembung *keadaan bentuk* amargi ukara menika ngandharaken *bentuk* utawi wujudipun omah ingkang gedhong. Wonten ing Kamus Baoesastra Djawa menika tembung gedhong tegesipun ‘griya ingkang mawi pager bata’ inggih menika omah ingkang katingal ageng magrong-magrong.

5) **Tembung Keadaan Jarak**

Tembung katrangan ingkang nerangaken *keadaan jarak* ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* kanthi irah-irahan “Godhaning Asmara” saged kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

(22) *Obrolan lumantar facebook iku kawitane biasa-biasa wae. Suwe-suwe mecungul tembung-tembung mesra, asmara. Kaya ABG wae. Telung jam rasane kaya telung menit.* (Data Lampiran No. 130)

Data paragraf (22) ing nginggil inggih menika ‘telung jam rasane kaya telung menit’ kalebet tembung *keadaan jarak* amargi tembung menika

nggambaraken bilih wekdal ingkang kalampahan menika kraos cepet, kasunyatanipun menika tigang jam ananging kraos tigang menit.

6) **Tembung *Keadaan Cara***

Tembung katrangan ingkang nerangaken *keadaan cara* ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* kanthi irahan “Rejeki Ora Bakal Kleru Tibane” saged kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

(23) *Sidane wong loro sing jebul padha-padha guru mau umyeg guyon lan padha **adol crita** ngayawara nyejarahe senine urip kanthi bayar cupet.* (Data Lampiran No. 20)

Saking data (23) ing nginggil menika kalebet tuladha tembung *keadaan cara* inggih menika ‘adol cerita’. Tembung ‘adol cerita’ menika tegesipun sami nyariosaken utawi mbeberaken kabar dhateng tiyang sanes.

7) **Tembung *Keadaan Rasa Ati***

Tembung katrangan ingkang nerangaken *keadaan rasa ati* ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* kanthi irahan “Bathik saka Bapak” saged kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

(24) *Kertas kang kajereng iku banjur dilempit maneh. Pardi **anteng** nyawang **sepine** kahanan.* (Data Lampiran No. 1)

Tembung ‘anteng’ saha ‘sepine’ wonten ing data (24) paragraf ing nginggil menika nggambaraken raosing ati ingkang dipunraosaken kaliyan tokoh Pardi, saengga tembung ‘anteng’ saha ‘sepine’ menika kalebet tembung *keadaan rasa ati*.

8) **Tembung Keadaan Rasa Indra**

Tembung katrangan ingkang nerangaken *keadaan rasa indra* ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* kanthi irah-irahan “Rejeki Ora Bakal Kleru Tibane” saged kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

(25) *Luhe Pardi saya ndadra. Angin nabuh cendhela ing tengen siraha. Nanging sepi kaya-kaya bali ing teras lan Pardi ngrasakake suwung kang jeru.* (Data Lampiran No. 5)

‘Angin nabuh cendela’ wonten ing tuladha (25) ing nginggil menika kalebet tuladha tembung keadaan rasa indra ananging bilih dipun tingali saking maknanipun tembung ‘angin nabuh cendela’ menika sanes angin ingkang nabuh kados tangan nabuh kendhang ananging ukara menika gadhah makna kias inggih menika kangge nggambaraken raos ingkang sepi saha tentrem ingkang wonten anging sumribit.

(26) *Rampung sekolah es-em-a, aku kursus njahit. Lan kasil kanthi becik. Aku banjur ditukokkake mesin jahit dening Bapak. Ora ketang siji loro wis ana kang njaitake marang aku. Jare jahitanku klebualus, upama dibiji ngono wis entuk enem setengah.* (Data Lampiran No. 48)

Saking paragraf (26) ing nginggil inggih menika data saking cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* kanthi irah-irahan “Tembang Peteng Ireng” menika ngemot tuladha tembung *keadaan rasa indra* inggih menika ‘jahitanku klebu alus’ tegesipun jahitan ingkang dipundamel kaliyan tokoh aku menika katingal alus utawi rapi boten wonten cacatipun.

c. **Tembung Katrangan ingkang Nerangaken *Nomina* ingkang minangka Wasesa utawi *Predikatif***

Tembung katrangan ingkang nerangaken *nomina* ingkang minangka wasesa utawi *predikatif* ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* kanthi irah-irahan “Prasetyaku” saged kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

- (27) *Wong ngamen siji iki swarane kok empuk. Wadhuh cengkke, gregele, aku jan kepranan banget. Kok ora gelem nggabung siaran karawitan RRI Sala utawa RRI Purwokerto wae sing isih asring giyaran karawitan. Utawa ndherek dhalang kondhang Ki H. Manteb Sudarsono kanggo wiraswara. Jian... aku njinggleng sarendheng krungu swarane sing ulem cengkok lan gregele ngedab-edabi. Sinambi nembang dheweke mung tansah ndhingkluk dhasar capinge amba nutupi rai.* (Data Lampiran No. 62)

Saking data (27) ing nginggil ‘nggabung siaran karawitan RRI Sala utawa RRI Purwokerto wae sing isih asring giyaran karawitan’, tembung ‘gelem nggabung’ saha ‘isih asring’ menika kalebet tembung katrangan ingkang nerangaken *nomina predikatif* ‘siaran karawitan’ ingkang minangka *fungsi predikatif* utawi wasesa.

Tembung katrangan ingkang nerangaken *nomina* ingkang minangka wasesa utawi *predikatif* ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* kanthi irah-irahan “Ranti” saged kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

- (28) *Jujur bae pendhidhikan mung D3, kui bae anggonku nggayuh nganti banget ngrekasa. Kabisan anggonku nulis sastra mung otodidak, saka marsudi lan merguru marang para nimpuna. Nanging panguripan saka nulis lan nggilut sastra budaya Jawa, angel lan durung bisa didadekake cagak panguripan ing wektu iki, kurang banget kawigaten saka pemerintah lan masyarakat.* (Data Lampiran No. 83)

Saking data (28) ing nginggil kapanggihaken ‘pendhidhikan mung D3’, tembung ‘mung’ wonten ing ‘pendhidhikan mung D3’ menika kalebet tembung katrangan ingkang nerangaken *nomina predikatif* D3’ ingkang minangka *fungsi predikatif* utawi wasesa.

d. Tembung Katrangan ingkang Neranaken Katrangan wonten ing Ukara

1) Tembung Katrangan minangka *Petunjuk Negasi*

Tembung katrangan ingkang nerangaken katrangan wonten ing ukara ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* kanthi irah-irahan “Tembang Ireng Peteng Wengi” saged kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

(29) *Jenengku Rani Rianingsih. Sakdurunge kaya mengkene, aku klebu bocah kang taat ngibadah. Lan miturut prasangkaku, aku ora tau gawe rugining liyan. Kabeh ayahan dakrampungu kanthi becik. Anggonku sekolah iya nganti rampung, sanadyan mung tekan es-em-a, awit kluwargaku klebu kluwarga kang ora mampu, mula mung bisa nyekolahake aku seka es-de nganti es-em-a.* (Data Lampiran No. 47)

Saking data (29) ing nginggil inggih menika ‘aku ora tau gawe rugining liyan’ kaliyan ‘anggonku sekolah iya nganti rampung’ menika kalebet tembung katrangan ingkang minangka *petunjuk negasi*, inggih menika tembung ‘ora tau’ saha tembung ‘iya’ menika *memperjelas* maksud utawi makna ingkang badhe kaandharaken wonten ing ukara menika. Tembung ‘ora tau’ menika kabentuk saking tembung ‘ora’ kaliyan tembung ‘tau’. Tembung ‘ora’ menika setunggal *morfem asal*, wondene tembung ‘tau’ menika ugi setunggal *morfem*. Kalih tembung menika dipunsandhingaken saengga awujud tembung katrangan ingkang dipuncambor.

2) **Tembung Katrangan minangka *Petunjuk Keakanan***

Tembung katrangan ingkang nerangaken katrangan wonten ing ukara ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* kanthi irah-irahan “Prasetyaku” saged kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

- (30) *Nalika semana pamite arep niliki kamasku Bandonu ing Blora. Ya pancen bener ngendikane Mas Bandonu, jare Bapak nyare rong bengi. Tangkepe ipeku Swasti ora nyenengake penggalihe Bapak. Kuwi miturut Mas Bandonu dhewe. Terus Bapak Pamit meneh ngendikane arep bali nyang daleme Pakdhe Harjo ing Pati. (Data Lampiran No. 10)*

Saking data (30) ing nginggil inggih menika ‘pamite arep niliki kamasku Bandonu ing Blora’ menika kalebet tembung katrangan ingkang minangka *petunjuk keakanan*, inggih menika tembung ‘arep niliki’ menika *memperjelas* maksud utawi makna ingkang badhe kaandharaken wonten ing ukara menika. Tembung ‘arep niliki’ menika kabentuk saking tembung ‘arep’ kaliyan tembung ‘niliki’. Tembung ‘arep’ menika setunggal *morfem* asal, wondene tembung ‘niliki’ menika ugi setunggal *morfem*. Kalih tembung menika dipunsandhingaken saengga awujud tembung katrangan ingkang dipuncambor.

3) **Tembung Katrangan minangka *Pertunjuk Frekuensi***

Tembung katrangan ingkang nerangaken katrangan wonten ing ukara ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* kanthi irah-irahan “Bathik saka Bapak” saged kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

- (31) *Alon-alon Pardi ninggalake taman. Angin ngelus kulite, ngelus balung lan otote kang ketaman cidraning asmara. Pardi lumaku sinambi kadhangkala ngremet bathike. Bathik tandha tresna bapak lan ibune.* (Data Lampiran No. 11)

Saking data (31) ing nginggil inggih menika ‘Pardi lumaku sinambi kadhangkala ngremet bathike’ menika kalebet tembung katrangan ingkang minangka *petunjuk frekuensi*, inggih menika tembung ‘kadhangkala’ menika *memperjelas* maksud utawi makna ingkang badhe kaandharaken wonten ing ukara menika. Tembung ‘kadangkala ngremet’ menika kabentuk saking tembung ‘kadangkala’ kaliyan tembung ‘ngremet’. Tembung ‘kadangkala’ menika setunggal *morfem asal*, wondene tembung ‘ngremet’ menika ugi setunggal *morfem*. Kalih tembung menika dipunsandhingaken saengga awujud tembung katrangan ingkang dipuncambor.

4) Tembung Katrangan minangka *Petunjuk Waktu*

Tembung katrangan ingkang nerangaken katrangan wonten ing ukara ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* kanthi irah-irahan “Rejeki ora Bakal Kleru Tibane” saged kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

- (32) “*Suk kapan ya Pak, omahe dhewe ki ora bocor nek usum udan, ora sumuk yen usum panas?*”. . . “*Ping pira ya Bu, olehmu pitakonan ngono kuwi karo aku?*” (Data Lampiran No. 14)

Saking data (32) ing nginggil inggih menika ‘Suk kapan ya Pak, omahe dhewe ki ora bocor’ menika kalebet tembung katrangan ingkang minangka *petunjuk waktu*, inggih menika tembung ‘suk kapan’ menika *memperjelas* maksud utawi makna ingkang badhe kaandharaken wonten ing ukara menika. Tembung

‘suk kapan’ menika kabentuk saking tembung ‘suk’ inggih menika cekakan saking tembung ‘mbesuk’ kaliyan tembung ‘kapan’. Tembung ‘suk’ menika setunggal *morfem asal*, wondene tembung ‘kapan’ menika ugi setunggal *morfem*. Kalih tembung menika dipunsandhingaken saengga awujud tembung katrangan ingkang dipuncambor.

Tembung katrangan ingkang nerangaken katrangan wonten ing ukara ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* kanthi irah-irahan “Dudu Rama lan Sinta” saged kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

- (33) *Nalika sekolah biyen aku duwe kanca arane Arum, amor saklas terus, wiwit kelas siji SMP ngantilulus sarjana. Saben dina runtang-runtung ngasi kaya sedulur. Bareng wis kuliah, srawungku mekar dadi sambung tresna.* (Data Lampiran No. 31)

Saking data (33) ing nginggil inggih menika ‘nalika sekolah biyen’, ‘saklas’, ‘wiwit kelas siji SMP’, ‘nganti lulus sarjana’, ‘bareng wis kuliah’ menika kalebet tembung katrangan ingkang minangka *petunjuk waktu*, inggih menika tembung ‘nalika seklah biyen’, ‘saklas’, ‘wiwit kelas siji SMP’, ‘nganti lulus sarjana’, ‘bareng wis kuliah’ menika *memperjelas* maksud utawi makna ingkang badhe kaandharaken wonten ing ukara menika. Tembung ‘nalika sekolah biyen’ menika kabentuk saking ‘nalika’, ‘sekolah’ kaliyan tembung ‘biyen’. Tembung ‘nalika’ menika setunggal *morfem asal*, wondene tembung ‘sekolah’ saha ‘kapan’ menika ugi setunggal *morfem*. Tembung menika dipunsandhingaken saengga awujud tembung katrangan ingkang dipuncambor.

5) **Tembung Katrangan minangka *Petunjuk Modalitas***

Tembung katrangan ingkang nerangaken katrangan wonten ing ukara ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* kanthi irah-irahan “Dudu Rama lan Sinta” saged kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

- (34) “*Dhik Arum sing dak tresnani. Ora ana dalam liya Dhik. Demi rasa kurmat lan bekti marang wong tuwa, awake dhewe kudu rila murungake sedya senadyan aku ngerti, ati bakal remuk rempu dadi lebu.*” (Data Lampiran No. 33)

Saking data (34) ing nginggil inggih menika ‘awake dhewe kudu rila murungake sedya’ menika kalebet tembung katrangan ingkang minangka *petunjuk modalitas*, inggih menika tembung ‘kudu rila’ menika *memperjelas* maksud utawi makna ingkang badhe kaandharaken wonten ing ukara menika. Tembung ‘kudu rila’ menika kabentuk saking tembung ‘kudu’ kaliyan tembung ‘rila’. Tembung ‘kudu’ menika setunggal *morfem asal*, wondene tembung ‘rila’ menika ugi setunggal *morfem*. Kalih tembung menika dipunsandhingaken saengga awujud tembung katrangan ingkang dipuncambor.

Tembung katrangan ingkang nerangaken katrangan wonten ing ukara ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak kalawarti *Djaka Lodang* kanthi irah-irahan “Ranti” saged kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

- (35) *Omah, sing wis njenggarang cekli. Banjur aku kudu bali nemoni Ranti, sing wis dadi darbeke liyan lan mbangun bale wisma? Aah ora aku ora, ora bakal sanggup ngadepi kahanan kuwi. Padha bae aku bali nyiksa ati lan raga.* (Data Lampiran No. 87)

Saking data (35) ing nginggil inggih menika ‘banjur aku kudu bali’ menika kalebet tembung katrangan ingkang minangka *petunjuk modalitas*, inggih menika

tembung ‘kudu bali’ menika *memperjelas* maksud utawi makna ingkang badhe kaandharaken wonten ing ukara menika. Tembung ‘kudu bali’ menika kabentuk saking tembung ‘kudu’ kaliyan tembung ‘bali’. Tembung ‘kudu’ menika setunggal *morfem asal*, wondene tembung ‘bila’ menika ugi setunggal *morfem*. Kalih tembung menika dipunsandhingaken saengga awujud tembung katrangan ingkang dipuncambor.

e. Tembung Katrangan ingkang Nerangaken Tembung Wilangan

Tembung katrangan ingkang nerangaken katrangan wonten ing ukara ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak Kalawarti Djaka Lodang kanthi irah-irahan “Belik” saged kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

- (36) “*Eh, lemah sing mepet kali kuwi dudu duwekmumu senadyan minangka sesambungane pekaranganmu. Lemah sing ana belike kuwi klebu klebu lemah sempadane kali. Kuwi wis dadi aturane Negara. Sempadane kali kuwi saora-orane wates 10 meter saka sakiwa tengene pinggire kali. Dene yen jerone kali watara 3 tekan 20 meter, lemah sempadane kuwi watara 15 meter saka pinggire kali. Dadi belik ngsor wit gayam, klebu wit nggayame kae dudu duwekmumu.*”
(Data Lampiran No. 37)

Saking data (36) ing nginggil menika wonten ukara ‘wates 10 meter’, ‘watara 3 tekan 20 meter’, ‘watara 15 meter’. Tembung ‘watara’saha ‘wates’ menika tembung katrangan ingkang nerangaken tembung wilangan wutuh ‘10 meter’, ‘3 tekan 20 meter’ kaliyan ‘15 meter’. Saengga wonten ing paragraf (36) menika kalebet tembung katrangan ingkang nerangaken tembung wilangan.

Tembung katrangan ingkang nerangaken katrangan wonten ing ukara ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak kalawarti Djaka Lodang kanthi irah-irahan “Meper Tiba Bener” saged kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

(37) *Rampung sekolah es-em-a, aku kursus njahit. Lan kasil kanthi becik. Aku banjur ditukokkake mesin jahit dening Bapak. Ora ketang siji loro wis ana kang njaitake marang aku. Jare jahitanku klebu alus, upama **dibiji ngono wis entuk enem setengah**.* (Data Lampiran No. 48)

Saking data (37) ing nginggil menika wonten ukara ‘umpama dibiji ngono wis entuk enem setengah’. Tembung ‘umpama’ saha ‘entuk’ menika tembung katrangan ingkang nerangaken tembung wilangan pecahan ‘enem setengah’. Saengga wonten ing paragraf ing nginggil data (37) menika kalebet tembung katrangan ingkang nerangaken tembung wilangan.

BAB V PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar saking asiling panaliten saha pirembaran ingkang sampun dipunandharaken menika saged dipunpendhet dudutan panaliten ngengingi babagan jinis saha fungsipun *kohesi leksikal kolokasi* wonten ing cariyos cekak. Jumbuh kaliyan irah-irahan panaliten inggih menika “*Kohesi Leksikal Kolokasi* wonten ing rubrik Cerita Cekak kalawarti Djaka Lodang Edisi 03- 22 Taun XLIII (15 Juni 2013-26 Oktober 2013)”. Analisis *kohesi leksikal kolokasi* wonten ing salebeting cariyos cekak Kalawarti Djaka Lodang Edisi 03-22 Taun XLIII (15 Juni 2013-26 Oktober 2013) menika ngemot tetembungan ingkang wonten gegayutanipun kaliyan jinis saha fungsipun *kohesi leksikal kolokasi*.

1. Jinising *Kohesi Leksikal Kolokasi*

Jinising *kohesi leksikal kolokasi* ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak Kalawarti Djaka Lodang Edisi 03-22 Taun XLIII (15 Juni 2013-26 Oktober 2013) menika wonten gangsal (5) jinis antawisipun, (1) *sanding kata umum*; (2) *sanding kata unik*; (3) *sanding kata register*; (4) *sanding kata umum*; (5) *sanding kata budaya*.

2. Fungsipun *Kohesi Leksikal Kolokasi*

Fungsipun *kohesi leksikal kolokasi* ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos cekak Kalawarti Djaka Lodang Edisi 03-22 Taun XLIII (15 Juni 2013-26 Oktober 2013) menika wonten gangsal (5) inggih menika, (1) tembung katrangan

ingkang nerangaken tembung kriya; (2) tembung katrangan ingkang nerangaken kata sifat; (3) tembung katrangan ingkang nerangaken *nomina* ingkang minangka wasesa utawi *predikatif*; (4) tembung katrangan ingkang neranaken katrangan wonten ing ukara; (5) tembung katrangan ingkang nerangaken tembung wilangan.

Limrahipun panganggening *kohesi leksikal kolokasi* wonten ing salebetipun cariyos cekak menika kangge njurung *kepaduan* cariyos. Kanthi ngginakaken *kohesi leksikal kolokasi* menika nggampilaken dhateng pemaos anggenipun mangertosi gegayutan ukasa setunggal mbaka setunggal wonten ing saben paragraf pramila katingal *kepaduan* cariyos cekak. Panganggening *kohesi leksikal kolokasi* wonten ing cariyos cekak ugi *variatif*. *Variatif*ipun *kohesi leksikal kolokasi* menika supados karya sastra ingkang awujud cariyos cekak menika gadhah fungsi kebahasaan ingkang cetha saha endah.

B. Implikasi

Panaliten ngengingi bab *kohesi leksikal kolokasi* menika minangka panaliten ingkang gegayutan kaliyan panganggening basa ingkang dipunginakaken kangge sesrawungan ing padintenan, ananging dipunwujudaken kanthi sarana ingkang awujud setunggaling karya sastra inggih menika cariyos cekak. Asiling panaliten saha pirembaganipun ing cariyos cekak wonten ing Kalawarti Djaka Lodang Edisi 03-22 Taun XLIII (15 Juni 2013-26 Oktober 2013) ngengingi bab *kohesi leksikal kolokasi* menika saged dipunginakaken ing pasinaon ingkang gegayutan kaliyan *kohesi*.

Kanthi pasinaon bab kohesi menika saged nambahi seserepan bidang linguistik saha saged dipungladi kangge damel wacana ingkang *kohesif*.

C. Pramayogi

Sasampunipun neliti babagan *kohesi leksikal kolokasi* wonten ing rubrik cerita cekak Kalawarti Djaka Lodang Edisi 03-22 Taun XLIII (15 Juni 2013-26 Oktober 2013) menika saged kasusun pinten-pinten pramayogi inggih menika, (1) menawi badhe nganalisis babagan *kohesi leksikal kolokasi* menika kedah ngginakaken teori ingkang jumbuh kaliyan objek panaliten menika analisis *kohesi leksikal kolokasi* wonten ing cariyos cekak; (2) asil saking analisis menika saged paring kawruh babagan kajian wacana inggih menika *kohesi leksikal kolokasi* ingkang nлити cariyos cekak, saha saged dipunginakaken kangge nyengkuyung bahan piwulang babagan basa; (3) panaliti nyuwun pangapunten menawi taksih kathah kekirangan anggenipun ngandharaken panaliten menika pramila amrih saenipun panaliten salajengipun, panyaruwe saking pemaos dipuntampi kanthi bingahing manah saha panaliti ngaturaken matur nuwun.

KAPUSTAKAN

- Alwasilah, A Chaedar. 1990. *Linguistik Sebuah Pengantar*. Bandung: Angkasa.
- Alwi, Hasan. (1988). *Kamus Besar Bahasa Indonesia. Departemen Pendidikan dan Kebudayaan*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Arifin, Syamsul, dan Edi Setiyanto. 2007. *Kohesi dan Koherensi: dalam Wacana Dialog Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Balai Penelitian Bahasa Yogyakarta.
- Chaer, Abdul. 1994. *Linguistik Umum*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta. 2013. *Panduan Tugas Akhir*. Yogyakarta: FBS UNY.
- Hardiyanto. 2008. *Leksikologi*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.
- Hayon, Josep. 2007. *Membaca dan Menulis Wacana*. Jakarta: PT Grasindo.
- Indiyastini, Titik. 2009. *Kohesi dan Koherensi Paragraf Deskriptif dalam Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Balai Penelitian Bahasa Yogyakarta.
- Kridalaksana, Harimukti. 1982. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- _____. 2011. *Kamus Linguistik Edisi Keempat*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Lyons, John (Terjemahan Sutikno). 1995. *Pengantar Teori Longuistik*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Mardiwarsito, L. 1981. *Kamus Jawa Kuna – Indonesia*. Ende Flores: Nusa Indah.
- Mulyana. 2001. “Penggunaan Unsur Kohesi dan Koherensi dalam Naskah Sesorah Bahasa Jawa. Laporan Penelitian”. Yogyakarta: LPUNY.
- _____. 2005. *Kajian Wacana Teori, Metode, dan Aplikasi Prinsip-prinsip Analisis Wacana*. Yogyakarta: Tiara Wacana.

- _____. 2008. "Kajian Wacana Padat dalam Upacara Perkawinan Masyarakat Jawa. Laporan Hasil Penelitian". Yogyakarta: LPUNY.
- _____. 2011. *Morfologi Bahasa Jawa (Bentuk dan Struktur Bahasa Jawa)*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.
- _____. "Keutuhan Wacana Kata Pengantar Dalam Skripsi Mahasiswa. Laporan Penelitian". Yogyakarta: LPUNY.
- Moeliono, Anton. 1988. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Moleong, Lexy. 2002. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Poerwadarminta, Hardjasoedarma, Poedjosoedira. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia.
- Rani, Abdul, Bustanul Arifin, dan Martutik. 2006. *Analisis Wacana Sebuah Kajian Bahasa dalam Pemakaian*. Malang: Bayumedia Publishing.
- Ramlan, M. 1993. *Paragraf: Alur Pikiran dan Kepaduannya dalam Bahasa Indonesia*. Yogyakarta: Andi Offset.
- Said, Mashadi. 2005. *Sanding Kata Bahasa Indonesia Pembelajaran Asing: Sebuah Kajian Empiris*.
- Setiyanto., Edi. 2007. *Kohesi dan Koherensi dalam Wacana Dialog Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Gama Media.
- Sudaryanto. 1998. *Metode Linguistik*. Yogyakarta: UGM Press.
- Sudibyo, Mooryati. 2001. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- Sumadi. 1998. *Kohesi dan Koherensi dalam Wacana Naratif Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa
- Sumarlan. 2003. *Analisis Wacana*. Surakarta: Pustaka Cakra Surakarta.

Sumarlam. 2003. *Teori dan Praktek Analisis Wacana*. Surakarta: Pustaka Cakra Surakarta.

Tarigan, Henri Guntur. 1987. *Pengajaran Wacana*. Jakarta: Balai Pustaka.

Wedhawati. 1979. *Wacana Bahasa Jawa*. Jakarta: Depdikbud.

<http://id.wikipedia.org>

<http://jv.wikipedia.org>

Sumber Data :

Djaka Lodang Edisi 03 Taun XLIII 15 Juni 2013

Djaka Lodang Edisi 04 Taun XLIII 22 Juni 2013

Djaka Lodang Edisi 05 Taun XLIII 29 Juni 2013

Djaka Lodang Edisi 06 Taun XLIII 06 Juli 2013

Djaka Lodang Edisi 07 Taun XLIII 13 Juli 2013

Djaka Lodang Edisi 08 Taun XLIII 20 Juli 2013

Djaka Lodang Edisi 09 Taun XLIII 27 Juli 2013

Djaka Lodang Edisi 10 Taun XLIII 03 Agustus 2013

Djaka Lodang Edisi 11/12 Taun XLIII 10 Agustus 2013

Djaka Lodang Edisi 13 Taun XLIII 24 Agustus 2013

Djaka Lodang Edisi 14 Taun XLIII 15 Juni 2013

Djaka Lodang Edisi 15 Taun XLIII 07 September 2013

Djaka Lodang Edisi 16 Taun XLIII 14 September 2013

Djaka Lodang Edisi 17 Taun XLIII 21 September 2013

Djaka Lodang Edisi 18 Taun XLIII 28 September 2013

Djaka Lodang Edisi 19 Taun XLIII 05 Oktober 2013

Djaka Lodang Edisi 20 Taun XLIII 12 Oktober 2013

Djaka Lodang Edisi 21 Taun XLIII 19 Oktober 2013

Djaka Lodang Edisi 22 Taun XLIII 26 Oktober 2013

Lampiran 1: Tabel analisis jinis kohesi leksikal kolokasi saha fungsipun kohesi leksikal kolokasi wonten ing Rubrik Cerita Cekak kalawarti Djaka Lodang Edisi 03-22 Taun XLIII (15 Juni 2013 – 26 Oktober 2013)

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
<i>Kawhie, Betara. 2013. "Bathik saka Bapak". Djaka Lodang No. 03.</i>								
1.	<i>Kertas kang kajereng iku banjur dilempit maneh. Pardi anteng nyawang sepine kahanan.</i>	√					Anteng saha sepine menika katrangan ingkang nerangaken kahanan rasa ati.	Anteng saha sepine menika minangka tembung ingkang <i>berkolokasi</i> tembung menika wonten ing setunggaling jaringan inggih menika nggambarake kahanan.
2.	<i>Ah! Dumadakan ana kang gumanti. Kaya randhu ing mangsa ketiga. Ana kang gogrok lan tumiba ing bumi. Saklebatan Pardi ngrasakake pipine anget.</i>				√		Kaya randhu ing mangsa ketiga menika katrangan minangka <i>penunjuk waktu</i> kangge nerangake ukara.	Kaya randhu ing mangsa ketiga menika kalebet kolokasi amargi ukara menika kalebet setunggaling unen-unen basa Jawi inggih menika kalebet jinsing <i>kolokasi khusus</i> .
3.	<i>"Di, bathik iki mung tandha tresna bapak lan ibumu. Ing bathik iki, kamot tresnane bapak lan ibu."</i>	√					Tresna saha tresnane menika katrangan ingkang nerangaken kahanan rasa ati.	Tresna saha tresnane menika minangka tembung ingkang <i>berkolokasi</i> tembung menika wonten ing setunggaling jaringan inggih menika nggambarake kahanan.
4.	<i>Luhe Pardi saya ndadra. Angin nabuh cendhela ing tengen sirahe. Nanging sepi kaya-kaya bali ing teras lan Pardi ngrasakake suwung kang jeru.</i>	√					Sepi saha suwung menika katrangan ingkang nerangaken kahanan rasa ati.	Sepi saha suwung menika minangka tembung ingkang <i>berkolokasi</i> tembung menika wonten ing setunggaling jaringan inggih menika nggambarake kahanan.
5.	<i>Luhe Pardi saya ndadra. Angin nabuh cendhela ing tengen sirahe. Nanging sepi kaya-kaya bali ing teras lan Pardi ngrasakake suwung kang jeru.</i>		√				Angin nabuh cendela menika katrangan ingkang nerangaken kahanan rasa indra.	Angin nabuh cendela menika kalebet kolokasi inggih menika jinis <i>kolokasi unik</i> . Dipunsebat <i>unik</i> amargi ukara menika gadhah teges ingkang unik, menawi

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
								dipunpisah anggenipun negesi tembung menika gadhah teges ingkang limrah, ananging menawi sampun dipundadosaken setunggal ukara menika ndadosaken makna enggal. Angin nabuh cendela menika sanes angin ingkang nabuh kados tangan nabuh kendhang amnanging ukara menika kangge nggambaraken raos ingkang sepi saha tentrem ingkang wonten anging sumribit.
6.	“Ngapurane Win, iki mau aku lagi maca novel. Nganti ora migatekake yen ana dhayoh.” “Oalah dhasar kutu buku! ”				√		Kutu buku menika menika katrangan ingkang nerangaken tembung aran.	Kutu buku menika tembung ingkang berkolokasi amargi kalebet setunggaling idiom. Kutu buku menika saged ateges kewan alit ingkang nggrogoti buku, ananging bilih dipuntingali saking <i>keseluruhan</i> ukara menika kutu buku tegesipun tiyang ingkang remen maos buku.
7.	<i>Pardi lan Wiwin iku kanca kenthel. Wong sakloron iku kuliah ing Universitas Atas Angin. Bedane Pardi mahasiswa jurusan Pendidikan Bahasa Daerah dene Wiwin mahasiswa jurusan Pendidikan Teknik Mesin.</i>		√				Kanca kenthel menika katrangan ingkang nerangaken kahanan utawi kalebet <i>kata sifat</i> .	Kanca kenthel menika kalebet kolokasi inggih menika jinis <i>kolokasi unik</i> . Dipunsebat <i>unik</i> amargi ukara menika gadhah teges ingkang unik, menawi dipunpisah anggenipun negesi tembung menika gadhah teges ingkang limrah, ananging menawi sampun dipundadosaken setunggal ukara menika ndadosaken

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
								makna enggal. <i>Keunikan</i> menika katingal saking tembung “kenthel” ingkang <i>berkolokasi</i> kalian tembung “kanca”. Limrahipun “kenthel” menika <i>berkolokasi</i> kaliyan unjukan utawi dhedhaharan, ananging ing ukara menika sesandhingan kaliyan tembung “kanca” saengga ndadosaken makna enggal inggih menika kekancan ingkang sampun akrab sanget.
8.	<i>Pardi lan Wiwin iku kanca kenthel. Wong sakloron iku kuliah ing Universitas Atas Angin. Bedane Pardi mahasiswa jurusan Pendidikan Bahasa Daerah dene Wiwin mahasiswa jurusan Pendidikan Teknik Mesin.</i>			√			Universitas Atas Angin menika katrangan ingkang nerangaken papan panggenan. Mahasiswa jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, mahasiswa jurusan Pendidikan Teknik Mesin menika katrangan ingkang nerangaken tembung aran.	Tembung-tembung kuliah, Universitas Atas Angin, mahasiswa jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, mahasiswa jurusan Pendidikan Teknik Mesin menika kalebet kolokasi register amargi tembung ingkang dipunginakaken menika kalebet ing setunggal lingkungan inggih menika <i>perkuliahan</i> utawi pendhidhikan. Menawi wonten ing masyarakat umum tembung-tembung menika ugi katingal ananging bilih pangandikan menika wonten ing kahanan tartamtu.
9.	<i>Pardi glosoran meneh ing kasur. Dibuka kothakan soklat ing dhuwur meja sinaune. Diwetokake bathik kang wis winahya ing layang, bathik warna soklat kanthi motif cuwiri.</i>					√	Bathik warna soklat kanthi motif cuwiri menika tembung katrangan ingkang	Saking ukara bathik warna soklat kanthi motif cuwiri menika kalebet kolokasi budaya inggih menika ngandharaken motif batik ingkang menika kalebet setunggaling

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
							kalebet tembung aran saha warna.	budaya Jawi.
10.	<i>Nalika surya cemether ing mbun-mbunan, awan kuwi, Pardi mara ing Fakultas Teknik. Dhewekke arep ketemu Wiwin. Pardi langsung tumuju menyang parkiran. Mripate ngawasake marang mahasiswa kang lagi wae metu saka kelas. Ora let suwe Pardi weruh Wiwin.</i>			√			Fakultas Teknik saha kelas menika nedahaen katrangan papan panggenan (katrangan panggenan). Arep ketemu menika katrangan minangka <i>penunjuk keakanan kangge nerangake ukara.</i>	Tembung-tembung Fakultas Teknik, mahasiswa saha kelas kolokasi register amargi tembung ingkang dipunginakaken menika kalebet ing setunggal lingkungan inggih menika <i>perkuliahan</i> utawi pendhidhikan. Menawi wonten ing masyarakat umum tembung-tembung menika ugi katingal ananging bilih pangandikan menika wonten ing kahanan tartamtu.
11.	<i>Alon-alon Pardi ninggalake taman. Angin ngelus kulite, ngelus balung lan otote kang ketaman cidraning asmara. Pardi lumaku sinambi kadhangkala ngremet bathike. Bathik tandha tresna bapak lan ibune.</i>		√				Angin ngelus kulite, ngelus balung lan otote menika katrangan ingkang nerangaken kahanan rasa indra. Kadhangkala ngremet bathike menika katrangan minangka <i>penunjuk frekuensi kangge nerangake ukara.</i>	Angin ngelus kulite, ngelus balung lan otote menika kalebet kolokasi inggih menika jinis <i>kolokasi unik</i> . Dipunsebat <i>unik</i> amargi ukara menika gadhah teges ingkang unik, menawi dipunpisah anggenipun negesi tembung menika gadhah teges ingkang limrah, ananging menawi sampun dipundadosaken setunggal ukara menika ndadosaken makna enggal. Angin ngelus kulite, ngelus balung lan otote menika tegesipun sanes angin ingkang ngelus kados tangan ananging menika dados <i>perumpamaan kangge</i>

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
								nggambaraken raos ingkang sepi saha tentrem ingkang wonten anging sumribit.
<i>Sulistiyawati, Itheng. 2013. "Rejeki ora Bakal Kleru Tibane". Djaka Lodang No. 04.</i>								
12.	<i>Sore iki rasane kaya tintrim lan sepi, sawise udan deres sekesuk jepluk nganti sedina muput prasasat ora leren nggrujuk bumi ing Sudimara kene. Pak Taryana sing sedina-dinane ngasta guru ing Tamanagung katon lagi ibut mbenakake saperangan gendheng kang wis mlorot jalaran kebak uwuh sing katut ilining banyu lan katrejang angin sing ngancani udan wiwit esuk lan lagi wae terang sore iki.</i>	√					Tintrim saha sepi menika katrangan ingkang nerangaken kahanan rasa ati.	Tintrim saha sepi menika minangka tembung ingkang <i>berkolokasi</i> tembung menika wonten ing setunggaling jaringan inggih menika nggambarake kahanan nalika sore saksampunipun jawah.
13.	<i>Sing baku wis diwangsul, wong jamake sing wadon yen takon utawa akon ora diwangsul njur sok metu muntabe, ora luput bisa-bisa kriwikan dadi grojogan.</i>				√		Kriwikan dadi grojogan menika kalebet setunggaling paribasan.	Kriwikan dadi grojogan menika kalebet setunggaling unen-unen Jawi ingkang tegesipun wonten perkawis ingkang alit ananging dipunraos ageng.
14.	<i>"Suk kapan ya Pak, omahe dhewe ki ora bocor nek usum udan, ora sumuk yen usum panas?". . . "Ping pira ya Bu, olehmu pitakonan ngono kuwi karo aku?"</i>	√					Suk kapan menika katrangan minangka <i>penunjuk</i> waktu kangge nerangake ukara. Ora bocor, ora sumuk kapan menika katrangan minangka <i>penunjuk</i> <i>negasi</i> kangge nerangake	

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
							ukara	
15.	<p>“Mbok ya takon liyane.” “Umpamane takon apa, Pak?” “Bapak ki tresna ora ta karo aku?” “Wah gombal. Wis tuwa kok aneh-aneh. Neg awake dhewe iki ora duwe tresna sing gedhe wis biyen-biyen kukut, Pak, sejaraha.”</p>		√				<p>Tembung gombal wonten ing ukara menika nedahaken katrangan kahanan awujud kata sifat.</p>	<p>Tembung gombal menika kalebet kolokasi inggih menika jinis <i>kolokasi unik</i>. Dipunsebat <i>unik</i> amargi ukara menika gadhah teges ingkang unik. Menawi dipuntegesi kanthi <i>individual</i> tembung “gombal” menika tegesipun sandhangan ingkang sampun lawas, ananging wonten ing ukara menika bilih dipuntingali saking <i>keseluruhan</i> makna tembung gombal tegesipun ngrayu.</p>
16.	<p>“Ya eling ta Pak. Biyen awake dhewe isih ngontrak pindhah-pindhah omah. Saiki sanajan ora magrong-magrong wis bisa duwe omah gedhong.”</p>	√					<p>Omah gedhong menika katrangan ingkang nerangaken bentuk/wujud.</p>	
17.	<p>“Ora mung kari rong sasi wis unggah-unggahan. Nek munggah bijine apik rak ditumbaske karo Bapak,” ngendikane Bu Taryana.</p>		√				<p>Munggah bijine apik menika katrangan ingkang nerangaken kahanan inggih menika <i>kata sifat</i>.</p>	<p>Tembung unggah-unggahan, munggah bijine apik menika ngemot kolokasi umum babagan pendhidhikan ingkang katingal saking tembung-tembung ingkang dipunginakaken. Tembung-tembung menika limrah dipunginakaken wonten ing basa sabendinten ing masyarakat.</p>
18.	<p>Olehe pitakon ora tumuju marang ibune, ananging genti marang Bapakne, kaya dene kepenging entuk anteping rembug. Pak Taryana nyimpen trenyuh, nyawang anak lanang sing</p>		√				<p>Ora tumuju marang ibune menika katrangan minangka penunjuk <i>negasi</i></p>	<p>Nyimpen trenyuh saha nggembol pepinginan menika kalebet kolokasi inggih menika jinis <i>kolokasi unik</i>. Dipunsebat <i>unik</i> amargi ukara menika</p>

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
	<i>olehe takon sajak nggembol pepinginan sing ora bisa diselaki.</i>						<p>kangge nerangake ukara.</p> <p>Nyimpèn trenyuh menika katrangan ingkang nerangaken kahanan rasa ati.</p> <p>Nggembol pepinginan menika katrangan ingkang nerangaken kahanan rasa ati.</p>	<p>gadha teges ingkang unik. Menawi dipuntegesi kanthi cara individual saben-saben tembung menika tegesipun ingkang limrah, ananging menawi sampun dipundadosaken setunggal ukara menika ndadosaken makna enggal. Nyimpèn trenyuh saha nggembol pepinginan menika sanes nyimpèn utawi nggembol kados barang ananging menika dados <i>perumpamaan</i> kangge nggambaraken kahananing rasa ati.</p>
19.	<i>Bank Jateng ing Jalan Pemuda Muntilan katon regeng, mlebu metu para nasabah padha golek butuh. “Wah malah arep njupuk kok, Pak. Sing arep ditabung kok ora njedhul-njedhul. Kamangka butuh kok teka lunga padha nusul,” wangsulane Pak Taryana guyon.</i>			√			<p>Para nasabah, njupuk, ditabung menika tembung katrangan ingkang nerangaken wosipun ukara.</p> <p>Bank Jateng menika katrangan ingkang nerangaken papan panggenan.</p> <p>Arep njupuk, arep ditabung menika katrangan minangka <i>penunjuk keakanan</i> kangge nerangake</p>	<p>Tembung para nasabah, njupuk, ditabung, Bank Jateng menika kalebet <i>kolokasi register</i> amargi tembung ingkang dipunginakaken menika wonten ing setunggal jaringan limrahipun katingal bilih pangandikan wonten ing lingkungan Bank.</p>

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
							ukara.	
20.	<i>Sidane wong loro sing jebul padha-padha guru mau umyeg guyon lan padha adol crita ngayawara nyejarahe senine urip kanthi bayar cupet.</i>				√		Adol cerita menika katrangan ingkang nerangaken kahanan inggih menika cara.	Adol cerita menika kalebet <i>kolokasi khusus</i> inggih menika setunggaling <i>idiom</i> . Kalebet <i>idiom</i> amargi <i>frasa adol cerita</i> menika boten saged dipuntegesi kanthi cara negesi saben tembung ananging kedah teges ingkang <i>keseluruhan</i> . Adol cerita menika tegesipun sami nyariosaken utawi mbeberaken kabar dhateng tiyang sanes.
21.	<i>Sanajan pemerintah menahi tunjangan profesi, ananging wong loro mau during melu ngrasakake jalaran durung melu sertifikasi.</i>			√			Tembung tunjangan profesi saha sertifikasi menika katrangan ingkang nerangaken wosipun ukara.	Tembung tunjangan profesi saha sertifikasi menika kalebet kolokasi register amargi tembung menika limrah katingal bilih wonten ing setunggaling jaringan utawi lingkungan pendhidhikan mliginipun ingkang profesi guru.
22.	<i>Sajak ana kang wigati anggone nampa telpon kanthi polatan kaget, manthuk-manthuk, bareng wis rampung unjal ambegan dawa.</i>		√				Unjal ambegan menika katrangan ingkang nerangaken kahanan rasa indra.	Unjal ambegan menika kalebet <i>kolokasi unik</i> . Menawi dipuntegesi kathi individual saben tembung, wonten ing Kamus Jawa Kuna – Indonesia tembung unjal menika tegesipun ‘mengangkat’, wondene tembung ambegan wonten ing Kamus Baoesastra Djawa menika tegesipun ‘napas’. Saengga menawi dipuntegesi unjal ambegan menika sanes ngangkat kados barang ananging tegesipun menika ngirup napas.

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
23.	<i>Pak Taryana meneng, utege mubeng, nimbang-nimbang endi ang luwih prayoga.</i>		√				Utege mubeng menika katrangan ingkang nerangaken kahanan inggih menika cara.	Utege mubeng menika kalebet kolokasi unik. Tembung utege mubeng menika tegesipun sanes uteg utawi otak ingkang mubeng-mubeng ananging tegesipun utege mubeng menika berfikir utawi pados cara kangge mungkasi perkawis.
24.	<i>Mau awan adine ipe nelpon, njaluk tulung disebraki dhuwit sayuta, kanggo nebus obat lan ragat ing rumah sakit.</i>		√				Tembung nebus obat saha ragat menika tembung katrangan ingkang nerangaken wosipun ukara saha nedahaken katrangan papan panggenan ingkang wonten rumah sakit .	Tembung nebus obat, ragat ing rumah sakit menika kalebet <i>kolokasi umum</i> . Tembung menika berkolokasi amargi taksih wonten ing setunggal jaringan inggih menika limrah katingal bilih pangandika wonten ing setunggaling lingkungan kesehatan utawi rumah sakit.
25.	<i>Pak Taryana mung mesem kecut nyawang bojone menyat nggoleki anake, embuh mengko kepriye polahe bocah kuwi yen kagol meneh.</i>				√		Mesem kecut menika katrangan ingkang nerangaken kahanan inggih menika indra.	Mesem kecut menika kalebet <i>kolokasi khusus</i> inggih menika <i>idiom</i> . Mesem kecut menika gadhah makna <i>kias</i> inggih menika mbesengut.
26.	<i>Dina lumaku ora bisa den penggak, lelakon urip gilir gumati, ana kalane seneng ana kalane susah.</i>				√			Gilir gumati menika tegesipun genti-genten.
27.	<i>Bungah susah wis dadi sunahe urip, manungsa mung bisa ngronce pepinginan, ananging pepesthen ana astane sing Maha Wenang.</i>		√				Ngronce pepinginan menika katrangan ingkang nerangaken kahanan rasa cara.	Ngronce pepinginan menika kalebet kolokasi inggih menika jinis <i>kolokasi unik</i> . Dipunsebat <i>unik</i> amargi ukara menika gadhah teges ingkang unik. Menawi dipuntegesi kanthi cara individual saben-

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
								saben tembung menika tegesipun beda kaliyan ingkang dipunkarepaken, ananging menawi sampun dipundadosaken setunggal ukara menika ndadosaken makna enggal. Menawi dipuntegesi saben tembungipun saking ngronce pepinginan menika, wonten ing Kamus Baoesastra Djawa tembung ngronce menika tegesipun ‘ngrakit kembang’ pepinginan menika tegesipun ‘kekarepan’. Ananging wonten ing tuladha menika ngronce tegesipun ‘menyusun’ saengga menawi dipuntegesi kanthi makna keseluruhan menika nyusun kekarepan.
28.	<i>Pak Taryana sak anak bojone kabeh menganggo kaos kembar, jalaran arep melu jalan santai minangka mengeti Hari Pendidikan Nasional. Kaos werna abang jleret putih gambar manuk Garuda iku katon pantes lan nambah perbawa di anggo Pak Taryana sagotrah.</i>	√					Kaos kembar, jalan santai menika tembung katrangan ingkang nedahaken katrangan kahanan minangka mengeti Hari Pendidikan Nasional . Arep melu menika katrangan minangka <i>penunjuk keakanan kangge nerangake</i>	Kaos kembar, jalan santai menika kalebet kolokasi umum amargi tembung menika katingal bilih pangandikan menika wonten ing setunggal lingkungan. Tembung menika ugi limrah menawi dipunginakaken nalika pangandikan menika tumut setunggaling acara kadosta pengetan Hari Pendidikan nasional menawi wonten acara jalan santai menika.

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
							ukara.	
29.	<i>Bapak Ibune mung manthuk tanda sarujuk. Turut dalam wong papat sinambi gojekan, lan crita maneka warna, Beni kaya lali anggone adol ulat peteng kaya dhek wingi-wingi.</i>				√		Ulat peteng menika kalebet tembung entar ingkang nerangaken kahanan inggih menika <i>kata sifat</i> .	Ulat peteng menika <i>kolokasi khusus</i> ingkang kalebet <i>idiom</i> . Ulat peteng gadhah makna kias inggih menika katingal duka utawi nesu.
30.	<i>Jam sepuluh jalan santai wis rampung, mubengi kutha Muntilan, banjur padha nonton tari-tarian, tetembangan, lan ngedum hadiah.</i>	√					Tari-tarian, tetembangan, saha ngedum hadiah menika tembung katrangan ingkang ngandharaken wosipun ukara.	Tari-tarian, tetembangan, saha ngedum hadiah menika menika kalebet <i>kolokasi umum</i> amargi tembung-tembung ingkang dipunginakaken wonten gayutanipun utawi <i>saling berhubungan</i> inggih menika <i>hiburan</i> wonten ing setunggaling acara.
Suryadi. 2013. "Dudu Rama lan Sinta". Djaka Lodang No. 05.								
31.	<i>Nalika sekolah biyen aku duwe kanca arane Arum, amor saklas terus, wiwit kelas siji SMP nganti lulus sarjana. Saben dina runtang-runtung ngasi kaya sedulur. Bareng wis kuliah, srawungku mekar dadi sambung tresna.</i>			√			Nalika sekolah biyen, wiwit kelas siji SMP nganti lulus sarjana, bareng wis kuliah menika katrangan minangka <i>penunjuk waktu</i> kangge nerangake ukara. Amor saklas terus menika katrangan ingkang nerangake ukara.	Sekolah, saklas, kelas siji SMP, lulus sarjana, kuliah , menika tembung ingkang kalebet <i>kolokasi register</i> amargi tembung-tembung ingkang dipunginakaken menika kalebet wonten ing setunggal jaringan inggih menika pendhidhikan.

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
32.	<i>Nalika sekolah biyen aku duwe kanca arane Arum, amor saklas terus, wiwit kelas siji SMP nganti lulus sarjana. Saben dina runtang-runtung ngasi kaya sedulur. Bareng wis kuliah, srawungku mekar dadi sambung tresna.</i>				√		Sambung tresna menika katrangan ingkang nerangaken kahanan rasa ati.	
33.	<i>“Dhik Arum sing dak tresnani. Ora ana dalam liya Dhik. Demi rasa kurmat lan bekti marang wong tuwa, awake dhewe kudu rila murungake sedya senadyan aku ngerti, ati bakal remuk rempu dadi lebu.”</i>				√		Remuk rempu dadi lebu menika katrangan ingkang nerangaken kahanan ukuran. Kudu rila menika katrangan minangka <i>penunjuk modalitas kangge nerangake ukara.</i>	
34.	<i>Let telung sasi, aku tanpa panggilan saka kantor pendidikan, sinartan surat katetepan diangkat dadi guru ing Jepara, dene Dhik Arum diangkat ing Pemalang.</i>			√			Panggilan saka kantor pendidikan, surat katetepan diangkat dadi guru ing Jepara, diangkat ing Pemalang menika kalebet katrangan ingkang nedahaken papan panggenan. Tembung diangkat menika katrangan ingkang nerangaken Saking ukara menika katingal bilih tembung-tembung ingkang dipunginakaken menika tembung-tembung ingkang wonten gayutanipun kaliyan pendhidhikan saengga saking ukara menika kagolong jinising kolokasi register. Kalebet kolokasi register menika amargi tembung-tembung ingkang dipunginakaken menika boten limrah wonten ing basa padintenan. Tembung ingkang dipunginakaken menika namung dipunangge menawi wonten kalangan	

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
							kahanan inggih menika <i>kata sifat</i> .	tartamtu kemawon.
35.	<i>Let telung sasi, aku tanpa panggilan saka kantor pendidikan, sinartan surat katetepan diangkat dadi guru ing Jepara, dene Dhik Arum diangkat ing Pemalang.</i>		√				Tembung diangkat menika katrangan ingkang nerangaken kahanan inggih menika <i>kata sifat</i> .	Tembung diangkat wonten ing ukara menika kalebet kolokasi unik. Diangkat ingkang dipunkarepaken menika sanes diangkat kados barang utawi babagan sanes ananging diangkat wonten ing ukara menika tegesipun ‘dipun tetepaken’. Saengga diangkat dadi guru menika tegesipun sampun dipun tetepaken dados guru wonten ing setunggaling wilayah.
<i>Sartono. 2013. “Belik”. Djaka Lodang No. 06.</i>								
36.	<i>Warti methentheng ana sandhuwure belik sanding omahe. Dene ing belik kono mau ono wong wadon cacah telu isih pada ubah-ubah. Wong-wong wadon sing padha ubah-ubah kuwi mau padha mlenggak lan nyawang Wartu.</i>					√	Belik menika tegesipun sendhang cilik utawi tuk ing pinggiran.	Tembung belik kaliyan ubah-ubah menika kalebet kolokasi budaya. Belik wonten ing Kamus Baoesastra Djawa tegesipun ‘sendhang cilik’ utawi ‘tuk ing pinggir kali’. Wonten ing masyarakat padhusunan belik menika limrahipun papan kangge resesik kadosta kangge siram, ubah-ubah, utawi asah-asah.
37.	<i>“Eh, lemah sing mepet kali kuwi dudu duwekmu senadyan minangka sesambungane pekaranganmu. Lemah sing ana belike kuwi klebu klebu lemah sempadane kali. Kuwi wis dadi aturane Negara. Sempadane kali kuwi saora-orane wates 10 meter saka sakiwa tengene pinggire kali, dene yen jerone kali</i>			√			Aturane Negara, sempadane kali kuwi saora-orane wates 10 meter saka sakiwa tengene pinggire kali, dene yen jerone kali	Ukara aturane Negara, sempadane kali kuwi saora-orane wates 10 meter saka sakiwa tengene pinggire kali, dene yen jerone kali watara 3 tekan 20 meter, lemah sempadane kuwi watara 15 meter saka pinggire kali menika kalebet

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
	<i>pinggire kali. Dene yen jerone kali watara 3 tekan 20 meter, lemah sempadane kuwi watara 15 meter saka pinggire kali. Dadi belik ngsor wit gayam, klebu wit nggayame kae dudu duwekmu."</i>						watara 3 tekan 20 meter, lemah sempadane kuwi watara 15 meter saka pinggire kali menika katrangan ingkang nerangaken tembung wilangan.	<i>kolokasi register</i> inggih menika babagan hukum utawi peraturan pamrintah, amargi tembung-tembung menika boten limrah menawi dipunngendikakaken masyarakat ing sabendintenipun.
38.	<i>"Yen sampeyan arep ngerti, bab kuwi wis diatur ing Peraturan Pemerintah Republik Indonesia Nomer 38 Tahun 2011 Tentang Sungai."</i>			√			Peraturan Pemerintah Republik Indonesia Nomer 38 Tahun 2011 Tentang Sungai menika katrangan ingkang nerangaken wosipun ukara. Arep ngerti menika katrangan minangka <i>penunjuk keakanan kangge nerangake</i> ukara.	Ukara Peraturan Pemerintah Republik Indonesia Nomer 38 Tahun 2011 Tentang Sungai menika kalebet <i>kolokasi register</i> inggih menika babagan hukum utawi peraturan pamrintah, amargi tembung-tembung menika boten limrah menawi dipunngendikakaken masyarakat ing sabendintenipun.
39.	<i>"Iki mesti pokale Warti apa Narto. Jian wong kae pancen jail, methakil, drengki, sreji, lan uthil temenan."</i> Ngono aloke wong-wong Desa Karangsari.	√					Jail, methakil, drengki, sreji, saha uthil temenan menika katrangan ingkang nerangaken kahanan	Tembung jail, methakil, drengki, sreji, saha uthil temenan menika kalebet <i>kolokasi umum</i> amargi taksih wonten ing setunggal <i> jaringan </i> inggih menika ngandharaken sifat utawi watak

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
							inggih menika <i>kata sifat</i> .	setunggaling tiyang.
<i>Mbah Met. 2013. "Tumbal". Djaka Lodang No. 07.</i>								
40.	<i>"Dieling-eling ya, Mas, pesene Mbah Dhukun, piye cak-cakane tumbal mengko!" welinge bojoku nalika aku arep mangkat golek tumbal.</i>					√	Tembung Mbah Dhukun saha cak-cakane tumbal menika katrangan ingkang nerangaken wosipun ukara. Arep mangkat menika katrangan minangka <i>penunjuk keakanan</i> kangge nerangake ukara.	Mbah Dhukun saha cak-cakane tumbal menika kalebet <i>kolokasi budaya</i> , dipunsebat mekaten amargi tembung ingkang dipunginakaken menika ngemot budaya inggih menika Mbah Dhukun saha cak-cakane tumbal menika limrahipun budaya wonten ing padhusunan ingkang taksih kenthel budayanipun, taksih percaya kaliyan mitos-mitos menika.
41.	<i>Dening bojoku dhuwit pituwas kanggo oleh tumbal tolak laris mau, diamplop apik, supaya katon aweh kurmat. Ora keru rokok kretek sing kanggo sesaji uga diwadhadhake plastik kresak cilik, dadi siji karo amplop isi dhuwit, sing gunggunge satus ewu repis.</i>					√	Tembung tumbal tolak laris saha sesaji menika katrangan ingkang nerangaken wosipun ukara.	Tembung tumbal tolak laris saha sesaji menika kalebet <i>kolokasi budaya</i> , dipunsebat mekaten amargi tembung ingkang dipunginakaken menika ngemot budaya inggih menika tembung tumbal tolak laris saha sesaji menika limrahipun budaya wonten ing padhusunan ingkang taksih kenthel budayanipun, taksih percaya kaliyan mitos-mitos menika.
42.	<i>"Aku iki elik-elik, teka sampeyan kuwi dadi uwong lalen ngono kok!" kandhane bojoku krasa rada atos ngrembug lalenku. Nanging bab kuwi ora</i>				√		Nadyan wingka katon kencana menika kalebet	Nadyan wingka katon kencana menika kalebet kolokasi khusus inggih menika setunggaling unen-unen Jawi. Menawi

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
	<i>daklebokake ati, jer aku wis seneng lan tresna karo bojoku kok. Ana unen-unen, wong ki yen wis tresna, nadyan wingka ya katon kencana. Semono uga sawalike, yen ora tresna kuwi diwenehana dhuwit sathekruk, jare ya minangka opahe umbah-ubah.</i>						setunggaling paribasan.	dipuntegesi saben tembungipun menika wonten ing Kamus Baoesastra Djawa wingka menika ‘pecahan grabah’ wondene kencana menika ‘emas’. Teges keseluruhan menika sanadyan katingalipun ala ananging menawi sampun tresna menika ndadosaken ketingal sae kados emas.
43.	<i>“Aku iki elik-elik, teka sampeyan kuwi dadi uwong lalen ngono kok!” kandhane bojoku krasa rada atos ngrembug lalenku. Nanging bab kuwi ora daklebokake ati, jer aku wis seneng lan tresna karo bojoku kok. Ana unen-unen, wong ki yen wis tresna, nadyan wingka ya katon kencana. Semono uga sawalike, yen ora tresna kuwi diwenehana dhuwit sathekruk, jare ya minangka opahe umbah-ubah.</i>				√		Diwenehana dhuwit sathekruk, minangka opahe umbah-ubah menika kalebet paribasan.	Diwenehana dhuwit sathekruk, minangka opahe umbah-ubah menika kalebet kolokasi khusus inggih menika setunggaling unen-unen Jawi. Unen-unen menika kwalikanipun unen-unen nadyan wingka katon kencana . Tegesipun diwenehana dhuwit sathekruk, minangka opahe umbah-ubah menika sanadyan katingal sae sanget ananging menawi boten tresna namung dipandang sebelah mata menika boten wonten aji-ajinipun.
44.	<i>Kabeh sing kedadean ana warunge Bu Sutini dakbeber. Ringkese wadulku, warunge Bu Sutini iku laris banget, nganti warung-warung liyane kena kinaran ora ana sing nukoni, yen dagangane Bu Sutini kang arupa sega pecel, kopi, lan jajanan jodhone wedang kopi durung entek. Kamangka liyane ya padha, wujud dagangane. Rega ya</i>	√					Sega pecel, kopi, lan jajanan jodhone wedang kopi menika tembung katrangan ingkang kalebet tembung aran.	Sega pecel, kopi, saha jajanan jodhone wedang kopi menika tembung ingkang kalebet <i>kolokasi umum</i> amargi tembung menika wonten ing setunggal jaringan inggih menika kalebet dhedhaharan ingkang wonten ing setunggaling warung.

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
	<i>padha. Kalebu warunge bojoku. Yagene sing karis mung warunge Bu Sutini.</i>							
<i>Herlina. 2013. "Layang Ulem". Djaka Lodang No. 08.</i>								
45.	<i>Wektu lumaku. Wis pirang sasi iki Rahmat ora ana kabare. Saiki Wika nggetuni lelakone. Emosi sing mubal nguwasani atine rada lerem. Dheweke sadhar dene wis tumindak kaya bocah cilik. Bocah cilik sing gampang kesulet emosi lan ora isa ngendaleni dhiri. Ing pribadhine Wika. Nanging, sega kadung dadi bubur. Kabeh wis kebacut rampung.</i>				√		Sega kadung dadi bubur menika kalebet paribasan.	Sega kadung dadi bubur , ukara menika kalebet <i>kolokasi khusus</i> inggih menika setunggaling unen-unen Jawi ingkang tegesipun kadadayan ingkang sampun kebacut dumadi.
46.	<i>Saben-saben butuh kanca, Satrio sok siap ngancani. Pancene Satrio ya mambu ati marang Wika dadine arep Wika ngana-ngene diturat-turuti wae.</i>				√		Mambu ati menika kalebet idiom ingkang minangka katrangan ingkang nerangaken kahanan inggih menika <i>kata sifat</i> .	Mambu ati menika kalebet kolokasi khusus inggih menika setunggaling idiom. Mambu ati menika gadhah makna kias ingkang tegesipun inggih menika gadhah raos tresna kaliyan tiyang sanes (<i>lawan jenis</i>).
<i>Laksana, Triman. 2013. "Sendhang Banyu Urip". Djaka Lodang No. 09.</i>								
<i>Purnomo, Al Aris. 2013. "Tembang Ireng Peteng Wengi". Djaka Lodang No. 10.</i>								
47.	<i>Jenengku Rani Rianingsih. Sakdurunge kaya mengkene, aku klebu bocah kang taat ngibadah. Lan miturut prasangkaku, aku ora tau gawe rugining liyan. Kabeh ayahan dakrampungu kanthi becik. Anggonku sekolah iya nganti rampung, sanadyan mung tekan es-em-a, awit kluwargaku</i>	√					Sekolah iya nganti rampung menika katrangan minangka <i>penunjuk</i> kangge nerangake ukara.	Sekolah iya nganti rampung, nyekolahake saha saka es-de (SD) nganti es-em-a (SMA) tembung-tembung menika kalebet <i>klokasi umum</i> amargi tembung-tembung ngkang dipunginakaken menika limrah wonten ing basa padintenan ugi

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
	<i>klebu kluwarga kang ora mampu, mula mung bisa nyekolahake aku seka es-de nganti es-em-a.</i>						Saka es-de (SD) nganti es-em-a (SMA) menika katrangan minangka penunjuk waktu kangge nerangake ukara.	taksih wonten ing setunggal jaringan inggih menika babagan pendhidhikan.
48.	<i>Rampung sekolah es-em-a, aku kursus njahit. Lan kasil kanthi becik. Aku banjur ditukokkake mesin jahit dening Bapak. Ora ketang siji loro wis ana kang njaitake marang aku. Jare jahitanku klebu alus, upama dibiji ngono wis entuk enem setengah. Nanging urip ing ndesa kuwi klebu gampang angel. Contone kaya sing daklakoni iki, wong-wong sing njahitake akeh-akehe utang. Lan padatan terus lali yen duwe utang. Mula usaha jahitanku suwe-suwe ora mlaku. Awit ora ono sing njaitake meneh.</i>	√					Rampung sekolah es-em-a menika katrangan ingkang nerangaken wekdal. Kursus njahit menika katrangan ingkang nerangaken tembung kriya. Kasil kanthi becik, jahitanku klebu alus menika katrangan ingkang nerangaken kahanan. Dibiji ngono wis entuk enem setengah menika katrangan ingkang nerangaken tembung wilangan.	Rampung sekolah es-em-a, kursus njahit, kasil kanthi becik, jahitanku klebu alus, dibiji ngono wis entuk enem setengah tembung-tembung menika kalebet <i>klokasi umum</i> amargi tembung-tembung ngkang dipunginakaken menika limrah wonten ing basa padintenan ugi taksih wonten ing setunggal jaringan inggih menika babagan pendhidhikan.

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
49.	<i>Sawijining dina ana rowangku sing teka saka kutha. Wah., ketoke dheweke kasil uripe. Mulih bisa nggawa kendharaan sedhan kinyis-kinyis, yen mlaku tleser-tleser prasasat ora nyuwara. Jenenge rowangku kuwi Satoni.</i>	√					Kendharaan sedhan kinyis-kinyis, yen mlaku tleser-tleser prasasat ora nyuwara menika katrangan ingkang nerangaken kahanan.	
50.	<i>Sikepe Satoni ora owah. Dheweke iseh kaya bocah ndesa. Sopan santun lembah manah isih dijaga. Patrape panggah kalem, sithik guneman. Dheweke gelem crita yen ditakoni, paribasane kaya gong kae, yen ora ditabuh ora muni.</i>	√					Bocah ndesa, sopan santun lembah manah isih dijaga, kalem, sithik guneman menika katrangan ingkang nerangaken kahanan inggih menika <i>kata sifat</i> .	Tembung bocah ndesa, sopan santun lembah manah isih dijaga, kalem, sithik guneman menika kalebet <i>kolokasi umum</i> amargi taksih wonten ing setunggal <i>jaringan</i> inggih menika ngandharaken sifat utawi watak setunggaling tiyang. Tembung-tembung ingkang dipunginakaken menika limrah wonten ing masyarakat nalika pangandikan ngandharaken watakipun tiyang sanes.
51.	<i>Dheweke gelem crita yen ditakoni, paribasane kaya gong kae, yen ora ditabuh ora muni.</i>				√		Kaya gong, yen ora ditabuh ora muni menika katrangan ingkang nerangaken kahanan inggih menika <i>kata sifat</i> .	Kaya gong, yen ora ditabuh ora muni menika kalebet <i>kolokasi khusus</i> inggih menika kalebet setunggaling unen-unen Jawi ingkang kangge <i>perumpamaan</i> nggambaraken watakipun tiyang sanes ingkang menawi boten dipunjawil utawi boten dipunajak ngendikan piyambakipun boten ngendika (<i>pendiam</i>).

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
52.	<i>Sawijining dina Satni dolan ing omahku. Emboh ana angin apa dene Satoni kok njanur gunung sambang ngggonku</i>				√			Njanur gunung menika kalebet wangsalan tegesipun kadingaren.
53.	<i>Sakliyane kuwi yen mung ana ndesa kaya-kaya ora ana kemajuan. Aku banjur kandha karo Bapak lan Simbok bab tawarane Satoni. Wong tuwaku manut wae apa karepku.</i>	√					Ora ana menika katrangan minangka penunjuk negasi kangge nerangake ukara.	
54.	<i>Gedhene semene iya nembe pisan iki aku numpak montor sing jenenge sedhan.</i>	√					Tembung numpak montor menika katrangan ingkang nerangaken tembung kriya.	
55.	<i>Aku ora selak yen sedhan sing daktumpaki iki penak banget. Lungguhane empuk, hawane anyes amarga nganggo AC. Lan sing marai luwih nikmat yakuwi swara musik, malah lagu-lagune kesenenganku.</i>	√					Sedhan, lungguhane empuk menika tembung katrangan ingkang kalebet tembung aran. Hawane anyes amarga nganggo AC, luwih nikmat yakuwi swara musik menika katrangan ingkang nerangaken kahanan rasa indra.	

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
56.	<i>Angin tumiyup alon njamah gegodhongan, mbok menawa aweh kabar kalamun ana raja pati.</i>		√				Angin tumiyup alon njamah gegodhongan menika katrangan ingkang nerangaken kahanan cara.	Angin tumiyup alon njamah gegodhongan menika kalebet kolokasi inggih menika jinis <i>kolokasi unik</i> . Dipunsebat <i>unik</i> amargi ukara menika gadhah teges ingkang unik, menawi dipunpisah anggenipun negesi tembung menika gadhah teges ingkang limrah, ananging menawi sampun dipundadosaken setunggal ukara menika ndadosaken makna enggal. Angin tumiyup alon njamah gegodhongan menika sanes angin ingkang njamah ananging ukara menika kangge nggambaraken raos iutawi hawa ingkang wonten anging sumilir.
57.	<i>Angin tumiyup alon njamah gegodhongan, mbok menawa aweh kabar kalamun ana raja pati.</i>				√			Raja pati menika kalebet tembung saraja tegesipun pepati.
<i>Atmoko. 2013. "Prasetyaku". Djaka Lodang No. 11/12.</i>								
58.	<i>Ora cucuk olehe mangan sedhela tatas. Gek wong ngamen lunga-teka. Wiwit aku lungguh sing teka sepisan bocah wadon abg nggawa ecek-ecek. Bocah wadon abg lunga, cah lanang jemaka nggawa gitar. Cah nggawa gitar menyat, sing teka wong lanang tuwa capingan nyangking siter. Klambine surjan tenunan Pedan wis lungset. Sandale jepit wis trepes, awake kuru memelas banget.</i>		√				Bocah wadon abg nggawa ecek-ecek, cah lanang jemaka nggawa gitar, wong lanang tuwa capingan nyangking siter menika katrangan ingkang nerangaken tembung	

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
							kriya.	
59.	<i>Cah nggawa gitar menyat, sing teka wong lanang tuwa capingan nyangking siter. Klambine surjan tenunan Pedan wis lungset. Sandale jepit wis trepes, awake kuru memelas banget.</i>					√	Klambine surjan tenunan Pedan kaliyan siter menika katrangan ingkang nerangaken tembung aran.	Saking tembung ingkang katingal inggih menika klambine surjan tenunan Pedan kaliyan siter menika saged kagolongaken jinising kolokasi register amargi klambine surjan tenunan Pedan kaliyan siter menika kalebet setunggaling budaya Jawi. Klambine surjan tenunan Pedan menika tuladha setunggaing busana Jawi menawi siter menika kalebet <i>alat musik</i> tradisional.
60.	<i>Aku ora weruh mlebone ujung-ujug ndhodhok meh cedhak lenggahe Mas Santo. Wiwit nylenthiki kawat siter karo ura-ura tembange Sinom Parijatna. Aku ngerti yen kuwi tembang Sinom. Awit kejaba aku duwe keahlian beksan klasik, tembang uga diwulangke dening guruku beksa Pak Bei Atmo Kesawa rikala aku kuliah ing Sala mbiyen.</i>			√			Siter, tembange Sinom Parijatna, tembang Sinom, beksan klasik, tembang, beksa menika katrangan ingkang nerangaken tembung aran. Meh cedhak menika katrangan minangka <i>penunjuk keakanan kangge nerangake ukara.</i>	Siter, tembange Sinom Parijatna, tembang Sinom, beksan klasik, tembang, beksa menika kalebet <i>kolokasi register</i> amargi tembung-tembung ingkang dipunginakaken menika limrahipun wonten ing pangandikan babagan seni budaya Jawi.
61.	<i>Aku ora weruh mlebone ujung-ujug ndhodhok meh cedhak lenggahe Mas Santo. Wiwit nylenthiki kawat siter karo ura-ura tembange Sinom</i>					√		Siter, tembange Sinom Parijatna, tembang Sinom, beksan klasik, tembang, beksa menika ugi kalebet

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
	<i>Parijatna. Aku ngerti yen kuwi tembang Sinom. Awit kejaba aku duwe keahlian beksan klasik, tembang uga diwulangke dening guruku beksa Pak Bei Atmo Kesawa rikala aku kuliah ing Sala mbiyen.</i>							kolokasi budaya inggi menika budaya Jawi. Siter menika tuladha setunggaling alat musik tradisional; tembange Sinom Parijatna, tembang Sinom menika jinising tembang macapat; menawi beksan klasik, beksa menika tarian.
62.	<i>Wong ngamen siji iki swarane kok empuk. Wadhuh cengkke, gregele, aku jan kepranan banget. Kok ora gelem nggabung siaran karawitan RRI Sala utawa RRI Purwokerto wae sing isih asring giyaran karawitan. Utawa ndherek dhalang kondhang Ki H. Manteb Sudarsono kanggo wiraswara. Jian... aku njinggleng sarendheng krungu swarane sing ulem cengkok lan gregele ngedab-edabi. Sinambi nembang dheweke mung tansah ndhingkluk dhasar capinge amba nutupi rai.</i>			√			Ora gelem menika katrangan minangka penunjuk negasi kangge nerangake ukara. Siaran karawitan RRI Sala utawa RRI Purwokerto, giyaran karawitan menika tembung katrangan ingkang minangka wasesa wonten ing ukara menika. Dhalang, wiraswara, nembang menika katrangan ingkang nerangaken tembung kriya.	Siaran karawitan RRI Sala, RRI Purwokerto, giyaran karawitan, dhalang, wiraswara, nembang menika kalebet tembung ingkang dipunginakaken wonten ing pangandikan babagan seni budaya Jawi. Saengga saking tembung-tembung siaran karawitan RRI Sala, RRI Purwokerto, giyaran karawitan, dhalang, wiraswara, nembang menika kalebet kolokasi register.
63.	<i>Gendhing Sinom Parijatna rampung, age-age aku nyletuk:</i>					√	Gendhing Sinom Parijatna saha	Tembung gendhing Sinom Parijatna kaliyan Pangkur Palaran menika kalebet

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
	<i>“Tambah Pangkur Palaran nggih Pak!” dheweke iseh ndhingluk wae ~ mangsuli inggih karo nglirikaku.</i>						Pangkur Palaran menika katrangan ingkang nerangaken tembung aran.	jinising kolokasi budaya. Gendhing Sinom Parijatna kaliyan Pangkur Palaran menika kalebet tembang macapat wonten ing budaya Jawi.
64.	<i>Siter dislenthiki meneh karo angkatan Pangkur Palaran.</i>		√				Tembung angkatan menika katrangan ingkang nerangaken <i>kata sifat</i> . Pangkur Palaran menika katrangan ingkang nerangaken tembung aran.	Angkatan Pangkur Palaran menika kalebet <i>kolokasi unik</i> . Keunikanipun menika katingal saking tembung angkatan menika limrahipun sesandhingan kaliyan setunggaling barang, ananging wonten ing ukara menika tembung angkatan sesandhingan kaliyan Pangkur Palaran inggih menika setunggaling tembang macapat tegesipun angkatan Pangkur Palaran menika sampun dipunwiwiti anggenipun nembangaken.
65.	<i>Siter dislenthiki meneh karo angkatan Pangkur Palaran. Oleh sauntara gatra ditampani Pangkur Gendhing. Dayane Pangkur Gendhing atiku dadi geter. Aku meneng ~ sapandurat ana titik tumanduk njroning rasaku ~ baya apa darunane atiku dadi geter pater.</i>					√	Pangkur Palaran, Pangkur Gendhing, Pangkur Gendhing menika katrangan ingkang nerangaken tembung aran.	Pangkur Palaran, Pangkur Gendhing, Pangkur Gendhing menika kalebet tembang macapat wonten ing budaya Jawi, saengga tembung menika kalebet jinising <i>kolokasi</i> budaya.
66.	<i>Wiwit kondur saka Pulo Buru biyen, njujug nyang daleme Pakdhe Harjo, kangmase Bapak. Mestine penggalihe sengkleh awit ibuku wis karma meneh. Nate nyupeng sewengi ing omahku.</i>	√					Wiwit kondur saka Pulo Buru biyen menika katrangan minangka <i>penunjuk waktu</i> kangge	

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
							nerangake ukara.	
67.	<i>Aku dhewe ora payu nyambut gawe awit kena persaratan bersih lingkungan. Ijazahku Sarjana Sastra ora kanggo gawe. Melas anggone Pakdhe Harjo nguliahke aku.</i>			√			Ora kanggo gawe menika katrangan minangka <i>penunjuk negasi</i> kangge nerangake ukara.	Ijazahku Sarjana Sastra, nguliahke menika kalebet kolokasi register amargi tembung ingkang dipunginakaken menika tetembungan wonten ing jaringan pendhidhikan.
68.	<i>Nalika semana pamite arep niliki kamasku Bandono ing Blora. Ya pancen bener ngendikane Mas Bandono, jare Bapak nyare rong bengi. Tangkepe ipeku Swasti ora nyenengake penggalihne Bapak. Kuwi miturut Mas Bandono dhewe. Terus Bapak Pamit meneh ngendikane arep bali nyang daleme Pakdhe Harjo ing Pati.</i>			√			Arep niliki, arep bali menika katrangan minangka <i>penunjuk keakanan</i> kangge nerangake ukara.	Kamasku Bandono, ipeku Swasti, Bapak, Pakdhe Harjo menika tetembungan wonten ing jaringan kekerabatan (keluarga). Kamasku Bandono, ipeku Swasti, Bapak, Pakdhe Harjo menika tembung katrangan ingkang kalebet tembung aran.
69.	<i>Biyen Bapak ngasta guru Bahasa Inggris ing SMA 1 ing kutha R, sadurunge ana ontran-ontran taun 1965. Bapak pancen seniman komplit. Ya ing karawitan, ndhalang, ngetoprak ing tobong, ya mucal beksan klasik. Nanging sing beken ana ing karawitan. Saben malem Minggu ndherek ngrawit ing tobong ketoprak.</i>					√	Ngasta guru Bahasa Inggris ing SMA 1 ing kutha R, seniman komplit, karawitan, ndhalang, ngetoprak, mucal beksan klasik menika katrangan ingkang nerangaken tembung kriya.	Tembung ingkang dipunginakaken inggih menika beksan klasik, karawitan, ndhalang, ngetoprak , menika kalebet <i>kolokasi</i> budaya inggih menika kalebet seni kabudayan Jawi.
<i>Susanto, Budi. 2013. "Ketua RT". Djaka Lodang No. 13.</i>								
70.	<i>Ing kutha-kutha wus ana aturan RT-RW, nanging yen ana ing njaban kutha durung. Mung</i>			√			Aturan RT-RW, warga, kecamatan	Tembung aturan RT-RW, warga, kecamatan panitia Pentas Agustusan,

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
	<p>masyarakate kepengin kaya kutha, mula kanggo kawitan padha nganakake kumpulan ana omahku. Sing dirembug bubaring Panitia Pentas Agustusan, kanthi nganggo Kasidah utawa Samroh lagu-lagu religi. Nanging ora mung kuwi, jebul aba liyane yaiku mbentuk kepengurusan RT. Kamangka iku mung inisiatif warga, jalaran durung ana instruksi saka kecamatan. Aturan sing digunakake cara aklamasi, aku sing kepilih dadi ketua RT. Mbok menawa sing kanggo dhasar, amarga aku wus rampung SI saka UGM.</p>						<p>panitia Pentas Agustusan, kepengurusan RT, ketua RT menika tembung katrangan ingkang kalebet tembung aran.</p>	<p>kepengurusan RT, ketua RT menika kalebet <i>kolokasi register</i>, inggih menika sesebutan perangkat desa wonten ing setunggaling wilayah.</p>
71.	<p>Aku mangsuli: “Insya Allah, mugi-mugi pilihan njenengan sedaya saget ngeksanani tugas kanthi sae. Nanging kula mboten sagah yen naming piyambakan. Kedah dipunpilih wonten Wakil RT, Sekretaris, Bendahara, Seksi Keamanan, Seksi Pemuda dan Olahraga, sarta Seksi Agama. Tambahan malih Seksi Pembangunan.</p>			√			<p>Wakil RT, Sekretaris, Bendahara, Seksi Keamanan, Seksi Pemuda dan Olahraga, Seksi Agama, Seksi Pembangunan menika tembung katrangan ingkang kalebet tembung aran.</p>	<p>Tembung Wakil RT, Sekretaris, Bendahara, Seksi Keamanan, Seksi Pemuda dan Olahraga, Seksi Agama, Seksi Pembangunan menika kalebet <i>kolokasi register</i>, inggih menika sesebutan perangkat desa wonten ing setunggaling wilayah.</p>
72.	<p>Wanci candhake tansah lumaku kanthi becik, saben selapan dina diadani kumpulan bapak-bapak, kabeh program RT diwujudi kayata gawe talut dalan, ngecor, bocah cilik diwulangi ngaji,</p>			√			<p>Kumpulan bapak-bapak, gawe talut dalan, ngecor, bocah cilik diwulangi ngaji,</p>	<p>Kumpulan bapak-bapak, gawe talut dalan, ngecor, bocah cilik diwulangi ngaji, remajane digladi olahraga lan seni, Agustusan nanggap kesenian</p>

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
	<i>remajane digladi olahraga lan seni, saben Agustusan nanggap kesenian kayata ketoprak, wayang kulit, dhangdhut.</i>						remajane digladi olahraga lan seni, Agustusan nanggap kesenian menika katrangan ingkang nerangaken tembung kriya.	menika kalebet kolokasi register amargi tembung-tembung menika kalebet wonten ing setunggal jaringan inggih menika kagiyatan ingkang wonten ing program RT.
73.	<i>Wangsulane indri saya nekad, jagade kaya mung sagodong kelor. Indri wus ora ngetung asmane wong tuwa, sing ana gawang-gawangan pojoking netra amung kebakusaning Tadin.</i>				√		Sagodhong kelor menika katrangan ingkang nerangaken kahanan ukuran.	Sagodhong kelor menika kalebet kolokasi khusus inggih menika sanepa ingkang tegesipun ciut banget.
74.	<i>Let 10 taun saka kedadean kuwi, aku wus ora dadi warga Kaliayu, aku nilingake kabar yen Indri anggone bebrayan karo Tadin ora langgeng, jalaran Tadin metengi tanggane Indri. Lagi eling yen urip iku ora gampang, Indri bali menyang bapake. Getun tiba mburi.</i>				√		Getun tiba mburi menika katrangan ingkang nerangaken wosipun ukara.	Getun tiba mburi menika kalebet setunggaling unen-unen ingkang ngandharaken bilih getun utawi <i>penyesalan</i> menika mesthi bakal dumugi ing wingking.
<i>Mulyadi, Mulia. 2013. "Sujana". Djaka Lodang No. 14.</i>								
75.	<i>Rasane kupingku panas kaya disiram banyu wedang. Ambeganku ya ora normal. Tangan lan sikilku gemeter nahan nesu. Setengah mlayu aku nyebrang dalan. Mobil, montor, becak, pit onthel uga wong mlaku rame pating sliwer neng dalan ngarep hotel Sejuk iku. Wis on ing ngarepe petugas resepsionis.</i>				√		Mobil, montor, becak, pit onthel menika tembung katrangan ingkang kalebet tembung aran.	Mobil, montor, becak, pit onthel kalebet kolokasi register inggih menika wonten ing jaringan jinising piranti transportasi utawi titihan.

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
76.	<i>“Nuwun sewu nggih Pak,” ujare Kenya manis petugas resepsionis kang mirip Ashanty sisihane Anang Hermansyah musisi kondhang kuwi, sambunge andhap asor lan sumringah.</i>			√			Andhap asor lan sumringah menika katrangan ingkang nerangaken <i>kata sifat</i> .	Tembung andhap asor saha sumringah menika kalebet <i>kolokasi umum</i> amargi taksih wonten ing setunggal <i>jarangan</i> inggih menika ngandharaken sifat utawi watak setunggaling tiyang.
77.	<i>Astagirullah, Sumi ketabrak pick up sing momot ayam. Sumi nggletak neng tengah dalan gedhe ngarep hotel iku, awake teles adus ludira sing mili saka siraha. Ora suwe wong akeh padha mara aweh pitulungan. Aku mung ngadeg kamitetegen kaya reca.</i>		√				Ludira menika tegesipun getih. Teles adus ludira tegesipun adus getih inggih menika tatu ingkang kathah ngetokaken getih saengga kados adus getih. Teles adus ludira menika katrangan ingkang nerangaken wosipun ukara.	Teles adus ludira menika kalebet kolokasi unik. Wonten ing Kamus Baoesastra Djawa ludira menika tegesipun ‘getih’. Teles adus ludira tegesipun adus getih inggih menika tatu ingkang kathah ngetokaken getih saengga kados adus getih.
<i>Anonim. 2013. “Ranti”. Djaka Lodang No. 15.</i>								
78.	<i>Atiku uga sumedhot, nalika janjiku bakal enggal bali sacepete, sadurunge wektu dina pernikahane. Semprit saka Sep pengatur perjalanan KA, tandha sepur Senja Utama jurusan Jakarta bakal diangkatake. Dakarasa bathuk lan rikmane Ranti, aku pamit kanthi diiringi dlewering luh ing peron Stasiun Tawang Semarang. Gerit roda gerbong lan panjeriting klakson loko, jumbuh karo jeriting</i>		√				Semprit saka Sep pengatur perjalanan KA, sepur Senja Utama jurusan Jakarta, gerit roda gerbong lan panjeriting klakson loko menika tembung	Semprit saka Sep pengatur perjalanan KA, sepur Senja Utama jurusan Jakarta bakal diangkatake, Stasiun Tawang Semarang, gerit roda gerbong lan panjeriting klakson loko menika kalebet <i>kolokasi umum</i> , amargi tembung-tembung menika langkung gampang dipun mangertosi sanajan boten dipunandharaken rumiyin.

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
	<i>atiku.</i>						katrangan ingkang kalebet tembung aran. Stasiun Tawang Semarang menika katrangan ingkang nerangaken papan.	
79.	<i>Atiku uga sumedhot, nalika janjiku bakal enggal bali sacepete, sadurunge wektu dina pernikahane. Semprit saka Sep pengatur perjalanan KA, tandha sepur Senja Utama jurusan Jakarta bakal diangkatake.</i>		√				Wonten ing paragraph menika tembung diangkatake menika katrangan ingkang nerangaken tembung kriya.	Sepur Senja Utama jurusan Jakarta bakal diangkatake menika kalebet tembung <i>kolokasi unik</i> . Keunikan menika wonten ing tembung diangkatake , wonten ing ukara menika tembung diangkatake gadhah teges ‘diberangkatkan’ utawi ‘dipunbidhalaken’.
80.	<i>Ing sadawane marga aku bali nganam gambar. Gambar lakon wiwit kenal nganti pisah ing peron stasiun mau. Cetha nglega gambar lelakon sing kawuri. Pedhot sedela lamunanku, nalika kondhektur sepur mriksa tiket lan sabanjure bali kabucang nostalgia.</i>		√				Nganam gambar tegesipun mbayangake menika katrangan ingkang nerangaken kahanan rasa ati.	Nganam gambar menika kalebet kolokasi unik, ingkang dipunkarepaken nganam wonten ing frasa menika sanes nganam kados anyaman-anyaman ananging nganam gambar menika tegesipun ‘mbayangake’.
81.	<i>Rong taun kepungkur aku ketemu Ranti, ing acara “Sarasehan Budaya lan Sastra Jawa” kanggo mahasiswa lan umum. Mapan ing Musium Ranggawarsita Semarang. Ing kono aku kadhapuk dadi pamedharsabdha kanthi makalah sing wis dakpilih. Dening panitia sarasehan, aku dipilih marga aku pancen penulis sastra Jawa ing</i>			√			Sarasehan Budaya lan Sastra Jawa menika tembung katrangan ingkang kalebet tembung aran. Musium Ranggawarsita	

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
	<i>kalawarti mingguan. Uga klebu pengamat mudha Budhaya lan Sastra Jawa. Dene Ranti salah sijine paraga sarasehan, sing dikirim saka universitas negeri.</i>						Semarang menika katrangan papan. Penulis sastra Jawa, pengamat mudha Budhaya lan Sastra Jawa menika tembung katrangan ingkang nedahaken katrangan tembung kriya.	
82.	<i>Ranti lan adhine Ratih, digedhekake saka kluwarga mbrewu pendhidhikan dhuwur lan terpendang. Pak Herbanu pengusaha terkenal ing Semarang.</i>			√			Pengusaha terkenal ing Semarang menika tembung katrangan ingkang nedahaken katrangan tembung kriya saha katrangan papan.	
83.	<i>Jujur bae pendhidhikan mung D3, kui bae anggonku nggayuh nganti banget ngrekasa. Kabisan anggonku nulis sastra mung otodidak, saka marsudi lan merguru marang para nimpuna. Nanging panguripan saka nulis lan nggilut sastra budaya Jawa, angel lan durung bisa didadekake cagak panguripan ing wektu iki, kurang banget kawigaten saka pemerintah lan masyarakat.</i>	√					Pendhidhikan mung D3 menika tembung katrangan ingkang minangka wasesa wonten ing ukara menika. Nulis sastra, marsudi lan merguru marang para nimpuna, nulis lan nggilut sastra	

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
							budaya Jawa menika tembung katrangan ingkang nedahaken katrangan tembung kriya.	
84.	<i>Nanging panguripan saka nulis lan nggilut sastra budaya Jawa, angel lan durung bisa didadekake cagak panguripan ing wektu iki, kurang banget kawigaten saka pemerintah lan masyarakat. Mula kaya bebasan “cebol nggayuh lintang” kae. Mung saka gedhening panyurunge Ranti, aku dadi luwih teguh ngrungkepi katresnan iki.</i>				√			Cebol nggayuh lintang menika kalebet kolokasi khusus inggih menika paribasan ingkang tegesipun gadhah kekarepan ingkang dipunaji-aji ananging boten saged kalampahan utawi boten saged nggayuh.
85.	<i>Tumeka ing Jakarta aku njujug papan kos-e mitra kenthelku. Tangkep tulus sumadulur bisa sawetara nglipur ati sing putung. Nanging marang mitraku mau, aku ora nate crita bab wadiku iki.</i>		√					Mitra kenthel menika kalebet tembung kolokasi unik. Keunikan menika wonten ing tembung kenthel , limrahipun tembung kenthel menika sesandhingan kaliyan tembung kopi utawi susu. Ananging wonten ing ukara menika tembung kenthel sesandhingan kaliyan tembung mitra ingkang tegesipun ‘kanca’. Mitra kenthel menika tegesipun kanca ingkan sampun akrab sanget (kanca plek).
86.	<i>Nalika ing sawijining wengi, aku lagi bali saka nglembur wanci wengi. Kaya ana wewayangan sing tut wuri ing mburiku. Nanging saben daktoleh mesti ilang.</i>				√			Tut wuri tegesipun wonten ingkang ngetutake.

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
87.	<i>Omah, sing wis njenggarang cekli. Banjur aku kudu bali nemoni Ranti, sing wis dadi darbeke liyan lan mbangun bale wisma? Aah ora aku ora, ora bakal sanggup ngadepi kahanan kuwi. Padha bae aku bali nyiksa ati lan raga.</i>				√		Kudu bali menika katrangan minangka <i>penunjuk modalitas kangge nerangake ukara.</i>	Bale wisma tegesipun mbangun omah-omah.
88.	<i>Bakune aku kudu bali nganggo kreta sepisanan saka Gambir. Cekat ceket dak tata barang wigati sing perlu dakgawa. Lan wengi kuwi aku klisikan ora bisa turu. Lagi turu kepenak bareng wis ing gerbong Argo Muria pagi. Tengah awan aku wis tekan stasiun Semarang Tawang. Agahan aku numpak taksi daya-daya menyang omahe Ratri, Puri Ayodya Estate Semarang Atas.</i>			√			Kreta sepisanan saka Gambir, gerbong Argo Muria pagi menika tembung katrangan ingkang kalebet tembung aran. Stasiun Semarang Tawang menika katrangan papan. Kudu bali menika katrangan minangka <i>penunjuk modalitas kangge nerangake ukara.</i>	Kreta sepisanan saka Gambir, gerbong Argo Muria pagi, Stasiun Semarang Tawang tembung menika kalebet kolokasi register. Tembung-tembung ingkang dipunginakaken inggih menika kreta sepisanan saka Gambir, gerbong Argo Muria pagi, stasiun Semarang Tawang namung wonten utawi dipunngendikaken menawi wonten ing lingkungan stasiun.
<i>Herlina. 2013. "Pituture Ibu". Djaka Lodang No. 16.</i>								
89.	<i>Yen kelingan lelakonku nalika SD, SMP, aku rumangsa isin. Geneya wong Jawa ora bisa basa Jawa, wong Jawa ora bisa nembang Jawa. Biyen aku wedi yen ana pasinaon basa Jawa ing sekolahan. Aku ora mudheng babar blas karo undha usuk, aksara Jawa, paribasan, wangsalan,</i>					√	Nembang Jawa menika katrangan ingkang nerangaken tembung kriya. Ora bisa menika katrangan minangka	Nembang Jawa, undha usuk, aksara Jawa, paribasan, wangsalan menika kalebet kolokasi budaya.

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
	<i>lan sapiturute.</i>						<p><i>penunjuk negasi kangge nerangake ukara.</i></p> <p>Undha usuk, aksara Jawa, paribasan, wangsalan menika tembung katrangan ingkang kalebet tembung aran.</p>	
90.	<i>Gurune uga galak. Yen bocah-bocah ora bisa migunakake basa kanthi pener padha diseneni. Iku sing marai aku cilik ati, wedi, isin.</i>	√					<p>Cilik ati, wedi, isin menika tembung katrangan ingkang nerangaken <i>kata sifat</i>.</p>	<p>Tembung cilik ati, wedi, isin menika kalebet <i>kolokasi umum</i> amargi taksih wonten ing setunggal <i>jaringan</i> inggih menika ngandharaken sifat utawi watak setunggaling tiyang.</p>
91.	<i>Kahanan kaya ngono kagawa tekan pasrawungan. Karo wong sing luwih tuwa basane isih plethat plethat ora genah. Ya bener ngendikane para sepuh yen cah enom jaman saiki wis ora ngerti Jawa. Wong Jawa ilang Jawane.</i>				√		<p>Wong Jawa ilang Jawane menika tembung katrangan ingkang nerangaken <i>kata sifat</i>.</p>	<p>Wong Jawa ilang Jawane menika kalebet kolokasi khusus inggih menika setunggaling unen-unen Jawi ingkang ngandharaken tiyang Jawi ingkang sampun boten nguri-uri budayanipun saengga sampun boten tepang kaliyan budaya.</p>
92.	<i>Bali saka ngangsu krawuh ing Yogyakarta, aku langsung ngadhepi majalah Djaka Lodang kang mentas wae diterke dening Pak Viktor. Wiwit taun 2005 tekan seprene kulawargaku isih setya langganan Djaka Lodang. Adate yen ana majalah teka, aku langsung mbukak kaca telu sing isine</i>	√					<p>Majalah Djaka Lodang, daftar isi, judhul cerkak “Mahendra”, cerkakku menika tembung katrangan</p>	<p>Majalah Djaka Lodang, majalah, kaca telu, daftar isi, judhul cerkak “Mahendra”, kaca rongpuluh, cerkakku. Saking paragraf menika kalebet <i>kolokasi umum</i> amargi tembung ingkang dipunginakaken menika gampang</p>

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
	<i>mung daftar isi. Perlune aku nggoleki kasil tulisanku dipacak apa ora ing minggu iki. Saka larik ndhuwur tekan ngisor dakurutake kanthi taliti, banjur aku nemokake judhul cerkak "Mahendra". Daktiliki kaca rongpuluh. Aku jingklak-jingklak seneng dene cerkakku kamot minggu iki. Aku mlayu nyedhaki ibuku kang lag lenggahan nang teras.</i>						ing kang kalebet tembung aran. Kaca telu, kaca rongpuluh menika tembung katrangan ing kang kalebet tembung wilangan.	dipunmangertosi saha taksih gegayutan antawisipun tembung setunggal kaliyan tembung sanesipun inggih menika nedahaken babagan ing kang wonten ing setunggaling kalawarti.
93.	<i>"Iya, kowe kudu sregep maca maneh. Aja lali marang budaya Jawa. Ing seratan-seratan naskah Jawa utawa ing tembang macapat akeh tinemu pitutur luhur kang perlu kokugemi."</i>					√	Budaya Jawa, seratan-seratan naskah Jawa, tembang macapat, pitutur luhur menika tembung katrangan ing kang kalebet tembung aran. Kudu sregep maca menika katrangan minangka penunjuk modalitas kangge nerangake ukara.	
94.	<i>"Iya, kowe kudu sregep maca maneh. Aja lali marang budaya Jawa. Ing seratan-seratan naskah Jawa utawa ing tembang macapat akeh tinemu pitutur luhur kang perlu kokugemi."</i>					√		Budaya Jawa, seratan-seratan naskah Jawa, tembang macapat, pitutur luhur menika babagan ing kang wonten ing budaya Jawi, saengga tembung-tembung menika kalebet kolokasi budaya.

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
95.	“ <i>Inggih, Bu. Kula lingsem geneya rumiyin boten saged nresnani basa Jawa kanthi ngathah-ngathahi nyerat ngagem basa Jawa menapa malih guneman ngagem basa Jawa ingkang leres.</i> ”	√					Nyerat ngagem basa Jawa, guneman ngagem basa Jawa menika tembung katrangan ingkang kalebet tembung kriya.	Saking paragraf menika tembung-tembung nyerat ngagem basa Jawa, guneman ngagem basa Jawa menika kalebet <i>kolokasi umum</i> amargi tembung ingkang dipunginakaken menika gampil dipunmangertosi saha taksih gegayutan antawisipun tembung setunggal kaliyan tembung sanesipun inggih menika nedahaken katrampilan berbahasa.
96.	<i>Ing sawijining dina, aku nyuwun tetimbangan ibu gegayutan karo tulisan anyarku kang judhule Sasmita. Ing kono diceritakake ana bocah kang ora duwe bapa biyung nanging dheweke nduweni kaluwihan bisa maca apa kang bakal dumadi. Ngendikane ibu tulisan iki wis apik. Nanging aku durung marem yen durung tak waca wola-wali. Aja nganti kebacut kamot nanging tembunge isih akeh sing kleru kang ndadekake isin. Pengalaman sing uwis kalakon mugia dadi penget supaya luwih trampil ngolah basa budi daya lestarine basa Jawa.</i>					√	Trampil ngolah basa budi daya lestarine basa Jawa menika tembung katrangan ingkang kalebet tembung kriya.	
<i>Adityawaran, Danar. 2013. “Sabar Sawetara”. Djaka Lodang No. 17.</i>								
97.	<i>Wis limang taun iki, aku ditugaske minangka guru SMP Negeri ing ereng-ereng Gunung Merbabu. Dadi guru pancen cita-citaku wiwit cilik, mula nalika ditugasake sepisanan, adohe</i>	√					Ditugasake, ditugaske minangka guru SMP menika tembung katrangan	

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
	<i>kaya ngapa tetep daklakoni kanthi iklas lan seneng.</i>						ingkang kalebet tembung kriya.	
98.	<i>Yen wektu aku bali Ungaran, bapak lan ibu bola bali ngendika durung lega penggalihe yen awakku isih legan, sanajan wis diangkat dadi PNS.</i>	√					Diangkat dadi PNS menika katrangan ingkang nerangaken kahanan inggih menika kata sifat.	Tembung diangkat wonten ing ukara menika kalebet kolokasi unik. Diangkat ingkang dipunkarepaken menika sanes diangkat kados barang utawi babagan sanes ananging diangkat wonten ing ukara menika tegesipun 'dipun tetepaken'. Saengga diangkat dadi PNS menika tegesipun sampun dipun tetepaken dados PNS wonten ing setunggaling wilayah.
99.	<i>Biyen, aku nate sesambungan raket karo wanita. Novi jenenge. Kanca kuliahku ing Jurusan Bahasa Jawa UNNES. Kira-kira meh limang taunan anggonku sambung raket karo Novi. Malah aku wis ndadekake Novi kanca uripku salawase. Amarga aku dadi GTT sawijining SMA swasta ing Semarang lan honore isih sethithik, kanggo mangan lan bayar kos wae isih kurang, mula bukane sing nyebabake Bapake Novi ora nyarujuki yen sesambungan iki diterusake.</i>			√			Ing Jurusan Bahasa Jawa UNNES, SMA swasta ing Semarang menika katrangan papan. Meh limang taunan menika katrangan minangka <i>penunjuk keakanan</i> kangge nerangake ukara.	
100.	<i>Wulan Desember wingi, aku dikenalake karo ponakane Pak Kos. Nanging bocahe ora gelem yen dadi bojone guru. Ya wis, aku ya sumeleh. Jaman saiki pancen angel golek wanita kang isa dijak urip rekasa. Uztadz Zainal, kanca pengajian</i>			√			Wulan Desember wingi menika katrangan minangka <i>penunjuk waktu</i> kangge nerangake	Pak kos, guru, uztadz, Kepala Sekolah SD menika kalebet <i>kolokasi register</i> . Tembung-tembung Pak kos, guru, uztadz, Kepala Sekolah SD menika kalebet wonten ing setunggaling jaringan

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
	<i>Ahad pagi uga nate ngenalake santrine ngaji marang aku. Sejatine santrine mau ya manut wae. Nanging amarga dak tinggal penataran telung minggu ing Solo, bocahe malah dilamar karo putrane Kepala Sekolah SD sing daleme sadesa. Atiku tambah ajur.</i>						ukara. Pak kos, guru, uztadz, Kepala Sekolah SD menika katrangan ingkang nerangaken tembung aran.	inggih menika jinising padamelan utawi profesi.
101.	<i>Petugas Puskesmas pancen trengginas, apa maneh doktere wah katone ora mung terngginaas nanging uga merak ati.</i>				√		Merak ati menika katrangan ingkang nerangaken kahanan inggih menika <i>kata sifat</i> .	Tembung merak ati menika kalebet <i>kolokasi khusus inggih menika idiom</i> inggih menika nggambaraken watakipun tiyang. Merak ati menika tegesipun gadhah sopan santun anggenipun berbusana, berbicara, saha luwes tindak tandukipun.
102.	<i>Mara-mara ati iki krasa beda, ora kaya nalika ketemu wanita-wanita liyane. Apa iki sing diarani lagi ketaman asmara?</i>				√		Ketaman asmara menika katrangan ingkang nerangaken kahanan inggih menika <i>kata sifat</i> .	Ketaman asmara menika kalebet kolokasi khusus inggih menika unen-unen Jawi ingkang nggambaraken tiyang ingkang nembe katresnan utawi <i>jatuh cinta</i> .
103.	<i>Jebule saliyane ayu, priyayine ya semanak, ora jaim istilahe muridku saiki.</i>	√					Ayu, priyayine ya semanak, ora jaim menika katrangan ingkang nerangaken kahanan inggih menika <i>kata sifat</i> .	Tembung ayu, priyayine ya semanak, ora jaim menika kalebet <i>kolokasi umum</i> amargi taksih wonten ing setunggal <i>jaringan</i> inggih menika ngandharaken sifat utawi watak setunggaling tiyang.
104.	<i>Annisa katon teges anggone nyauri pitakonku. Lagi iki aku ora bisa guyon lan nyelelek, serius</i>	√					Ora bisa guyon lan nyelelek, bingung	

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
	<i>tenan. Siji bingung dhaerahe, loro bingung sejatine Annisa kuwi sapa, lan aku uga bingung aku dijak neng Cepu arep kon ngapa?</i>						menika katrangan ingkang nerangaken kahanan inggih menika <i>kata sifat</i> . Ora bisa menika katrangan minangka <i>penunjuk negasi</i> kangge nerangake ukara.	
105.	<i>Annisa ngakon aku mlebu omah gedhong kang kanggo praktek dokter spesialis anak sing jebule bapake. Ora dadi mari anggonku bingung lan nggumun, nanging malah dadi kaya wong linglung. Iki omah apa kraton?</i>	√					Bingung lan nggumun, linglung menika katrangan ingkang nerangaken kahanan inggih menika <i>kata sifat</i> .	
106.	<i>“Mas Dani, aku arep takon marang sliramu?” bapake Annisa miwiti pangandikane ing ruangan keluarga kang tinata edi peni.</i>				√		Edi peni kalebet tembung saroja minangka katrangan ingkang nerangaken kahanan rasa indra. Arep takon menika katrangan minangka <i>penunjuk keakanan</i> kangge nerangake ukara.	

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
107.	<i>"Nyuwun sewu, wigatos punapa menika?" esemku langsung ilang sanalika.</i>		√				Nyuwun sewu menika katrangan ingkang nerangaken kahanan rasa ati.	Nyuwun sewu menika kalebet kolokasi unik. Keunikan menika wonten ing tembung nyuwun 'meminta', tembung nyuwun menika tegesipun boten nyuwun arta, nyuwun semu menika boten sami kaliyan nyuwun arta setunggal ewu ananging kalebet tembung amit-amit.
<i>Anonim. 2013. "Keduwung". Djaka Lodang No. 18.</i>								
108.	<i>Sampean kok wes mung meneng amem.... kaya ora mikir. Apa pancen wes emoh mikir maneh kang, wis selak saka kanyataan iki kang?</i>				√		Meneng amem menika katrangan ingkang nerangaken kahanan inggih menika kata sifat.	Meneng amem menika kalebet tembung saroja tegesipun mbisu, boten ngendika menapa-menapa, meneng cep.
109.	<i>Krungu sing lanang nyenggol nakokake anake lanang, Partini bali nangis meneh. Pramudjo unjal ambegan landhung.</i>						Unjal ambegan menika tegesipun ngirup napas minangka katrangan ingkang nerangaken kahanan rasa indra.	
<i>Mbah Met. 2013. "Kandhane Sari". Djaka Lodang No. 19.</i>								
110.	<i>Jare ngono kuwi dawa umure, lagi wae ditakokake, ujug-ujug teka njedhus.</i>				√		Dawa umure menika katrangan ingkang nerangaken kahanan ukuran.	Dawa umure menika kalebet tembung entar, tegesipun inggih menika gesangipun ngantos dangu.

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
111.	<i>Geguyonan kuwi kudu mandheg, awit neng ruwang kuwi keprungu swara HP tandha sms mlebu. Pranyata sing muni HP-ne Kuncoro kang glumethak ana meja tulis, kaseleh ana pojok ruwangan kuwi.</i>	√					<p>HP menika tembung katrangan ingkang kalebet tembung aran.</p> <p>Kudu mandheg menika katrangan minangka <i>penunjuk modalitas</i> kangge nerangake ukara.</p>	<p>HP tandha sms mlebu ukara menika kalebet kolokasi umum amargi wonten ing jaman samenika ukara HP tandha sms mlebu sampun saged dipunmangertosi tegesipun sanajan boten dipunandhareken rumiyn.</p>
112.	<i>Karo ngrasakake pikiran kang bingung. Mula Herlina uga langsung takon ana warta piye? Karo ngrasakake pikiran kang bingung, Kuncoro crita marang sing wadon menawa iki mengko Jatmiko ora bisa teka, awit kudu nunggoni kanthi ndadak, ibune sing lagi mlebu lan diopname neng rumah sakit Ponorogo.</i>	√				<p>Tembung diopname menika katrangan ingkang nerangaken tembung kriya.</p> <p>Kudu nunggoni menika katrangan minangka <i>penunjuk modalitas</i> kangge nerangake ukara.</p>	<p>Tembung diopname sanajan sanes tembung saking basa Jawi asli ananging tembung diopname menika saged dipunmangertosi tegesipun inggih menika rawat inap wonten ing griya sakit.</p>	
113.	<i>Kanthi kawiwitan nata ati lan tembung kang arep dikandhakake marang Sari, Kuncoro miwit rembugan kanthi njaluk pangapura marang Sari. Sing dijak rembugan rada kaget, yagene, Kuncoro ndadak nganggo njaluk ngapura barang.</i>		√			<p>Nata ati menika katrangan ingkang nerangaken kahanan rasa ati.</p> <p>Arep dikandhakake menika katrangan minangka <i>penunjuk keakanan</i> kangge nerangake ukara.</p>	<p>Nata ati kalebet kolokasi unik amargi tegesipun menika sanes</p>	

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
<i>Susanto, Budi. 2013. "Meper Tiba Bener". Djaka Lodang No. 20.</i>								
114.	<i>Ngayogyakarta mujudake kutha pelajar, nyata kondhang kaonang-onang tekan saindening Nuswantara. Kalebu aku tansah bersyukur, dene kekarpanku kuliah ana Yogya bisa kaleksanan. Dhasar ketampa ana Universitas Negeri, kanthi njupuk Fakultas Teknik jurusan Arsitek. Bapak ibuku melu seneng, saengga siap nragati teken rampung sarjana.</i>			√			Kutha pelajar, kuliah ana Yogya, Fakultas Teknik jurusan Arsitek menika katrangan ingkang nerangaken papan panggenan.	Kutha pelajar, kuliah ana Yogya, kuliah ana Yogya, Fakultas Teknik jurusan Arsitek menika kalebet kolokasi register inggih menika tembung ingkang dipunginakaken wonten ing jarngan pendhidhikan (kuliah).
115.	<i>Tambah dina, tambah sasi tansah lancar nggonku nampa pelajaran. Racake para mahasiswa iku, sinambi mikirake wektu tembe mburin, yaiku mbangun bale wisma</i>				√			Bale wisma tegesipun mbangun omah-omah.
116.	<i>Tambah dina, tambah sasi tansah lancar nggonku nampa pelajaran. Racake para mahasiswa iku, sinambi mikirake wektu tembe mburin, yaiku mbangun bale wisma. Mula wus samestine karo golek jodho sing sak level. Nyambi-nyambi nyawang, sing tak goleki mahasiswi. Angger ana sing ayu, tak cedhaki, terus kenalan.</i>			√			Pelajaran, mahasiswa, mahasiswi menika tembung katrangan ingkang kalebet tembung aran.	Pelajaran, mahasiswa, mahasiswi menika kalebet kolokasi register inggih menika tembung ingkang dipunginakaken wonten ing jarngan pendhidhikan (kuliah).
117.	<i>Ning ora suwe nggonku ketemu, arepa disuguh wedang teh, gek le arep crita ngalor ngidul ki kepiye, wong aku klebu wong meneng, pendiam, tur ngadhepi wong wadon ki isih kaku, lugu. Neg Nida ngono rada agresip.</i>			√			Wong meneng, pendiam, tur ngadhepi wong wadon ki isih kaku, lugu, rada agresip menika katrangan	Wong meneng, pendiam, tur ngadhepi wong wadon ki isih kaku, lugu, rada agresip menika kalebet sikap sipating tiyang.

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
							ingkang nerangaken kahanan inggih menika <i>kata sifat</i> . Arep crita menika katrangan minangka <i>penunjuk keakanan</i> kangge nerangake ukara.	
118.	<i>Nida nerangake neg dheweke tak goleki, pokoke GR tenan. Ngerti aku kanca kuliah neng UGM, kanggone Nida banget olehe kebeneran, bisa Gunawan kuwi didadekake mak comblang.</i>				√		Mak comblang menika tembung ingkang kalebet tembung aran.	Mak comblang menika tegesipun prantara ingkang manggihaken kaliyan pasangan.
119.	<i>Nanging aku ora ngono, dhasar kurang seminggu maneh ana ujian semester, aku kudu meper apa wae kelevu ora mikir cewek, ora nonton film. Anane mung sinau, awit peraturane abot tenen. Saiki nganggo system kredit IP ne kudu 2,5. Pas minggu tenang, ora ana kegiatan kuliah, wektu esuk tak gunakake kanggo sinau ana perpustakaan pusat. Sinau gek separo, lagi kira-kira rong jam, aku dijawab Gunawan, nganti aku kaget merga lagi konsentrasi latihan nggarap soal ujian.</i>			√			Ujian semester, minggu tenang, menika katrangan minangka <i>penunjuk kangge nerangake ukara.</i> kegiatan kuliah, sinau, latihan nggarap soal ujian menika katrangan ingkang nerangaken tembung kriya. Perpustakaan pusat menika katrangan	Ujian semester, kredit IP ne kudu 2,5, minggu tenang, kegiatan kuliah, sinau, perpustakaan pusat, latihan nggarap soal ujian menika kalebet kolokasi register inggih menika tembung ingkang dipunginakaken wonten ing jarngan pendhidhikan (kuliah).

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
							ingkang nerangaken papan panggenan. Kredit IP ne kudu 2.5 menika tembung katrangan ingkang kalebet tembung wilangan.	
120.	<i>Nyetater Honda GL Pro, njujug Demangan. Tekan kos wis dipethukake Nida. Dheweke katon besus, murah senyum, jan ayu tenan, kamangka gandane wangi.</i>				√		Murah senyum menika katrangan ingkang nerangaken kahanan inggih menika <i>kata sifat</i> .	Murah senyum menika tegesipun sumeh, kathah senyum.
121.	<i>Nyetater Honda GL Pro, njujug Demangan. Tekan kos wis dipethukake Nida. Dheweke katon besus, murah senyum, jan ayu tenan, kamangka gandane wangi.</i>	√					Katon besus, murah senyum, ayu tenan menika katrangan ingkang nerangaken kahanan inggih menika <i>kata sifat</i> .	Katon besus, murah senyum, ayu tenan menika kalebet sipating tiyang.
122.	<i>Percumah lehe ibu direwangi gemi, kulakan sandhangan nang Pasar Klewer, mangkat subuh, sikil tak nggo sirah, sirah tak nggo sikil mung mikirke kowe. Bapakmu gajian ora akeh, ya mung entek kanggo sapa?</i>				√		Sikil tak nggo sirah, sirah tak nggo sikil menika katrangan ingkang nerangaken wosipun ukara.	Sikil tak nggo sirah, sirah tak nggo sikil menika setunggaling ungkapan tiyang jawi ingkang tegesipun nyambut damel ingkang sanget (kerja keras).
<i>Pambayun, Gesang. 2013. "Tinimbang". Djaka Lodang No. 21.</i>								
123.	<i>Kanggo sangu kendelku nglamar Hartini, mula aku nyambut gawe mepeng rina klawan wengi.</i>				√		Rina klawan wengi menika katrangan	Rina klawan wengi menika ungkapan tegesipun siyang ndalu.

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
							ingkang nerangaken wosipun ukara.	
124.	<p><i>Awan kuwi aku kepengin bali saka Yogya menyang Madiun numpak sepur. Sajege aku kuliah ana Yogya ya lagi iki aku kepengin bali tilik Madiun, kanthi nunut sepur. Numpak bus kuwi saka rumangsaku luwih cepet tekane ngenggon. Nalika aku lagi lungguh ngenteni tekane sepur sing saka kulon, ing peron stasiun Lempuyangan, Yogya, ana Kenya takon marang aku.</i></p> <p><i>“Mas, kreta saka Bandung apa wis liwat?”</i></p>			√			<p>Numpak sepur, nunut sepur, numpak bus menika katrangan ingkang nerangaken tembung kriya.</p> <p>Ngenteni tekane sepur sing saka kulon menika katrangan minangka <i>penunjuk waktu</i> kangge nerangake ukara.</p> <p>Peron stasiun Lempuyangan menika katrangan ingkang nerangaken papan panggenan.</p> <p>Kreta menika tembung katrangan ingkang kalebet tembung aran.</p>	<p>Numpak sepur, nunut sepur, numpak bus, tekane sepur sing saka kulon, peron stasiun Lempuyangan, kreta menika tembung ingkang dipunginakaken nalika pangandikan wonten ing stasiun.</p>

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
125.	<i>Ateges tresnaku marang Hartini, dudu tresna keplok tangan sesisih. Yen ngono kuwi, tresnaku lan tresnane Hartini, yen ditimbang, genah padha abote.</i>				√		<p>Tresna menika katrangan ingkang nerangaken kahanan rasa ati.</p> <p>Tresna keplok tangan sesisih menika katrangan ingkang nerangaken kahanan rasa indra.</p>	Tresna keplok tangan sesisih menika ungkapan ingkang tegesipun tresna kaliyan tiyang sanes ananging tiyang menika boten tresna kaliyan piyambakipun.
126.	<i>Tinimbang Hartini selak keladuk tuhu marang pilihane wong tuwa, mula kanthoi asilku nyambut gawe minangka kuli tinta kanggo Koran, aku wani nglamar Hartini.</i>				√		<p>Kuli tinta menika tegesipun wartawan.</p> <p>Kuli tinta menika katrangan ingkang nerangaken tembung kriya.</p>	Kuli tinta menika tegesipun wartawan.
<i>Eswe Sidi. 2013. "Godhaning Asara". Djaka Lodang No. 22.</i>								
127.	<i>Nalika Gatot Priambodo kirim layang isi rayuan-rayuan gombal khas ABG. Wektu kuwi Yuli isik kelas loro SMA, Gatot Priambodo kelas telu.</i>	√					<p>Kelas loro SMA, kelas telu menika tembung katrangan ingkang kalebet tembung aran.</p>	Kelas loro SMA, kelas telu menika tembung ingkang gampang dipun mangertosi wonten ing masyarakat saengga kalebet kolokasi umum.
128.	<i>Seminggu sepisan Yuli nampa layang saka priya nggantheng iku. Jaman semana durung ana HP. Dadi durung ana bel-belan apa dene SMSan. Adate layang iku dawa banget. Telu tekan limang halaman kertas suwekan saka buku skrip.</i>	√					<p>HP, bel-belan, SMSan menika tembung katrangan ingkang kalebet tembung aran.</p>	HP, bel-belan, SMSan tembung-tembung menika kalebet kolokasi umum amargi wonten ing jaman samenika tembung-tembung HP, bel-belan, SMSan sampun saged dipunmangertosi tegesipun sanajan

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
								boten dipunandhareken rumiyn.
129.	<i>“Ha...ha...ha...pacar lama, ya? Oh, dudu. Aku iki Gatot Priyambodo Fakultas Biologi UGM, sekolahku biyen SOBMA!”</i>			√			Fakultas Biologi UGM menika katrangan ingkang nerangaken papan panggenan.	Fakultas Biologi UGM menika kalebet kolokasi register inggih menika tembung ingkang dipunginakaken wonten ing jarngan pendhidhikan (kuliah).
130.	<i>Obrolan lumantar facebook iku kawitane biasa-biasa wae. Suwe-suwe mecungul tembung-tembung mesra, asmara. Kaya ABG wae. Telung jam rasane kaya telung menit.</i>				√		Telung jam rasane kaya telung menit menika katrangan ingkang nerangaken kahanan jarak.	Telung jam rasane kaya telung menit menika kalebet ungkapan
131.	<i>Widodo, garwane Yuli sing ngasta pinangka kepala sawijining BUMN, lagi tugas luar kota. Dene anak-anake sing mung loro, lanang wadon lagi padha sekolah. Sijine isih TK diterake pembantune. Sijine wis SMP.</i>		√				Kepala sawijining BUMN menika tembung katrangan ingkang kalebet tembung aran.	Tembung kepala wonten ing ukara menika tegesipun sanes sirah utawi mustaka, ananging tegesipun inggih menika tiyang ingkang dados pemimpin wonten ing setunggaling papan pagawean.
132.	<i>Hemm, wong iki nggungguh kremi turu sing wis puluhan taun “ngandhang” ing pojok atine. Mas Gatot sing nakal, playboy, layang-layange romantis, juwara kelas, jago voley, ah kabeh bali ing wewayangane.</i>				√		Nggungguh kremi turu sing wis puluhan taun “ngandhang” ing pojok atine menika tembung katrangan ingkang minangka wasesa wonten ing ukara menika.	

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
133.	<i>Hemm, wong iki nggungah kremi turu sing wis puluhan taun “ngandhang” ing pojok atine. Mas Gatot sing nakal, playboy, layang-layange romantis, juwara kelas, jago voley, ah kabeh bali ing wewayangane.</i>						Nakal, playboy, layang-layange romantis, juwara kelas, jago voley menika katrangan ingkang nerangaken kahanan inggih menika kata sifat.	
134.	<i>Mas Gatot ngajari gawe puisi banjur dikirim ing majalah remaja, banjur honore diubal-ubal kanggo nraктиr jajan bakso, es tape, tahu susur, mak bedengus mara ing “ruang” sing sasuwene iki wus diisi dening Widodo lan bocah loro anak-anake.</i>			√			Jajan bakso, es tape, tahu susur menika tembung katrangan ingkang kalebet tembung aran.	Jajan bakso, es tape, tahu susur menika kalebet kolokasi register inggih menika tembung ingkang dipunginakaken wonten ing jaringan jajanan utawi dhedharan.
135.	<i>“Ah, no problem. Pokoke aku kepengin jumpa dharat karo sliramu. Ra peduli. Apa sliramu wis anak-anak loro, telu, wolu apa sanga. Nyatane ayumu isih ngluwahi Luna Maya!”</i>				√		Jumpa dharat menika katrangan ingkang nerangaken tembung kriya.	Jumpa dharat tegesipun ketemu utawi kepanggih.
136.	<i>“Ha iya teori ne ngono. Saiki rak kari praktik, he, he, he,…” Banjur sepi. Omah gedhe magrong-magrong kanthi pekarangan bawera iku dadi nyenyet. Ing angkasa ana lelagon asmara tanpa suwara.</i>				√		Asmara tanpa suwara menika katrangan ingkang nerangaken kahanan rasa indra.	
137.	<i>“Ajeg, Mung tambah abot tugase. Lha iki ora krungu gludug kok ngerti-ngerti omahku kesokan banyu sewindu. Ana priyagung rawuh.”</i>				√		Ora krungu menika katrangan minangka penunjuk negasi	

Tabel Analisis salajengipun

No.	Deskripsi	Jenis Kohesi Leksikal Kolokasi					Fungsi Kohesi Leksikal Kolokasi	Keterangan
		1	2	3	4	5		
							kangge nerangake ukara.	

Keterangan:

Jinis kohesi leksikal kolokasi:

1. *sanding kata umum,*
2. *sanding kata unik,*
3. *sanding kata register,*
4. *sanding kata khusus,*
5. *sanding kata budaya tartamtu*

Fungsi kohesi leksikal kolokasi:

1. tembung katrangan ingkang nerangaken tembung kriya,
2. tembung katrangan ingkang nerangaken kata sifat:
3. tembung katrangan ingkang nerangaken *nomina* ingkang minangka wasesa utawi *predikatif*,
4. tembung katrangan ingkang neranaken katrangan wonten ing ukara,
5. tembung katrangan ingkang nerangaken tembung wilangan.